Kedua istri Ranggalawe menghadap Raja, lalu mencium kaki. Setelah itu mendekati jenasah suaminya yang disemayamkan di tengah balairung yang luas. Selimut kain hijau dibuka. Nampak jenasah sang suami, terbujur kaku namun nampak garang dan gagah. Mati membawa cinta kasihnya. Mertaraga dan Tirtawati lalu membungkuk, mencium jenasah tersebut dengan hati remuk redam. Terdengar sebentar sedu sedannya dengan suara kata-kata tersendat, ucapan belasungkawanya. Setelah itu mereka menusukkan keris masing-masing ke dada. Keduanya segera jatuh menggeletak di arah kaki sang suami, tak bernyawa lagi.

Tak lama setelah itu ketiga jenasah disucikan, lalu dibajar dalam sebuah pancaka. Abunya dibuang ke laut. Hilang jasad Ranggalawe bersama dua istrinya, mengiringi nyawa mereka yang muksa ke sorga abadi.

Usai sudah semuanya, selamat atak ada yang mengecewakan lagi. Arya Adikara dan Ki Ageng Palandhongan segera kembali ke Tuban. Raja Wijaya pun masuk istana. Tenang sudah keadaan negara, semua persoalan sudah teratasi. Kini tinggal membulatkan tekad untuk menempuh pembangunan menuju jaman kejayaan dan mulia.

Ada kalanya kurban yang cukup banyak itu menimbulkan angan mengharukan bagi Panji Wijaya. Seakan-akan bagai

dalam mimpi belaka. Tapi angan seperti ini tentu hanya akan memperlambat kerja dan merupakan godaan belaka. Semua sudah takdir yang harus dijalani menurut suratan nasibnya sendiri-sendiri.

Dalam keadaan tenang seperti ini barulah Raja Panji Wijaya mempunyai waktu untuk memupuk cinta dan kasihnya kepada dua istrinya, Dara Petak dan Dara Jingga. Hari-hari diisinya dengan cumbu rayu dan suasana syik-masyuk. Namun begitu tugas utamanya sebagai Raja yang mengemban amanat dari segenap warganya tak pernah dilupakan. Raja Panji Wijaya benar-benar mengalami kebahagiaan. Tak pernah lagi ada kesulitan atau huru-hara terjadi. Menteri dan orang-orang andalannya, mematuhi kewajiban masing-masing.

Tak lama kemudian, perkawinannya dengan Dara Petak membuahkan hasil. Raja memiliki seorang putra yang tampan rupanya, gagah tampangnya. Putra pertama itu bernama Raden Kalagemet. Berganti tahun disusul datangnya seorang putra lagi yang diberi nama Raden Kuda Amerta.

Adapun dari istri yang kedua, Dewi Dara Jingga Raja juga memiliki seorang putra lelaki. Rupanya juga tampan tak kalah dengan kedua kakaknya yang lahir terdahulu. Putra dari Dara Jingga ini diberi nama Raden Cakradara.

Semakin makmur dan sejahtera keadaan negeri Majapahit. Pemerintahan semakin kuat. Atas perkenannya, maka Raja akan berganti gelar yakni menjadi Sri Wijaya Rajasa. Nama itu kemudian masyhur di seluruh negeri bahkan sampai di luar wilayah, sebagai titisan Narasinga. Pemakaian gelar itu ditandai dengan sebuah sengkalan atau sesebutan tahun: rasa rupa dwi candra, yang berarti tahun 1216. Rasa artinya rasa (perasaan) bermakna angka 6, rupa berarti rupa atau ujud, bermakna angka 1, dwi artinya dua, bermakna angka 2, sedangkan candra artinya bulan, bermakna angka 1. (Singkelan tahun selalu dibaca dari belakang. Jadi berarti tahun 1216).

Ketika para putra itu sudah menginjak dewasa, maka Raden Cakradara diwisuda menjadi pejabat tinggi yang beristana

di Kediri, sedangkan Raden Kuda Amerta diwisuda menjadi pejabat tinggi di Kahuripan. Semua memerintah wilayah kekuasaan masing-masing dengan sejahtera dan sentosa.

Tercerita Arya Wiraraja yang berada di Tuban, merasa sedih dan pedih hati. Maka dia lalu menghadap Raja Rajasa Wijaya untuk meminta ganjaran atau pahala seperti yang dijanjikan dulu. Raja pun memenuhi ucapannya. Maka Arya Wiraraja diberikan wilayah bumi sebelah selatan dan timur kerajaan sampai dusun Pasir. Hutan dan segala sungai menjadi kekuasaan sang Ardaraja.

Setelah ganjaran itu diterima maka Ardaraja menjadi gembira hati. Cucunya, anak tinggalan Ranggalawe menetap di Tuban dan mewarisi menggantikan kedudukan almarhum ayahnya, menjadi Adipati di sana, yakni Kuda Anyampiani.

Kembali kepada Raja Majapahit, Rajasa Wijaya, memerintah kerajaan dengan bijaksana dan adil. Seluruh warga menghormat dan kasih kepada junjungannya. Sampai saatnya tiba ajalnya, dan seluruh kerajaan berkabung. Peristiwa itu terjadi di tahun 1251. Adapun yang kemudian menggantikan kedudukan, sebagai raja adalah putra sulungnya Raden Kalagemet. Raja ini bergelar dengan nama Sri Rajasa Kertanagara, mirip gelar ayahandanya yang bijaksana dan telah almarhum. Negara tetap tenteram dan sejahtera.

SERAT RANGGALAWE

Babon Serat Basa Jawi Kina Tengahan

KATRANGAN SAPERLUNIPUN

Serat Ranggalawe punika teturutan saking serat Ranggalawe basa kina tengahan. [1] Pandhapukipun dipun gaken kaliyan babon, namung mawi ngringkes utawi mbucali ingkang sakinten kirang perlu, punapa malih ngruntutaken perangan ingkang kirang laras.

Ingkang kacariyosaken ing serat Ranggalawe punika, bilih kagathukaken kaliyan serat Babad Tanah Jawi, karanganipun nyonyah W. Fruin-Mess wedalan Bale Pustaka seri no. 328 radi wonten sulayanipun sawetawis. Kasebut ing Babad Tanah Jawi jilid I kaca 135, ingkang nama Ranggalawe punika sanes anakipun sang adipati Wiraraja, punika punggawanipun raden Wijaya, panunggilanipun sang Sora, Medhang tuwin Dangdhi. Malah ingkang nama sang Nambi ingkang dipun angkat dados pepatihipun raden Wijaya sareng sampun jumeneng nata ing Majapait, saha ingkang nama Gajah Pagon, punika anakipun sang Wiraraja.

Dene putranipun raden Wijaya ingkang sami kajumenengaken nata wonten ing nagari Koripan tuwin ing Daha, kasbut ing serat Ranggalawe, sami kakung sadaya, ingkang wonten ing Daha nama raden Cakradara, ingkang wonten ing Koripan nama raden Kuda Amerta. Ing Babad Tanah Jawi jilid I kaca 152 nyariyosaken putra ingkang sami kajumenengaken nata wau, putri sadaya, satunggal nama Sri Gitarja, jejuluk Sri Tribuwanottunggadewi Jaya Wisnu Wardani, ingkang lajeng misuwur sanget nama Bre Kauripan = Sang Minulya ing Kauripan, tuwin satunggilipun nama dyah Wiyat, lajeng nama Sri Rajasadewi Maharajasa, misuwur nama Breng Daha.

---

1) inggih punika serat RANGGA LAWE. Middeljavaansche Historische Roman critisch uitgegeven door Prof. Dr. C. C. Berg Bibliotheca Javanica I, uitgegeven door het Kon. Bat. Gen. van Kunsten en Wetenschappen. Weltevreden 1930.

Menggah cariyos sanes-sanesipun, jejeripun meh sami kemawon, dados anggenipun Bale Pustaka ngedalaken serat Ranggalawe punika ing pangangkah sageda dados ular-ular murih jembaring tebanipun para marsudi saha mewahana kathahing serat waosan tilaran jaman kina, ingkang perlu kasumerepan ingakathah.

I. JUMENENGIPUN PRABU KERTANAGARA, NATA ING NAGARI TUMAPEL

DHANDHANGGULA

1. Awigenam astu amurwani, pamanguning serat kekidungan, caritaning Ranggalawe, kang nalika ingapus, nuju ari ing wrahaspati, mrakeh mangsa kalima, de sangkalanipun, datan nedya ingawahan, yeku mungel: Wisnu arta trayo dasi, kang mangka bubukanya.
2. Ratu mudha prawira dimurti, kang jumeneng Tumapel nagara, Kertanagara juluke, kacarita sang prabu, darbe putri endah kakalih, sampun pinacang-pacang, wit sangkaning timur, arsa den dhaupken lawan, dyan Wijaya puniku kaleres rayi, mindhowanireng nata.
3. Sang kusuma wus rumaja putri, kalihira sulistya ing warna, sayekti yen tanpa tondhe, lir hyang-hyanging raras rum, dene wau risang pinekik, radyan Jaka Wijaya, sru sinuhun-suhun, minule mring wadya bala, kabeh samya jrih asih terusing ati, prasasat sakadhatyan.
4. Wonten kalih ingkang madeg aji, dyan Wijaya wulan pamaneka, ya ta kang mangka suryane, raka jeng sang aprabu, pan mangkana idheping dasih, kocapa sri narendra, kadarpeng tyas limut, lamun surya tan kenora, tamtu surup wancine silem mring wukir, ketang mung arsayeng tyas.
5. Datan darwa paramarta asih, tan ngasrepi manahing punggawa, myang wandu wandawa dene, dedana tan kinayun, dahat suka amematrapi, andhawahken ukuman, murkangkara tinut lah ta sri Kertanagara, kontap ing rat inggih ugi abebisik, sang prabu Siwah Buda.
6. Ingkang dadya warangka narpati, apeparab empu Raganata, kuciwa wus werda mangke, mumpuni agal alus, limpad ingkang weweka titi, gunawan wicaksana, tansah dennya

matur, tur pepenget mrih widada, lestarining pura myang arjaning nagri, saking sih sungkemira.

7. Ngaturaken tuladan ing nguni, caritanya Sri Singalanggala, Cayapurusa juluke, kalawan malihipun, lelabetanira sang aji, prabu Laksmikirana, ratu kalih wau, pra sami ingalembana, marma mangke mahyakken saraseng kapti, dadia lelimbangan.

8. Nging sadaya ature kya patih, tan dhinahar malah asmu ewa, mung ngubyungi indriyane, kang murang silarja yu, mungkur kramanireng narpati, kweh atur tan pinyarsa, mangkin dadya rengu, bebasanira sri nata, kadyangganing silulub talaga juti, liwung katliweng lampah.

9. Srenging duka lenggahnya kya patih, gya linungsur pinaringken marang, punggawa ro kekasihe, sami jinunjung lungguh, kalih dadya pramukyeng mantri, sira Kebo Anengah, mangka sisihipun, Panji Angragani ika, kunang Empu Raganata wus lumingsir, dadya jakseng nagara.

10. De sang prabu samoroding patih, nora mendha mantrapi pidana, tansah ngisas dedosan keh, miwah sasirnanipun, Klana Jayangkara tumuli, adhawuh maring wadya, samya kinen nglurug, tanah Mlayu ginecaka, tur sandika prajurit adan lumaris, kathah kang binekta prang.

11. Wadya ingkang kantun mung sakedhik, Panji Ngragani lan Kebo Nengah, nguntapken baris lampahe, prapteng Tuban gya wangsul, sawangsulnya pepatih kalih, tan pegat tur dhaharan, tur ature dulur, katur ing sri naradipa, duk samana sang prabu ndhatengken kapti, bojana andrawina.

12. Suka pari sukanya angenting, binarung ing raras karawitan, kepyan lamun sang pamase, mentas sulayeng kayun, memengsahan lawan sang aji, Jayakatong ing Daha, dadak ami tambuh, tan nyipta dosa mring liyan, temah sirna wiwekaning tyas nastiti, mengsah kadya ginugah.

II. SANG WIRARAJA NGATURI SERAT DHATENG PRABU JAYAKATONG, ING DAHA

13. Kocap wonten kawula sang aji, yeka bebuyuting dhusun Nangka, arane ki Banyakwidhe, winisudha sang prabu, pinaringan pangkat dipati, aneng tanah Madura, Sumenep nggyanipun, Madura kang tembing wetan, lawan mangke ki buyut sinungan nami, sang Arya Wiraraja.

14. Nging jatine ki buyut puniki, pinaeka marang sri narendra, den dohaken ing dununge, kalangkung melas ayun, sru karanta-ranta ing ati, dene tan ngrasa dosa, binuwang doh wau, lumampah neng nginggil toya, ngantos kawandasa langkung tigang ari, sapraptaning dunungan.

15. Wiraraja rujita tan sipi, pepuntoning tekad kabasmaran, yun ngupaya saraya ge, tan etung mundhuk-mundhuk, anepangi nateng Kadhiri, kathah tur aturira, dadya sang aprabu, kamiwelasen tumingal, cundhakane lumintu gilir gumanti; raket apawong mitra.

16. Lah ing ngriku wau ki dipati, karya surat katur nateng Daha, mangkana ing suraose, "Pukulun sang aprabu, ri sampune sembah pun patik, samangke padukendra, kabebahan laku, ambebedhaga mring wana, mupung mangsa kalanipun anyarengi, sumangga pinrap ing prang.

17. Wana padhang tanpa suket lan ri, taru lata rontog sru mangarang, mung sakedhik gegumuke, jurange tan asingub, nadyan isi singa tan mranti, yekti tan dadi bahya, mesa miwah lembu, sangsam sami tanpa singat, sedhengipun pinalandang den suruki, tan angel binedhaga.

18. Nadyan wonten simane satunggil, nanging guguh dening sampun wreda, pun Raganata wastane, tilas warangka prabu." Telas ture ki adipati, sang natasmu nggarjita, angandika arum: "Sira kabeh pra santana, myang punggawaningsun sagung para mantri, aja na kalayatan.

19. Den samekta gegamaning jurit, sira padha nembanga tengara, saka karsaningsun mangke, budhalan lunga nglurug, mring Tumapel alaku silib" [1], owok angkuh angkrong, nulya sami metu, nabuh tengara gurnita, swara umung dahat dennya nggegeteri, kagyat kang sami myarsa.

20. Gurawalan medal maring jawi, gegolongan nglempak leng ulengan, mwang samapta gegamane, neng bale bang supenuh, sri narendra lenggah tinangkil, badhe ndhawuhken sabda, mring sakeh wadya gung, para mantri tandha rakyan, ingkang sami sumewa ngarsa sang aji, cep datanpa sabawa.

21. Angandika wau sri bupati, "Para mantriningsun kabeh sira, padha samektaa age, dandananing prang pupuh, mengko ingsun arsa nglurugi, Tumapel ingsun gecak, den prayitneng kewuh, lakune kang wadya bala, yen kewengen padha nginepa ing margi, di kaya wong kabranang.

22. Saanane kabeh para mantri, aja padha anggawa tunggangan, gong beri enengna bae, ywa kongsi sira tabuh, kang supaya mungsuh tan uning, padha laku siliban, lawan ingsun milu, mangkat bareng lan gegaman," para mantri tur sembah sandika sami, ngestokken dhawuh nata.

23. Wonten mantri umatur sang aji, aranira Sagara Winotan, mangkana wau ature: "Dhuh gusti njeng sinuhun, nadyan boten badhe njenengi, nyarirani pribadya, yekti sampun cukup, prajurit datan kuciwa, myang dedameltan petungan becik-becik, marma sagendhingira."

24. Kyana patih Mundharang nyambungi, nembah matur marang sri narendra, "Rehning ulun ugi ndherek, mangsah perang anglurug, mila mokal lamun kalindhih, wong Tumapel punika, ing pangraos ulun kados bumbu wus racikan, kantung ngewor ingulet lan kang kinapti", Sang nata langkung suka.

25. Angandika malih sri bupati: "Nora luput saka aturira, heh Mundharang laku kiye, baris paronen gupuh, anggawaa

1). Kala taun 1292, kacundhukna kaliyan Babad Tanah Jawi jilid 1 kaca 132.

tunggul gong beri, saking lor anempuha, Jaran Goyang patut, dadia cucuking lampah, lan nganthia kanca minangka tetindhih, si Pruntung Pencoksahang.

26. Bango dholog kalawan kampinis, Liking Kangkung padha amilua, anindhihi baris ngaler, suraka bareng umyung, lan aloka dhayuh nekani, dimene padha mapag, sagegaman pupuh, dene yen wus campuh yuda, yen wis krungu uninging kendhang gong beri, barung surak wurahan.

27. Sumawana suwaraning bedhil, ingsun lawan sira si Mundharang, padha mangidul lakune, nempuh ring jro kadhatun, digrubyuga ing para mantri, pra kebo para rangga, padha soroh amuk, nanging sadurunge mangsah, kabeh kudu sesingidanan karihin, nging aywa mungkur yuda."

III. NAGARI TUMAPEL KAGEBAG PRANG ING SANG PRABU JAYAKATONG

PANGKUR

1. Ingkang sami dhinawuhan, para mantri anembah anyuwun pamit, bidhal sawadyabala gung, sang nata nulya jengkar, kawarnaa lampahing gegaman dulur, sami mangaler sadaya, langkung santosa kang baris.

2. Angebroki padhusunan, ler Tumapel bentet akarya miris, wong desa geger lumayu, kawus anunjang palang, kathah ingkang sami tinawan ing mungsuh, saweneh wonten kang pejah, ingiles tan mangga pulih.

3. Kathah kang sami kabranan, apuyengan temah lumayu ngungsi, mring jro kitha myang len dhusun, lumebeng wana-wana, gegaman ing Daha wus mapan pakantuk, anjrak sami tata tata, wonten ing dhusun Memeling.

4. Kocapa kang adon suka, sri narendra Tumapel tan ngengeti, maring pakartining mungsuh, duk ngaturan uninga, bilih mangke kadhatengan baris agung, dedamel langkung santosa, saking Daha nempuh wani.

5. Sri Jayakatong priyangga, ngirid wadya mangke wonten Memeling, miwah saaloking mungsuh, ingaturken sadaya, nging sang nata tan ngandel mring atur wau, wahyaning kang pangandika: "Ah, mokal ingsun tan ndugi.

6. Yen kakang prabu ing Daha, teka kolu maringsun nempuh jurit, marga asihe wus tulus, tan nganggo lelamisan, sakeh ewuh pakewuh uwis kapungkur, prasasat dadi sakutha lawan panjenengan mami."

7. Dereng tutug angandika, gya kasaru dhatenge wadya alit, katong dahat kusung-kusung, tur sarwi nandhang brana, rereyongan ana nggawa anak putu, ting jalerit neng ngembanan, karya trenyuh kang ningali.

8. Saweneh tuntun-tuntunan, warna-warna ucaping kawula lit, sareng sang nata andulu, langkung kredyat ing driya, de kapara nyata kadhatengan mungsuh, gya dhawuh mring dyan Wijaya, kinen ngaler mbekta baris.

9. Para mantri myang gegaman, ngiringaken sami amapag jurit, gumaredeg kadya mendhung, sampun ayun-ayunan, neng Memeling acamppuh ruket prang riwut, saweneh oyak-oyakan, kocapa kang aneng puri.

10. Sri bupati Siwah Buda, tansah suka-suka bujana ngenting, tanpa wiweka ing kewuh, katungkul gegembyakan, tan andimpe ana mungsuh saking kidul, lajeng ngrabaseng kadhatyan, jro pura binosah-basih.

11. Tinukup kathah kang pejah, ingkang kari lumayu lonjong mimis, kacarita sang aprabu, kapengkok tandya muksa, kathah jur pangalasan kapalayu, sadaya anandhang brana, nedya ngungsi mring sang pekik.

12. Tan winarna aneng marga, lampahira wus prapta ing Memeling, keleresan duk ing wau, radyan Jaka Wijaya, lagya dhawuh ngumpulaken wadyanipun, ingkang sami karisakan, lan kang sami nandhang kanin.

13. Angaub soring mandira, sadhatenge wadya atur udani, ka-

lamun raka sang prabu, seda cinidreng lampah, pinaeka mring mengsah kang saking kidul, sapengkeripun rahadyan, tinukup tinempuh wani.

14. Anirbaya nirwikara, ngamuk punggung nyirnakken sakweh mantri, ingkang rumekseng kadhatun, patih Kebo Anengah, lawan panji Angragani rowangipun, sri nata nedheng sinewa, suka ndrawina menuhi.

15. Katungkul boten nglegewa, tan anggalih bebaya kang ndhatengi, paeka durtaning satru, nempuh mangrusak pura, lebetipun mengsah saking ing manguntur, pepulih Kebo Anengah, nanging pejah tan ngundhili.

6. Tandya ingendhih mring mengsah, sanalika pura dipun lebeti, wewengkonipun kadhatun, telas risak sadaya, dipun rurah ing mengsah tan wonten kantun, rekyana patih Mundharang, punika kang dados tindhih.

17. Mirantos ngubengi pura, dalah para mantri wireng Kadhiri, Kebo Teki, Kebo Caluk, miwah Kebo Taluntak, Kebo Jereng Maesa Bungallan Kancuh, kalawan Kebo Siluman, Kanigara myang Sapati.

18. Mantri Boweng kanthinira, Kalamudot dene ingkang nisihi, pun Parungsari tumenggung, lan demang Drawalika, Gebog Basah si Lobar si Kala Limpung, Jalak Ketenggeng lan Gubar, baleman pun Buta Wilis.

19. Tetungguling para rangga, ingkang dados awak-awaking jurit, rangga Semi rangga Pasung, miwah rangga Palana, Wira Lenggong Wira Mayang Wira Janur, Rabete rangga Wirada, rangga Sunthi rangga Sumbi.

20. Punika jejendhuling prang, ingkang sami nyidra ing lampah sandi, "Paduka gusti sang bagus, mugi dipun pracaya, dhateng atur kawula sadaya wau", dyan Wijaya angandika: "Ah kadi paran kaka ji.

21. Teka paduka amuksa, dening mengsah cidra iangkang ndhatengi, ing Memeling sampun larud, mengsah gung wus

kagusah, tanpa sesa kathah kang sami kapupu, wonten madyaning ranangga, pepejah datanpa wilis.

22. Para lurah mantri Daha, ingkang sami kaprawasa ngemasi, nalika campuh ing pupuh, inggih si Pencoksahang, Liking Kangkung Kandha galan Kebo Prutung, Durga Pinis inggih pejah, dene ingkang nandhang kanin.

23. Pun Dholog pun Jaran Goyang, sami mlajeng pati-pati mbe usi, mangaler ing purugipun kang kari bubar-bubar, palayune binuru sru kagum-kagum, mungsuh tan mangga puliha, paran paduka ngemasi."

24. Mangkana ta sambatira, dyan Wijaya nulya dipun sambeti, cariyos sangkaning satru, "Medal saking duksina, amalipir margi lampahe gya njujug, ing Lawor dupi andungkap, ing Sida Bawana nuli.

25. Anjog dhateng Singa Sekar, tuwin boten sami di lilani, ing samargi-margi umung, kedah asesidheman, sakalangkung sakeca ing lampahipun, sadaya lumampah dharat, tan wonten kang nitih wajik.

26. Tanpa tunggul myang daludag, tetabuhan gong beri boten muni, boten kalilan tinabuh, sareng lampahing gaman, sampun caket kadhatyan rikat umaju, trajangipun para cidra, kados semayan ndhatengi.

27. mBarengi abaning surak, bebrondongan swaraning senjatagni, bendhe tinabuh angungkung, surakipun wurahan, kadi ruging akasa akarya linglung", telas ture kang kabranan, kanggeg panggalih sang pekik.

28. De tampi atur kang nyata, lah ingriku radyan lajeng nimbali, mring sagung mantri gul-agul, samya apirembagan, karsanipun dyan Wijaya nedya wangsul, mring Singasari nagara, pra mantri sanget njurungi.

30. Ri wusing samapta budhal, ing Mameling samana wus kawingking, neng marga lampah sineru, sami apeplajengan, rebut ngarsa prajurit angege mungsuh, sapraptanira ing kana, kasmaran arsa pepulih.

IV. RADEN WIJAYA APEPULIH

ASMARADANA

1. Arame tempuhing jurit, ruket caruk tumbang pedhang, aburu binuru genten, nanging wadya Singasekar, kathah kang karepotan, ingebyukan mungsuh agung, kontit kaseser kasoran.
2. Gegaman ing Daha adi, pama latu ngalad-alad. den byuki kambengan kehe. mung sapikul tan pantara, lebur dadyawu sirna, dyan Wijaya kapalayu, tinututan mring Mundharang.
3. Ngambah pasabinan maring, para rangga sami berag, mbedhili mungsuh tan anggop, swarane angambak-ambak, Kebo Mundharang tansah, angelud palajengipun, saparane dyan Wijaya.
4. Dupi celak lan sang pekik, Kebo Mundharang amatang, tan titis kena sinampe, tinangkis mring dyan Wijaya, nulya enggal malumpat. sarwi mancal siti endhut, singkalan walukon sawah.
5. Muncrate temah ngenani. jajane Kebo Mundharang, galuprut tekan awake. warata mukane kebak, ya ta sira Mundharang, palarasan munduripun, asru denira wacana:
6. "E tuhu prajurit luwih, nyata tedhaking kusuma, rembesing madu wong kiye, lagi lemah dadi rowang, bisa murungke pejah, saksana kang aprang pupuh, neng kono apepisahan.
7. Warnanen kang mundur jurit, rahaden gya dadar-dadar, mring para mantri sakabeh, sinten kang tampi ganjaran, sinjang garingsing ika, nyata prajurit pinunjul, dadya panganjuring lampah.
8. Dene wau para mantri, kang sami antuk ganjaran, Lembu Sora Gajah Pagon Medhang Dhangdhi Misa Wagal, won-

ten malih punggawa, mantri pawingking kang antuk, ganjaran nenem cacahnya.

9. Satunggal anama Nambi, Banyak Kapuk kalihira, Kebo Kapetengan trine, caturi pun Wirota, Wira Lati kalima, Pamandana kanemipun, sami purun de rah pejah.

10. Lebura ngayahan gusti, wirang miyat mungsuhira, nedya pepulih rerempon, ature Sora mangkana: "Lah ta gusti sumangga, samangke paduka nempuh, sarosa dhateng pun cidra.

11. Yekti mung paduka gusti, kang kwawa angusir mengsah, wontenipun ngantos kawon, sajatosipun paduka, tan arsa nemenana," rahadyan suka ing kalbu, de mulat punggawanira.

12. Madeg suraning kang ati, sumedya nandhingi mengsah, dadya alon andikane: "Heh ta kakang Lembu Sora, turira kang mangkana, banget nggoningsun jumurung, pedah apa ingsun gesang,

13. Aluwung banjur ngemasi, tinimbang aweta wirang, "ya ta para mantri kabeh, gumregut narik curiga, sadaya aprasetya, tan nedya sulayeng kayun, suka matiyeng paprangan.

14. Ucape kang para mantri: "E kanca-kanca sadaya, kalamun sadina mangke, tan bisa ngundurna mengsah, bengine bareng mara, lan banjur padha diamuk, aja na mundur sapecak,

15. Padha angetoga budi, kadibyanmu wetokena, padha ngantepa jurite, sihing gusti urupana, ing pati ywa suminggah, ing ngriku kang sami ngrungu, sakeh para wadya bala.

16. Asetyan sinetyan sami, sanega gegamaning prang, gya bidhal rikat lakune, mangsah amangsuli mengsah, wau tetiyang Daha, wus katingal samya rubung, saweneh apanthan-panthan.

17. Tan anyana jroning ati, eca dennya suka-suka, inum-inum-

an arame, kadi tan adarbe mengsah, tansah boja ndrawina, puwara sami katungkul, tan wruh yen ana bebaya.

18. Samana kagyat tan sipi, duk andulu mungsuhira, wus celak rampak barise, kacipuhan polahira, bingung asalang tunjang, tan ntuk nanggulangi kewuh, kapengkok ingamuk mengsah.

19. Ana kang lumayu nggendring, mbuwang pulukane sega, geger gumuruh swarane, ting bilulung leng-ulengan, kathah kang nandhang brana karepotan tandangipun, wadyeng Daha keh tinawan.

20. Lembu Sora Medhang Dangdhi, Gajah Pagon Misa Wagal, lir gajah meta tandange, sarosarsa nggempur wana, bubar ingkang katrajang, kerut larud kapalayu, wong Daha keh kang kacandhak.

21. Mantrine gya nanggulangi, abantu rusaking wadya, Siluman Taluntak Lengsong, Bangbung Jring Basah lan Lobar, Pasung mangsah sumahab, sinerot perange mundur, bubar tan atolih wuntat.

22. Ting bilulung kang neng ngarsi, tan antuk panangkisira, wadya lit campuh yudane, asurung sinurung samyasanjata bebrondongan, suligi jemparing tempuh, ana kang suduk-sudukan.

23. Gajah Pagon ambek pati, angetog kadibyanira, mangsah lir bantheng ketaton, Kebo Bungalan si Lojar, Gebog Basah Pawagal, myang Lengsong samya kasambut, pejah madyeng rananggana.

24. Kebo Jring dipun pejahi, dening sang prawira Medhang, ana dene ing patine, Mahisa Siluman Ika, dening Dhangdhi tinumbak, sang Sora tandya ingebyuk, kinepung bunaya mangap.

25. Balunge tos kadya wesi, kulite wuled kaliwat, sinosog ganjur malesed, kalis dedameling mengsah, ya ta Kebo Taluktak, samana kena dinekung, mring Sora nulya tinigas.

26. Gembunge sampun cinangking, sinambi marwaseng mengsah, tan kewran cukat tandange, rangga Pasung duk samana, ugi nututi pejah, dene sang Sora sinuduk, kang ŋgepung bubar sar-saran.

27. Kathah ingkang nandhang kanin, gurnita swaraning surak, wong Daha kekes manahe, kocapa patih Mundharang, neng manguntur duk wikan, lamun mantrine keh lampus, nuli apepulih aprang.

28. Mangsah lawan para mantri, Caluk lawan Wilalungan, Mahisantaka rowange, tan kari gubar daleman, rampak kadya sardula, mangamah-amah manaut, prajuritipun rahadyan.

29. Tan wangwang sayambek wani, sami mapag mungsuhira, mantri pawingking rebut nggon, rebut ngarsa maju rampak, anulya campuh yuda, surake lir gunung jugrug, binarung swareng sanjata.

30. Caruk ruket kang ajurit, pepati tanpa wilangan, keles wong Kadhiri geger, den amuk mantri pangarsa, mundur patih Mundharang, kewedan dennyarsa wangsul, amangsuli raja brana.

31. Nanging sang raja pinutri, kekalih sampun tinawan, ya tau wau saundure, rekyana patih Mundharang, ingoyak binedhilan, maring wadyane sang bagus, kaponthal-ponthal lumajar.

32. Prajurit ing Singasari, lir dhadhali rebat mangsan, prajurit Daha pamane, kadi bandatbuta bedhah, dhadhal larud sadaya, nunten kasaput ing dalu, anggambuh kang aneng pura.

V. WADYABALA ING DAHA DALUNIPUN SAMI TATA-TATA

GAMBUH

1. Bodhol lampahe selur, saking pura datan tolih pungkur,

wadya Daha kadaut tyas kekes wingwrin, mempen neng pakuwonipun, ingundhangan kabeh kang wong.

2. Samya tan kenging metu, maring jawi mbok cinekel mungsuh, rangga Janur weh pratikel jagi-jagi, pra mantri kinen kekuwu, sowang-sowang amirantos.

3. Nyandhing gegaman pupuh, den prayitna lamun ana mungsuh, teka-teka banjur ngamuk lawan keris, weruha ewuh pakewuh, den sami angatos-atos.

4. Welinge rangga Janur, wus warata pra mantri sadarum, ri sampune amatah kang dadya telik, ywa kendhat mangisep mungsuh, weruha gunaning uwong.

5. Dupi wus lingsir dalu, tabuh sakawan ing wancinipun, peteng ndhedhet lir begowong sru matitis, kocapa wau sang bagus, dyan Wijaya ngandika lon :

6. "Sora paran karepmu, apa maneh kang den ayun-ayun, yen becike bengi iki den baleni, payo padha soroh amuk, nempuh sakehing pakuwon."

5. Sora wot sari matur: "Sakalangkung prayogi sang bagus, mangga sami den amuk dalu puniki, sanadyan karoban mungsuh, ulun maksih sami tanggon.

6. Nulya nyelani atur, Kebo Kapetengan awot santun: "Mangke gusti kawula ingkang nyirepi, mungsuh kajengipun turu, gampil winaseseng pupoh.

7. Saged celak lan mungsuh, amerjaya yekti tan pakewuh, sabab wadya tuwan mung kantun sakedhik, mengsahipun tanpa petung, boten wande tamtu kasor."

8. Radyan Wijaya manthuk, Kebo Kapetengan sigra mundur, marek nggyaning mungsuh saha amiwiti, amasang sesirepipun, tumanduk kang amakuwon.

9. Sesirep langkung ampuh, dadakan kewala mungsuh agung, sami tilem kepati lir den kebuti, sawiji tan ana kantun, samya turu sanggon-enggon.

10. Ngorok asenggar senggur, kocap wadya Singasari sampun,

angrerakit dedamel pating bathithit, mara ngrabaseng prang pupuh, ngamuk mungsuh neng pakuwon.

11. Wadya kathah kang lampus, ana ingkang tangi katon lunguh, dheleg-dheleg lir golek tan bisa muni, tan obah kadya wong bisu, sareng rangga unta anon.

12. Kalamun kancanipun, samya keneng upayaning mungsuh, rangga Sunta sigra dennya ngeruk siti, minantran sakala iku, sesirep sirna tan dados.

13. Mantri kang samya turu, sami den wur-wuri siti wau, guragapan kaget anjola gya tangi, sarwi nyandhak gamanipun, gurawalan mapag mungsoh.

14. Swarane pating klepruk, ana tangkis asuduk sinuduk, mungsuh rowang wus carup wor dadi siji, petenge andumuk irung, ana kang takon tinakon.

15. "Lah sapa sira iku, apa iyam mungsuh", gagap-gagap rusak taning ajurit, musuh mawut tanpa kiwul, ingamuk mring sang wira nom.

16. Sineseg kapalayu, mantri Bowong lawan rangga Janur, Kala Munyeng Wawalang lan Wira Ngirid, watang winatang gumregut, tan dangu mundur sru repot.

17. Wiragati kasambut, wadya Daha geger bubar larud, Kebo Kapetengan Wirota lan Nambi, pangamuke kuwat pengkuh, kang katrajang kathah layon.

18. Mantri tiga dinulu, kadi bantheng ingkang nandhang tatu, ngiwa nengen mobat-mabit memedeni, giris mungsuhe lumayu, kocapa wau sang sinom.

VI. RADEN WIJAYA KAPANGGIH SANG PUTRI INGKANG SEPUH

19. Putrinipun sang prabu, Siwah Buda ingkang sampun murud, kalih pisan calon garwane sang pekik, sami tinawan ing mungsuh, ananging nora nunggal nggon.

20. Kacarita kang sepuh, umpetan neng wuri maksih kantun,

celak aneng badhiyan tilas kinardi, api-api duk ing wau, wong Daha kang samya ndhrodhog.

21. Katisen wanci dalu, den purugi duta gya tiniyub, urubipun latu sangsaya andadi, radyan Wijaya andulu, nulya mareki marono.

22. Ngasta sanjatanipun, sarwi prayitna dennya lumaku, sababb nginten lamun satru maksih kari, dupi parek awas ndulu, sang putri kang aneng kono.

23. Nulya sang dyah rinangkul, wus ingemban sarwi den lus elus, sru karanta-ranta kalih sami nangis: "Adhuh gusti jiwaningsun, begja pun kakang samengko.

24. Dene bangkit katemu, lawan sira tan nyana wakingsun, tuhu lamun parmaning dewa linuwih, marma samangke tyasingsun, sanadyan tumekeng layon.

25. Tan anggrantes sarambut", ya ta Gajah Pagon sareng ndulu, mring gustine dahat matrenyuh jro ngati, alon denira umatur: "Dhuh gusti sembahaningong.

26. Abdinta maksih purun, den abena lawan mungsuh agung, boten nedya mundur nadyan prapteng pati, "messem ngandika sang bagus, mring Sora: "Heh kakang mengko.

27. Ngantepa prang ywa mundur, ngamuk maneh lawan sakancamu, kang supaya yayi dewi kang taruni, tumuli bisa katemu," ken Sora umatur alon.

28. "O gusti sampun sampun, yen makaten nama tiyang nglalu, aprasasat kawula sadaya sami, tanpa budi nganyut tuwuh, datan prayogi linakon.

29. Ri paduka kang sepuh, rehning mangke wus saged katemu, mindhak tanpa wekas ing lampah puniki, lan malih wadya kang kantun, sampun kathah ingkang kalong.

30. Pramila bilih dhawuh, meksa pepulih sarosa ngamuk, sagedipun manggihaken ingkang rayi, sang dewi mudha puniku, tan wande manggih pakewoh.

31. Wit paribasanipun, kados dene sulung lebu apuy, amung

badhe brastha piangan ing geni, ujaring sastra kasebut, kalamun makaten kang wong.

32. Nistha ing pejahipun, anelada nguni duk prangipun, ditya Sundhopasundha punika gusti, ungguling unggul tinemu, makaten pantes ginayoh.

33. Marma panuwun ulun, mangga sami amundur rumuhun", dupi myarsa ature Sora sang pekik, ginalih kena ginugu, puwara manabda alon.

34. "Lamun kaya rembugmu, ingsun manut payo padha mundur, dyan Wijaya sami angemban kang rayi, sawadya tan wonten kantun, gumrubyug lampahe ngalor."

VII. WADYA ING DAHA PEPULIH.

35. Kocapa kang keplayu, para wadya Kadhiri wus kumpul, duksamana wancine wus gagat enjing, patih Mundharang gya dhawuh, mangsuli mengsah kang ngalor.

36. Prajurit bidhal nusul, anututi lampahe sang bagus, ingkang dadya panganjur Jalak Adngding, Kala Munyeng malihipun, Palana lan Buta Ijo.

27. Gegancangan lumaku, wancine wong sarapan wus pethuk, lan prajurit kang samya ndherek sang pekik, wonten ing sakidulipun, Talaga Pager gya campoh.

38. Rame surung-sinurung, ruket keket sami suranipun, genti kasor genti unggul dennya jurit, ananging karoban mungsuh, wadyane raden keh kalong.

39. Amung kedhik kang kantun, sinreg wadyeng Daha temah gempur, Gajah Pagon paksa angalang-alangi, ing prang sru angugut-ugut, nedya nyirnakaken mungsoh.

40. Jalak Dingding kang methuk, gya tinumbak kena kena pupunipun, kawatgata Gajah Pagon nandhang kanin, parandene maksih ngamuk, amarwasa mungsuh ewon.

41. Malumpat sarwi nyaut, Jalak katengeng kena sinuduk,

tanpa sambat sanalika angemasi, wadya Daha keh kapupu, Kala Munyeng prapteng layon.

42. Kapetengan kang nyuduk, si Palana Buta Wilis mundur, wit kabranan nulya pisah kang ajurit, kur ungkuran lampahipun, dene ta pun Gajah Pagon.

43. Sarehning nandhang tatu, gya dinangu marang radyan bagus, "Apa sira maksih kuwawa lumaris, lamun tan kuwat lumayu, becik angamuka mungsuh.

44. Gajah Pagon umatur: "Gusti taksih saged amba mlayu, nanging ingkang tamban kewala lumaris, ya ta laju lampahipun, nusup ing wana tan katon.

45. Lepas lampahe sengkut, dupi mengsah tan ana kang mburu, dyan Wijaya saha bala samya bali, mring Talaga Pager wau, aneng ngriku sang lir sinom.

46. Ingandhapaken gupuh, ginantyan mring mantri liyanipun, ingkang kenging pinarcaya ing sang pekik, gya rerem sami angaub rahadyan nganthi sang sinom.

VIII. RADEN WIJAYA BADHE NGUNGSI DHATENG MADURA

KINANTHI

1. Kocapa wau sang bagus, kalawan sang retna dewi, ngaub neng ngandhap asoka, kapareng angunjuk warih, lenggah sela kumalasa, sang putri tansah asandhing.

2. Alondhotan lenggahipun, wau ta sang kadi Ratih, dinulang sepaking gantyan, dipun tampeni ing lathi, dahat dennya sih sinihan, angres kang samya ningali.

3. Ken Sora sakancanipun, marek ngarsane sang pekik, aturipun pegat-pegat: "Dhuh gusti aturing dasih, mantri sadaya punika, tan antuk wenagning budi.

4. Paran wuwananing laku, yen namung makaten gusti, salami angayam alas, sayekti langkung prayogi, paduka tindak mangetan, dhateng Madura angungsi.

5. Lan Wiraraja tetemu, dipun pinta sraya gusti, mokal boten nulungana, tamtunipun angengeti, kawiryanipun punika, tan lyan saking ramanta ji.

6. Jeng sinuhun kang wus murud, dhaharen tur amba gusti, raden aris awacana: "Iya yen gelem nulungi, pantes iku den ungsia, nanging sandeyaning ati.

7. Lamun tan rena tyasipun, wirang apa sun goleki, para mantri sesarengan, umatur saha wotsari: "Adhuh gusti kadi paran, yen Wiraraja dipati.

8. Tan welasa mring pukulun, punika nglengkara gusti, "ingriku radyan Wijaya, miturut ture pra mantri, gya dandan tan dangu bidhal, ingembang sang retna dewi.

9. Ginelak ing lampahipun, wus medal saking wana dri, anjog ing dhusun Pandhaan, nggyaning buyut Macan Kuping, radyan wus ngaturan lenggah, ki buyut saanak rabi.

10. Samya ngadhep ing sang bagus, umatur saha wotsari, ngaturaken pambagyarja, lajeng angaturi warih, miwah nyaosaken gantyan, ya ta ngandika sang pekik.

11. Adhawuh mring kaki buyut, amundhut dawegan wilis, ki buyut enggal parentah, maring sutane kang nami, pun Kancil Bang tandya mentar, sartane sampun wineling.

12. "Dawegane kudu wutuh, amiliha ingkang becik, kang sedheng nom tuwanira, lawan parasana dhisik, kang legi banyuning degan," Kancil Bang nulya ngulari.

13. Tan antara sampun antuk, dawegan katur sang pekik, sawusira tinampan, toyane ingunjuk aglis, sakaliyan lan sang retna, langkung nikmat munpangati.

14. Tutug denira angunjuk, dawegan binelah nuli, ing jro mesi sekul pethak, gawok kang sami ningali, sajeg durung tau mulat, sadaya samya kapengin.

15. Miturut ing kinanipun, sapa kang manggih kadyeki, kalis sagung pancabaya, begja myang wirya kekinthil, miwah tanpa sambekala, mangkon karseng Hyang Widi.

16. Dyan Wijaya ngandika rum: "Heh ta kaki Macan Kuping, lamun lega atinira, ingsun titip wong sawiji, ya si Gajah Pagon ika, cik ben aneng kene kari.

17. Jalaran tan bisa mlaku, tulungana nganti mari, pupune anandhang brana," ki buyut matur ngabekti: "Kawula nuwun rahadyan, bilih Gajah Pagon kari.

18. Tinilar ing griya ulun, sawastu tan dangu gusti, badhe kadengangan mengsah, punika ambebayani, dhateng kawula Pandhakan, tan wande dipun raosi.

19. Dinakwa lamun sabyantu, awon pocapane gusti, sinengguh andhelikena, pra mila langkung prayogi, pun Gajah Pagon punika siningidaken nggwan sepi.

20. Neng kebon wana rumuhun, den dunungken sasana lit, kanan kerining gubugan, kambenganipun den erit, tan wonten ingkang uninga, eca tyas tan sangga runggi.

21. Wondene ing tedhanipun, Gajah Pagon saben ari, anak putu ing Pandhakan, punika ingkang nyukani, rahadyan kalangkung suka, miwah dahat nayogyani.

22. Nulya bidhalan sang bagus, saha wadya para mantri, pun Gajah Pagon tinilar, lempas lampahing prajurit, yen kadalon sipeng marga, cinendhak samana prapti.

23. Aneng dhataran gya laju, anitih baita sami, sigeg genti winuwusa, para prajurit Kadhiri, wus wangsul mantuk sadaya, mbekta jarahan di-adi.

24. Rajabrananе den pikul, tetunggulipun sang putri, yeku sang retnaning pura, putri kang anem puniki, lestari dadya tawanan, sapraptanireng Kadhiri.

25. Katur Jayakatong prabu, akarya tusthaning galih, sukasuka wong sapraja, tan ana ingucap malih, mung unggule dennya yuda, tuk jarahan warni-warni.

26. Wau ta samuksanipun, Siwah Buda sri bupati, ing Singasari tan kocap, mangke kang winuwus malih, tindake raden Wijaya, wus nyabrang ngalor lestari.

27. Dumugi kekisikipun, Madura kang den wastani, ing Sumenep sisih wetan, aneng ngriku mandhap sami, sampun dalu wancinira, kendel neng tengahing sabin.

28. Prenah sapinggiring dhusun, akendel wau sang pekik, ngajengken saben lalahan, mentas ginaru waradin, den tapisi kang galengan, tan kenging dipun lenggahi.

29. Nggarjita ken Sora ndulu, lamun gustine kekalih, datan antuk palenggahan, nulya mangkureb ing siti, tileman nginggil galengan, linenggahan raden kalih.

30. Duk samana radyan bagus, sadalu tan arsa guling, saking dahat sekel ing tyas, tansah pepelukan kalih, tan lilih sami udrasa, ketang rayi ingkang kari.

31. Musna tinawan ing mungsuh, tinangisan melas asih, karunane sang kusuma, lir kombang angisep sari, mbrengengeng suwaranira, sasambate lantik-lantik.

32. Rahadyan dahat angadhuh, trenyuh kang sami miyarsi, mangkana sasambatira: "Adhuh jiwaningsun gusti, lah ingengendi dunungira, baya sira angemasi.

33. Dhuh yayi pepujaningsun, datanpa wusaneng urip, teka manggung kawimbuhan, papa sangsara pianggih, aluwung bebarengana, saparan-paran sapati.

34. Pagene tega maringsun, lah dulunen masku ari, iki wongira sadaya, kabeh padha lara nangis, ambelani kasangsaya, ah ah paran solah mami."

35. Sakala angin gumrubug, awor tumuruning grimis, gelap gumaleger ngampar, liweran kang kilat thathit, lir pangeluhe sang brangta, duk samana wanci enjing.

36. Swaraning sawung kaluruk, neng pinggir gubug melingi, miwah satepining sawah, umyung pangocehing paksi, cekikering ayam wana, meraknya ngungong nambungi.

37. Isthane nglipur kang wuyung, kadya sami nyasmitani, antuk parmaning jawata, ywa kabanjur nandhang brangti, dupi sampun bangbang wetan, ngrasuk busana sang pekik.

38. Tan antara bidhal sampun, ingiring kang para mantri, adulur lampahing wadya, prapteng sumenep nagari, kendel aneng bale panjang, rahadyan sigra nimbali.

39. Pangalasan dipun utus, nuweni sang adipati, manawa sang Wiraraja, nuju siniweng prajurit, pangalasan amit nembah, mring alun-alun nuweni.

40. Tan dangu lampahe wangsul, matur sarwi awotsari, "Dhuh gusti pun Wiraraja, samangke lagya tinangkil, sineba ing wadya bala, sang anom adreng ing galih.

IX. PEPANGGIHANIPUN RADEN WIJAYA KALIYAN ARYA WIRARAJA

SINOM

1. Raden Wijaya gya jengkar, den iringken para mantri, bidhal saking bale panjang, mring paseban arsa panggih, dereng ngantos dumugi, kang sowan bibar sadarum, miwah sang Wiraraja, dupi uninga sang pekik, ingkang rawuh dahat kampita tyasira.

2. Lengser saking palenggahan, sigra manuk awewarti, bab rawuhipun rahadyan, maring garwa ken Pinatih, lamun mangke sang pekik, sakaliyan sang retna yu, neng jawi pasowanan, den iring sakehing mantri, kang sinung ling gita dennya tata tata.

3. Wuwusen radyan Wijaya, duk tinilar sang dipati, kanggeg kagagas ing driya, nyana lamun den ewani, mandheg sarwi anolih, angandika sèmu rengu: "Ah nyata katiwasan, apa ta sabdengsun nguni, nora lidok wiro Sora kadi paran.

4. Ingsun nggugu ujarira, puwara mung amuwuhi, wirangingsun pirang-pirang, baya aluwung ngemasi, nalika aprang dhingin, tinimbang memirang laku, wiro Sora tan ngucap, tumungkul rumasa sisip, dyan Wijaya gya wangsul mring Bale Panjang.

5. Sadaya sami sungkawa, narka lamun den tambuhi, mring dipati Wiraraja, wusana kang para mantri, mulat sang adipati, lan garwa prapta gumrudug, ingiring bektan kathah, dene ta kang aneng ngarsi, kuda pelag beg ebegan angujwala.

6. Pethukan mangka titihan, kalawan songsong pinandhi, pra mantri marwata suta, sukaning tyas duk ameksi, kadi siniram warih, kang wus wayu wolung taun, mesem Ra wiro Sora, umatur saha wotsari: "Dhuh pukulun paduka aywa gung duka.

7. Lah sumangga pirsanana, ing mangke pun adipati, umarek gusti sumembah," rahadyan suka tan sipi, wau dupi udani, Wiraraja sowanipun, lampahe prapteng ngarsa, ngrangkul pada sarya nangis, sasambate: "Adhuh gusti susuhunan.

8. Wus jamak sipating janma, boten kenging den selaki, kaduwung ing lampahan, sadaya kang wus kawuri, pramilanipun gusti, beraten duhkiteng kalbu, sirnakna tyas ruhara, sumendhe karseng dewaji, tamtu badhe wonten sembulihing lara.

9. Boten langkung tur kawula, mugi paduka sang pekik, sampun kirang pangaksama, dhateng kawulanta ngriki, wit saking dameng budi, myang ina bawaning dhusun, tangeh lamun sageda, males darma sihing gusti, destun malah akarya cuwaning karsa."

10. Rahadyan dupi miyarsa, mring ature sang dipati, sakal arawat waspa, mangkana kinen Pinatih, eluhe den usapi, nembah umarek sang ayu, sarwi ngaturken gantyan, ya ta sagung kang ningali, sru kamantyan kapiluh bela udrasa.

11. Wiraraja matur nembah, "Dhuh gusti lamun suwawi, padukenggal atedhakamaring kadipaten mangkin, anitiha turanggi, rayi paduka sang ayu, anitihana rata, datan lenggana sang pekik, nulya budhal Wiraraja atut wuntat.

12. Ginarebeg wadya bala, asri lampahe neng margi, kang ningali tanpetungan, seseg supenuh apipit, gawok ebat pra janmi, sadaya sami amuwus: "Iki si loro pisan, tan ana kang madha warni, baya ikut panuksmane hyang Asmara.

13. Lawan dewi Ratih swarga, mring ngarcapada nedhaki, pagene teka lelana, wiyoga anawung wingit, kathah ucaping janmi, ana kang nangis angguguk, saweneh tebah jaja, cinendhak lampahe prapti, sampun manjing maring dalem kadipaten.

14. Kalangkung sinungga-sungga, sang retna gya den aturi, alerem ing pasarean, radyan maksih wonten jawi, ing wijil kaping kalih, lenggah ing paseban ngriku, ingadhep Wiraraja, pra sami agunem pikir, Wiraraja cumadhong dhawuhe raden:

15. "Dhuh gusti mangke pun bapa, anyuwun dipun wecani, paran ingkang dados karsa, ing bab sirnaning nagari," radyan ngandika aris, "Bapa saka karsaningsun, sarehning kanjeng rama, sri Siwah Buda wus swargi, mukseng ngrana dening cinidra wong Daha.

16. Ingsun borong marang sira, lan bab pangamuke maning, maring wong Kadhiri benjang, kalaksanan de tumuli, iku sun srahken ugi, marang sira dadinipun", Wiraraja matur sembah: "Lah samangke kadi pundi, apepulih tanapi lajeng kendela".

17. "Dhuh bapa kalamun sira, welas marang jeneng mami, lah age sira cancuta", mesem wau ki dipati: "Dhuh gustiku sang pekik punapaa dasihipun, lamun datan asiha, namung den sarantos gusti, ywa kasesa prayogine tata-tata.

18. Akarya sandi upaya, mrih antuk ingkang kinapti", sigeg ture Wiraraja, rahadyan dipun aturi, laju mring dalem panggih, lan rayi sang kusuma yu, mangkana Wiraraja, mangkana Wiraraja, anata angrakit-rakit, tur ature kang badhe katur rahadyan.

19. Sadaya wus ingusungan, binekta mring para selir, ken Pinatih pangarsanya, ucapen wau sang pekik, duk lenggah lan sang dewi, neng sesela gilang alus, sang retna aliyangan, ing pangkwantansah prihatin, sru ingarih-arih maria duhkita.

20. Rahadyan sung sepah gantyan, tinampanan samya lathi, warnane sangsaya nunggal, amor wiletan lir sasi, nuksmeng lintang nelahi, nyata musthika pinunjul, tuhu tan ana memba, samangkya nandhang kekeling, cahya wenes kekuwunge amardapa.

21. Kalangkung dennya sungkawa, sarira risak ngalentrih, cegah dhahar lawan nendra, warnanen wau kang prapti, Wiraraja angiring, bebektan mangka tur atur, asri dulur lumampah, sagunging kang para estri, sang Wijaya kampiteng tyas duk uninga.

22. Dupi parek ingandikan: "Aja sira wedi wedi, lah padha sira majua kang sinabdan lumastari, marek ngarsa sang pekik, mendheg nembah sarwi matur: "Lah punika katura, pisalin kang kalih warni, boten pakra muhung kinarya pratandha.

23. Ing sih setyanipun bapa, mring paduka sang pinekik, punapa malih kandhaga, kang binekta pun Pinatih, punika katur ugi, dene ing jro isinipun, sapangadeg busana, kajawi punika gusti, jeng paduka mugi karsa ndhawuhana.

24. Dhumateng pun yayi sora, ambagea kang waradin, busana mring para wadya, miwah sagung para mantri, mangka ganjaran gusti, saking kaduka puniku, niyatipun pun bapa, dadosa cihnaning abdi, sih susetya dalusa salama-lama.

25. Wit dening pun Wiraraja, sampun minulyakken nguni, mring rama paduka nata, jeng sinuhun kang wus swargi, tuwin samangke gusti, paduka mracayeng ulun, marma tur atur amba, minangka piwalesing sih, den puwunga gusti nadyan mung sapala.

26. Mandar dadosa pirena, sumangga ngarsaning gusti, ya ta

kang tinujweng karsa, rahadyan dupi umaksi, tur ature dipati, Wiraraja langkung langkung, dahat akarya suka, angandika mring sang putri: "Lah ta yayi mara age tampanana.

27. Iki pisungsunge bapa," kang rayi karaseng galih, sarwi angusapi waspa, aseret denira angling: "Banget tarima mami, de bapa sira tur atur, rasane tyas manira, prasasat bapa kekirim, marang sawa kang lagya papa cintraka."

28. Tumungkul ki adipatya, kalangkung welas tan sipi, ngandika malih sang retna: "Banget kepotangan mami, bapa mring sira yekti," sumambung rahadyan bagus: tur ajanji mangkana: "Bapa lamun karya iki, bisa kasembadan apa kang sinedya.

29. Besuk bumi nusa Jawa, sun paro barenga mukti", tur sembah sang Wiraraja: "Kawula sumangga kapti, uger paduka gusti, kalampahan madeg ratu", dipati Wirarajanulya wacana ring rabi: "Heh ta yayi Pinatih gegawanira,

30. Kabeh iki naksenana", sigegen kang gunem kawis, wus pamit sang Wiraraja, lengser gya medal ing jawi, saha amarentahi, mrenahna pondhokanipun sakehing wadya bala, tanapi kang para mantri, sugatane enjing sonten tan kuciwa.

31. Dene radyan sakaiyan, sinuba-suba menuhi, datan towong saben dina, tansah ngaturi pisalin, wau ki adipati, mangkono sadangunipun, antuk samadya candra, kocapa rahadyan pekik, wanci enjing mijil lenggah siniwaka.

X. ATUR PAMRAYOGINIPUN WIRARAJA DHATENG RADEN WIJAYA

MIJIL

1. Wonten taman tengah den adegi, sasana lit kaot, tanpa aling-aling ngeblak wae, gung sinengker tan kambah lyan janmi, nadyan para mantri, tan kena lumebu.

2. Ya neng kono lenggahe sang pekik, duk medhar wiraos, lawan Wiraraja pangantepe, denirarsa angupaya margi, mang ka jalaraning, pepulih prang pupuh,
3. Arya Wiraraja awotsari: "Pukulun sang anom, menggah ingkang dados wigatose, mrih sakeca datan njejaruhi, prakawis puniki, kadi kang wus kasbut.
4. Jroning tulis tegesipun gusti, den waskitheng kewuh, sadaya kang dados pepalange, siningkirken lelampah kang sandi, dene kang den udi, brasthaa kang mungsuh.
5. Sumuyuta nagareng Kadhiri, lan sirnaning katong, punika kang dadya talajere, milah murih kaleksanan benjing", tan lyan sang apekik, karya gelar sampun.
6. Mangke paduka kula aturi, lumampah sapakon, asowana mring Kadhiri angger, api-api nungkula sayekti, ywa kurang nor ragi, den katon mlas ayun.
7. Lamun sampun pinarcaya gusti, mring sri Jayakatong, lah ing ngriku sedheng ngempakake, gelar karti upaya miwiti, manut satingkahing, praja kang kalaku.
8. Lan miturut saprangeh narpati, met sananing batos, mrih lumuntur sih jeng sang pamase, wangsul pulih panggalihe lami, myang wancak driya nir, gung pitadosipun.
9. Dene lamun sang nata wus asih, lan sampun pitados, mring paduka gusti ywa talompe, anyuwuna idining narpati, ambabad wanardi, laladan Trik dhusun.
10. Prenahipun sawetan nagari, den anggea calon, siti trukan kalangkung saene, sarta ingkang badhe anandangi, nambut karya benjing, karerehan ulun.
11. Tiyang Madura kawula kerig, mrih tumunten dados, bilih sampun rampung panggarape, pra kawula ing Madura ugi, kang badhe ngiseni, trukan enggal wau.
12. Jeng paduka sebaa tumuli, ngabyantareng katong, lamun sampun matur padukangger, sampun age-age lengser saking, nagareng Kadhiri, kantuna rumuhun.

13. Anganggea dugi lan prayogi, gelar kang kawiyos, dipun saged ngulat-ulatake, mring semuning para tandha mantri, kang sami den sihi, maring sang aprabu.

14. Lamun wonten punggawa kang becik, sih setyeng karaton, wruh ing wajib tumemen ing gawe, pantes dipun aturken sang aji, dene kang tan yukti, ngumpet cidreng ratu.

15. Naletuhi mring kancane sami, ywa kemba paring wroh, nyulang-nyulangaken lampah sae, wit punggawa makaten puniki, mung angrerusuhi, ngrisak tata ayu,

16. Lan paduka kedah nguningani, punggawa kang tanggon, ingkang totos miwang kang tan darbe, kaluwihan myang kagunan sepi, benjang yekti gampil, pinrep ing prang pupuh.

17. Sumawana tindak-tanduking ling, den angatos-atos, anganggea tata sapatute, wangsa kula kadeyan narpati, kang sami kawingking, tan ntuk sihing ratu.

18. Dipun rangkula punika gusti, ugungen den emong, kang supaya gedhea atine, tamtu dados sanak kang sejati, kenging dipun kanthi, nyelakken panggayuh.

19. Lawan malih kalamun sang aji, tan saged ananggoh, ing kasetyan miwah kotamane, pra punggawakang lumakyeng kardi, amung anuruti, kerut angkara dur.

20. Pejahipun datan siwah kadi, pecahe punang jong, ingkang kirang leres kemudhine, boten sande kalelep ing warih, kerem tanpa lari, punika sang bagus.

21. Kacatheta salebeting galih, ing tindak ywa dhompo, lamun sampun kacekap pangrehe, sabudine tetiyang Kadhiri, paduka tumuli, umarek sang prabu.

22. Lah ing ngriku anyuwuna pamit, mring sri Jayakatong, saking Daha sumedya lumengser, mring babadan ingkang sampun dadi, praptaning nggyan gusti, mirantosa gupuh.

23. Yasa pakuwon ingkang nyekapi, parsudinen kang wong,

garap sabin lan pategilane, myang bendungan punika prayogi, winangun rumiyin, darapon misuwur.

24. Lan dadosa pangungsen lyan janmi, dimen katrem manggon, tuwin sanget pikantuk ing tembe, lamun abdi paduka ing nguni, saking Singasari, tumut pindhah dunung.

25. Kinempalna supados anunggil, sagolong nunggal nggon, dene wadyeng Daha lamun ndherek, badhe tumut pindhah wisma ugi, kedah den lilani, lan salajengipun.

26. Dipun paringana tegil sabin, pilihna kang eloh, kapiluta renaning manahe, lan katuju panujuning kapti, dadosipun benjing, langkung kukuh bakuh.

27. Wit kathahing dhatengan wadya lit, ingkang tansah kamot, andadosken pangatos-atose, pinten banggi paduka sang pekik, karsa angecani, manahing sawegung.

28. Tuwin paring dana maradini, mring bala tan anggop, kadi prabane surya tan pae, dera ngisep sarining kang bumi, tan ana kang cicir, kawratan sadarum.

29. Lah punika jalarane asih, toh jiwa sayektos, tan ngengeti mring anak rayate, lawan para kawula wadyalit, kedah pinarsudi, utamaning laku.

30. Mugi den tedahneng krama niti, tinuntun lan tlatos, paduka kang mangka sesepuhe, inggih guru paugeran nagri, sawastu numusi, nir tindak kang dudu.

31. Santosaning praja den rumanti, sanjateng prang popor, pinepaka ywa kuciweng tembe, bahyaning mungsuh den kawikani, wenang jagi-jagi, prayitna ing pungkur.

XI. ARYA WIRARAJA NGATURI SERAT DHATENG NATENG KADHIRI, NGATURAKEN RADEN WIJAYA

PANGKUR

1. Telas ture Wiraraja, dennya gelar tata kramaning mantri,

myang tingkahing mangreh wadu, jejeging mengku praja, sru anjenger rahadyan kataman tutur, ture arya Wiraraja, pangandikanira aris:

2. "Heh baparya Wiraraja, mungguh saka pamrayoganta iki, datan liya amung manut, apa sapangrehira, sun estokken kalawan sidaning kalbu, dera mrih raharjeng lampah, ingsun tumindak sadarmi.
3. Wus gilig geleng kang rembag, nulya karya nawala pamalad sih, saksana tan dangu rampung, surasaning pustaka, kadi ingkang sampun karembag ing ngayun, ya ta amiji punggawa, dadya cundaka lumaris.
4. Amundhi punang supatra, katur ngarsanira nateng Kadhiri, neng marga datan winuwus, lampahe gegancangan, sampun prapta utusan ngarsa sang prabu, Jayakatong nateng Daha, pustaka dipun tampeni.
5. Binuka sinukmeng driya, mangkana kang dadya gatining tulis: "Sasampuning sembah ulun, pun arya Wiraraja, konjuk sahandhaping pada jeng sinuhun, mahambara tanpa sama, sri Jayakatong mandhiri.
6. Jumeneng narendratama, amengkoni talatah nusa Jawi, Daha telenging kadhatun, ratu gung wicaksana, kang kasusra santa budya ambek wiku, abalaba suraloka, ngayomi yuning dumadi.
7. Samangke kawenangena, amba matur ing ngarsa sri bupati, putra paduka sang bagus, radyan Jaka Wijaya, dahat dera nandhang papa kawlas ayun, kadya canthoka kasatan, angungsi ngupaya warih.
8. Kabeh manggih toya jawah, marma ingkang dados kencenging galih, putra paduka pukulun, mung nedya asrah jiwa, ngaturaken pejah gesang mring sang prabu, sumangga karsa paduka, mila paunuwun pun patik.
9. Paduka sri naranata, mugi wonten sih parimarmeng dasih, angapunten mring sang bagus, mangke sumedya so-

wan, ngaras pada sumungkem ngusapi lebu, dhuh gusti ratuning jagad, tulusa asih kaswasih.

10. Kalawan tur atur amba, kang minangka sembah ulun ngarsa ji, saking Tartar asalipun, pakintun nateng Cina, ingkang warni teh tangkuweh gendhis batu, sanadyan amung sapala, mugi dados reneng galih.

11. Sri Jayakatong samana, dupi rampung pamaosireng tulis, sarira dahat marlesu, malah asemu waspa: "Adhuh kaki nora nyana dadinipun, memelas temen ta sira, nandhang papa kawlas asih.

12. Lah duta enggal balia, atulaka padha sadina iki, lan matura ing gustimu, pagene tan asiha, yen gustimu pancen angidhep maringsun", pamit caraka linilan, mundur saking ngarsa aji.

13. Tan winarna aneng marga, kacarita lampahe sampun prapti, ing Sumenep wanci esuk, wau radyan Wijaya, lenggah lawan ki dipati imbal wuwus, kasaru duta kang prapta, matur sarwi awotsari.

14. Ngaturken salampahira, myang ndhawuhken sadaya sabda aji, ki Wiraraja kalangkung, sukane ing wardaya, sigra dhawuh miranti pacareng laku, miwah sagunging bebektan, rinakit sampun cumawis.

15. Dyan Wijaya sakaliyan, tandya bidhal nitih baita alit, ginarebeg ing wadya gung, samya kamot ing palwa, Wiraraja ugi nguntabken ing laku, angambah nginggiling toya, pating karethap lumaris.

16. Wadyabala ing Madura, langkung kathah ingkang sami angiring, anggarebeg ngarsa pungkur, mudhik lampahing palwa, wus nglangkungi ing Ampel dumugi Terung, aneng ngriku sami mandhap, pepisahane sang kalih.

17. Rahadyan lan Wiraraja, myang wewelingipun ki adipati, amrih kasidaning kayun, radyan sampun atampa, arya Wiraraja nuli pamit mantuk, wangsul malih mring Madura, pra sami andum basuki.

18. Warnanen kang andon lampah, tan uninga ing siyang lawan ratri, ya ta cinendhak wus rawuh, tepis iringing praja, saha dhatengipun njujug ing Jongbiru, nulya katur sri narendra, lamun Brawijaya prapti.

19. Mantri Sagara Winotan, lawan Jangkung angilo gya piniji, dados utusan sang prabu, kinen amethuk rata, awit sampun kininten lamun kang rawuh, sakaliyan lawan garwa, akathah kang sami ngiring.

20. Lampahe punang utusan, gya anjujug ing Jongbiru wus prapti, duk samana sang abagus, sedheng ingayap wadya, lenggah aneng sangandhaping uwit andul, pantes lan busananira, ing semu anawung wingit.

21. Wit mentar saking nagara, yen sinawang sarirane ngalentrih, angres kang sami andulu, ya ta kalih utusan, dupi mulat ing warnane radyan bagus, akandheg ing lampahira, dening gumune kepati.

22. Narka lamun Hyang Asmara, ngejawantah tumurun saking swargi, kami tonggongen adangu, sareng enget gya marak, sarwi nembah mangkana ing aturipun: "Dhuh gusti ulun dinuta, ing ramanta sri bupati.

23. Amethuka kewuh paduka, lan samangke paduka den timbali, lajeng sebaa sang prabu, anitiha ing rata, mrih tan lesu sariranipun sang bagus," ya ta ingkang ingaturan, nulya budhal tan asari.

24. Rahadyan nitih kareta, gumaredeg ingkang nggarubyug wuri, siningsongan dahat mungguh, ing ngarsa jinajaran, pra kadeyan angampil kaprabon luhung, wau ta Ken Pamandana, pagantenan kang den ampil.

25. Nahan Ken Nambi anampa, wadhah toya pangunjukan mantesi, Medhang Wirodhangdhi ngayun, kandhaga ampilannya, isi pangageman kaprabon sang bagus, sira Mahisa Pawagal, umbul-umbul kang den pandhi.

26. Lumampah aneng ngiringan, Ngurung-urung tameng towok cinangking, angajrihi yen dinulu, horeg ingkang ka-

margan, langkung asri wong ningali samya gumun, mantri Sagara Winotan, minggah maring rata aglis.

27. Alon lampahing kareta, tan antara lampahe sampun prapti, meng jawining alun-alun, kawarnaa sang nata, nulya miyos amethuk dhateng manguntur, para tandha mantri pepak, angayap sri narapati.

28. Jangkung Ngilo praptanira, aneng ngarsa nata matur wotsari, "Adhuh gusti jeng sinuhun, mangke putra paduka, dyan Wijaya sampun kerid sowanipun, cumadhong dhawuh paduka, maksih ngentosi neng jawi.

29. Sri Jayakatong ngandika, pun Pangeled kinen mapag tumuli, dadya wakili sang prabu, sandika kang dinuta, nulya bidhal amapag rahadyan bagus, wus kerid pisowanira, duk prapta ngarsa sang aji.

30. Radyan ngewahi busana, mendhak lenggahira lir konjem siti, kascaryan sang nata ndulu, dangu datan ngandika, karya lengleng dening warna langkung bagus, kang mulat samya kasmaran, eseme andhandhang gendhis.

XII. PEPANGGIHANIPUN PRABU JAYAKATONG KALIYAN RADEN WIJAYA

SARKARA

1. Manembrama sri nateng Kadhiri: "Kulup sira nuli angadega, dene sapraptanirangger, ana ing ngarsaningsun, banget karya leganing ati, prasasat nemu kembang, capaka sawakul, lah mara sira lungguha, sampun lenggah wau sang prapta umungging, pepojok sisih wetan.

2. Mungging palimanan sri bupati, dyan Wijaya tumungkul lenggahnya, kasaru wau dhatenge, sakehing atur-atur, saking sira sang adipati, Sumenep Wiraraja, katur ing sang prabu, mantri Sagara Winotan, kinejepan maring risang lagya prapti, tanggap tampi sasmita.

3. Sigra marek ngarsane sang aji, sarwi nembah mangkana

turira: "Kula nuwun jeng pamase, punika kang tur atur, saking putra paduka gusti, konjuk ing ngarsa nata, sumangga pukulun, sri nata mesem ngandika: "Adhuh kaki banget panarima mami, apa sun walesena.

4. Pamumulenira marang mami, tan lyan amung sira putraningwang, den tulusa apurane, marang wong wredha dhusun, mudha dama ina ing budi, dene sira suwita, lawan jenengingsun, yekti tan pantuk ing krama, kang sinabdan tumungkul denira linggih, ature amlas arsa:

5. Dhuh sinuhun pepundhening dasih, sowan ulun ing ngabyantarendra, sampun kesthi saderenge, kumedah ngraup suku, ngaras dalamakan sang aji, ngaturken pejah gesang, sumangga sinuhun, duk midhanget sri narendra, tur mangkana dahat trenyuh ing panggalih, temah angres marlupa.

6. Kelut katut sagung para mantri, nenggak waspa kami wlasen mulat, angondhok-ondhok gulune, wau kang atur-atur, gya tinampan binekta manjing, marang sajroning pura, ngandika sang prabu, "He sira mantri Winotan, den samapta pondhoke gustimu iki, ywa kongsi kekurangan.

7. Dunungena saloring nagari, ing padesan Jongbiru prayoga, jembar warata papane, sawadyabala cukup, tan kuciwa ngadhepken warih, sandika kang sinabdan, tur sembah gya mundur, saking ngabyantareng nata, pun Winotan andherekaken sang pekik, kondur mring pamondhokan.

8. Tan winarna lampahe lestari, kari mangu kang amya tinilar, lam-lamen brangta wirage, sang nata sigra dhawuh, maring sira Mundharang patih, darapon sadhiyaa, pisegahing, tamu, miwah demang Drawalika, anganthia ki tumenggung Parungsari, anataa kalangan.

9. Mangka ngurmati sang nembe prapti, den siyaga ywa na kekurangan, nanging benjang sadurunge, andrawina rumuhun, yen wis rampung nuli miwiti, padha prang tetan-

dhingan, aburu binuru, Keborubuh mrantenana, si Pangelet iku ingkang angrowangi, tur sembah kang sinabdan.

10. Ya ta jengkar wau sri bupati, para mantri ngestokken sadaya, datan kocap reroncene, mansuli sang abagus, dyan Wijaya lan para mantri, punggawa myang kadeyan, kang samya kekuwu, langkung tusthaning wardaya, neng Jongbiru umanggih papan prayogi, sengsem asri kawuryan.

11. Pasugatan mangkya wus rinakit, sarwa sarwi tan ana kuciwa, cumawis neng ngarsa andher, ya ta si Banyak Kapuk, lan Mahisadalu ngedali, ndhingini dennya nadhah, sinambi anginum, katon anteng polatannya, dene mantri Winotan dipun dhawuhi, nadhah lan pra kadeyan.

12. Dyan Wijaya amung anjenengi, datan dhahar wit sampun prasetya, nadyan kongsi salawase, kalamun durung temu, lan sang retna ingkang taruni, yekti tan arsa dhahar, mangka belanipun, benjang mari tarak brata, lamun sampun kasembadan kang kinapti, aluwar karsa dhahar.

13. Kocap dupi wus lingsiring wengi, pra punggawa kang sami ndrawina, wus tutug bubaran kabeh, Winotan nembah matur, mring rahadyan anyuwun pamit, linilan nulya medal, lan sarowangipun, ing dalu datan winarna, kacarita enjinge wong sanagari, horeg umyung wurahan.

14. Tanpa rungwan tetabuhan muni, sakeh janma adulur lumampah, medal saking pakuwone, apacak baris ngumpul, tuwin s agung punggawa mantri, akupeng siyageng prang, sami ngliga dhuwung, tan antara nuli budhal, pangkat saking pakuwonira anggili, beleg samarga-marga.

15. Warna-warna gegamaning jurit, kabeh samya liniga kewala, pating glebyar pating cleret, praptaning alun-alun, angebeki papan waradin, lir ombaking sagara, kalamun dinulu, binarung swara gurnita, sru kapileng gong beri tansah tinitir, prajurit ramya kempal.

16. Neng bale bang sagung para mantri, gegolongan tata pandhan-pandhan, sadaya suka manahe, sigeg genti winuwus,

ing jro pura sri narapati, sampun ngrasuk busana, gya miyos sang prabu, sakaliyan lawan garwa, tuwin putri sawiji sulistyeng warni, wanci nedheng diwasa.

17. Sasolahe tansah milangeni, gandhes luwes araga karana, Retna Sutawan namane, kacarita sang ayu, asal saking tumbasan nguni, kasusra wong sapraja, dadya tembang kidung, mangka sesekaring pura, sakalangkung ing warni pinuji-puji, tangeh lamun cinandra.

18. Datan siwah lir Hyang Saraswati, mung samatra kang dadya kuciwa, dene tan rena ing mangke, mangagem adi luhung, boya rena angadi ragi, sukane sang kusuma, anyepi nggwan samun, jenak ulah puja brata, kang kaesthi mung amrih kasidan jati, jatining jatukrama.

19. Sri bupati samana siniwi, neng pandhapa lenggah palimanan, arum wijiling sabdane, "Heh Mundharang sun utus, lumakua sira saiki, kulup raden Wijaya, kang aneng Jongbiru, aturana bareng sira, sun timbali seba aneng ngarsa mami, kang sinabdan gya mentar.

20. Sampun panggih kalawan sang pekik, ndhawuhaken timbalaning nata, radyan sandika ature, nulya budhal aselur, ginarubyug punggawa mantri, tan dangu praptanira, kagyat kang andulu, samya sumingkir sadaya, mendheg tanpa sabawa sakehing janmi, langkung gawok tumingal.

21. Dening kathahe kang ngiring-iring, pra kadeyan ngapit keri kanan, dahat prayitna semune, ngajrihi tandangipun, racak samya bagus kang warni, anging kuciwanira, tan ngagem mas tatur, sang prapta ing semu lagyam nawung dukacipta kandhuhan wiyadi, ya ta wau lampahnya.

22. Prapteng bale bang kendel sang pekik, nulya tinimbalan mring sang nata, rahadyan gya marek age, repati solahipun, angandika sri narapati: "Kulup sapraptanira, aneng ngarsaningsun, lah paran padha raharja, rehning sira kang tansah den arsi-arsi, marenggal wiwitana.

23. Supaya kang padha neningali, bungah kabeh atine tan gela,

mula aja suwe-suwe, lungguha sira kulup, amapana ingkang prayogi", tur sembah ingkang ingagnya, gya lenggah sang bagus, ana ing papadon wetan, rep-arepan radi kapara ing kering, miring pasilanira.

24. Doh cedhake sedheng winitawis, sapangrungon menggah wawan sabda, kadeyanipun ajejer, lan patih lenggahipun, Pamandana ngadhep tan tebih, ngampil kampek kancana, wewadhahing suruh, Wiro ngampil pangunjukan, langkung ajrih solahe caket sang aji, tumungkul ajatmika.

25. Para garwaning nata umeksi, mring rahadyan sadaya kasmaran, de tanpa sama baguse, wonten wangsa sang prabu, pun Winotan punika sigit, nanging lamun tinimbang, lan sang nembe rawuh, pekikipun sang Winotan, amung kadi sekar kumuda sinuji, kandheg aneng sawangan.

26. Dyan Wijaya upamane sari, wanginipun anrus sanagara, kontab ing jagad yektine, tan wus lamun cinatur, panyandrane kang para putri, ya ta sri naranata, wus anuding wadu, majeng maring pasaraman, yeku papan pandadaraning prajurit, duk mitongtonken guna.

27. Towok pangkuh lan cengkrong bang aglis, gita-gita lumayu anginthar, ambisiki mring kancane, aran Maesarubuh, kang supaya enggal ndhawuhi, ing wadyabala kathah, samya kinen maju, anglekasi tetandhingan, aben beksa ngatonken solah respati, gambira para wadya.

28. Palajenge ingkang baris miring, kadung kidhung tatane abubrah, gong beri myang mbul-umbule, tan ginawa duk wau, abrondongan sanjata muni, lir belah kang bantala, ingriku sang bagus, uninga ing mengsahira, mesem sarwi aparing sasmita nolih, pun Sora anggarjita.

29. Ngore rema anggeblag njempalik, sarwi gumuyu acukakan, kang ningali sami kaget, sang nata suka ndulu, angandika maring sang pekik: "Iku kulup wongira, teka banget lucu, solahe agawe rena", dyan Wijaya umatur saha wotsari: "Nun inggih kasinggihan".

30. Kadi dhawuh paduka narpati, mila sampun dados adat saban, gegonjakan lan kancane, saking aparikudu, gegujengan anglipur kingkin, mesem sang nata myarsa, ing atur kadyeku, sumambung Kebo Mundharang, esmu suka gumujeng denira angling: "Mugi den lajengena."

31. Angandika malih sri bupati: "Lah ta kulup sira dhinginana, maju mring kalangan age, lan saka karsaningsun, kabeh wadyabalanta mantri, padha ametanana, aja na kang kantun", rahadyan matur sandika, ya ta majeng sagung wadyabala mantri, pra sami andrawina.

32. Sri narendra sampun den ladosi, dhedhaharan maring drawalika, para sorindra sedene, warata dhahar kembul, sri bupati resep ing galih, nutug dennya bojana, tan winalang kayun, swaraning kang tetabuhan, sru tinitir kendhang gong beri munya tri, ngenting ing sukanira.

33. Dyan Wijaya nuli den dhawuhi, mring sang nata rum wijiling sabda: "Lah ta kaki ywa kasuwen, wongira kabeh iku, enggal dhawuhana metoni, padha ajogedana, sun kapengin weruh, tangkepe lan wong ing Daha, dyan Wijaya umatur saha wotsari: "Nuwun inggih sandika".

XIII. TANDHINGAN BEKSAN

34. Tandya paring sasmita sang pekik, sira Sora atanggap sasmita, lawan wong catur kancane, lelima bareng metu, yeka Sora Medhang lan Dhangdhi, Nambi Mahisawagal, mara mring manguntur, mamangun ing solah raga, beksanira raras sarigak mantesi, parigel tan kuciwa.

35. Pambucaling sesampur aramping, karya gawok ingkang sami mulat, dene tan ana winancen, ascaryeng tyas sang prabu, wusing tutug nulya ginanti, medali ing pasraman, mantri Daha wau, ugi lima kekancuhan, sira patih Mundharang lan Parungsari, Pangelet Drawalika.

36. Mesarubuh ingkang anjangkepi, neng manguntur sami abebeksan, nelas solah wiragane, nging maksa nora nyundhul,

lawan mantrinira sang pekik, tan dangu gya bubaran, sowang-sowang wangsul, maring palenggahanira, tapuk malih sami drawina, menuhi, kocap Ken Pamandana.

37. Duk puniku, miyat sang lir Patih, ingkang anis tinawan ing mengsah, katon gumebyar cahyane, nandukken liring semu, wus anyipta lamun sang putri, nging rasa jati nora, temahan margiyuh, kemengan asemu waspa, Pamandana tansah umenget jro ngati, tambuh pangidhepira.

38. Ngaturaken ganten mring sang pekik, tanpa apu nanging tan rinasa, dupi tinampen gantene, mesem nolih sang bagus, angandika sumeh aririh: "Lah mangke Pamandana, teka sira iku, kaya ana kang kagagas, Pamandana umatur sarwi wotsari: "Dhuh gusti kasinggihan.

39. Ingkang pindha sesotyaning bumi, kang satunggal wonten ing sang nata, dene ingkang satunggile, wonten ngasta pukulun, gya kasaru dhawuh sang aji: "Heh kakyarsa Wijaya, rehing iki kulup, wus sedhenge miwitana, tetandhingan sesudukan para mantri, marmenggal amijia.

40. Bocahira sakeh para mantri, tandhingena lan mantri ing Daha, adunen saprayogane, majua mring manguntur, dene mantrinira kekasih, si Sagara Winotan, saka karsaningsun, sun dadekke senapatya, sabab lawanira wong Daha padha tis, giris wis nalika prang.

41. Olah mlayu nganti lonjong mimis, calurutan angles anyiluman, Winotan gugup guyune, ginunggung mring sang prabu, panggunggunge amemiringi, nyemoni duk samana, perange lumayu, nembah matur sang Winotan: "Lah sumangga gusti sami amedali, tumandang asudukan.

42. Rehning ulun gusti sru pinuji, mring sang nata lumajeng duk aprang, ger ginuyu mring wong akeh, puwara samya mangun, gegujengan sagung kang nangkil, mesem sri naranata, suka kang angrungu, ya ta nuli linekasan, nanging radyan anahen brangta makingkin, amucung kang lalakyan.

XIV. ANGGLADHI PRANG

PUCUNG

1. Rame umung geger untaping janma gung, ana rebut ngarsa, wurahan wong sanagari, kabyeh samya kapengin arsa weruha.
2. Kang para rum medal saking jro kadyatun, beleg leng ulengan, sadya angampil-ampil, upacara kapraboning sri narendra.
3. Weneh gugup jrih kasepa dhatengipun, kathah yen winarna, solahing wong neningali, ana linggih lir wayang ajajarjajar.
4. Anguk-anguk ing pinggir banon ndedulu, ana menek soka, myang ngandhap gumuk den nggoni, kang neng siti cacahe tanpa wilangan.
5. Sareng sampun prapteng pasaraman gupuh, Cengkrongbang samana, tampi timbalan narpati, ndhawuhaken marang rahadyan Wijaya.
6. Marek ngayun Cengkrongbang matur sang bagus, sarwi awotsekar: "Dhuh pukulun sang apekik, dhawuhipun rama paduka sang nata.
7. Kinen laju nitiha kuda sang bagus, myang para kadeyan, sampun kongsi nguciwani, anggenipun sami badhe tetandhingan.
8. De sang prabu ugi sampun adhedhawuh, dhateng mantri Daha, kinen sami angedali, Towokpangguh ingkang ndhawuhken timbalan".
9. Dupi ngrungu rahaden mesem gya dhawuh, amundhut titihan, datan antara wus prapti, punang kuda sembada ulese rekta.
10. Pantes lamun dadya titihan sang bagus, Dhalangguse nama, nulya rahaden anitih, kuda medhar adheyan asri mandhapan.

11. Samya kenyut wau kang sami andulu, lir gambar wangunan, solahe angrespateni, pra kadeyan sadaya anumpak kuda.

12. Mubeng tepung sarwi mandhi umbul-umbul, lalayu daludag, kadi caraning prajurit, amranata tataning kang wadyabala.

13. Lawanipun mantri Daha nulya maju, Sagara Winotan, siyaga nata prajurit, sarwi numpak turangga ulese pancal.

14. Namanipun pun Babalansela mungguh, amalapat lampah, para mantri nitih wajik, sumreg seseg karya girise kang mulat.

15. Sareng pagut gut-guten anuli campuh, rame sesudukan, kendhang gong munya tinitir, awurahan lir amecahna kendhangan.

16. Tan winuwus ramening suduk sinuduk, tandhing tan kuciwa, ananging wadyeng Kadhiri, kerep kasor wit saking wegige radyan.

17. Ngunggut-unggut gumregut mahambeg purun, para mantri Daha, umadeg suraning galih, gya pepulih sarosa ngetog kadibyan.

18. Temah pethuk kuda sami kuda caruk, turangga ngrik giras, kang nitih tangkis tinangkis, molahaken dedamel neng dhuwur kuda.

19. Dadya pagut Sagara Winotan campuh, lawan dyan Wijaya, erek kuda tangkep miring, bang-ginebang atangkis tinangkis samya.

20. Tan adangu tamenge Winotan mrucut, dhawah aneng kisma, angetap turangga aglis, kebat dennya lumayu mrih tan kacandhak.

21. Gya binuru tinututan saking pungkur, gegere Winotan, sinabet ing pedhang keni, mesem nolih rumaos lamun kasoran.

22. Surak umung wurahan mawantu-wantu, kadi gunung rebah, swarane anggegeteri, sri narendra duk miyat kalangkung suka.

23. Sang aprabu dahat denira angunggung, tansah ngalemba-

na, maring wau radyan pekik, nulya dhawuh marang Cengkrongbang mangkana:

24. "Bocahingsun Cengkrongbang matura gupuh, mring kulup Wijaya, dhawuhna aja metoni, sapa baya kang wani mungsuh gustinya.

25. Marmanipun mengko aja milu-milu, dene kang tandhingan, angemungna para mantri, pun Cengkrongbang nulya ndhawuhken sabdendra.

26. Morot mundur rahadyan saking manguntur, wus kinen lerema, samangke mung para mantri, kang medali arakit samya sudukan.

27. Genti surung sinurung suduk sinuduk, ki patih Mundharang, lawan Ken Sora atandhing, pun Pangelet lawan Nambi mengsahira.

28. Misarubuh lan Pawagal mungsuhipun, Dhangdhi Drawalika, Medhang lawan Parungsari, mantri Daha sami kasoran sadaya.

29. Dadya kukut binaran saking manguntur, samya tinimbalan, mring ngarsane sri bupati, sapraptaning ngarsa sarwi atur sembah.

30. Lah ingriku andikanipun sang prabu, semu ngerang-erang, mrih suka kang sami myarsi, "Mau ana wong keplayu nunjang-nunjang.

31. Gya binuru pinedhang gegere njumbul, baya wus palastra, mantri Winotan wotsari, winor gujeng ature karaseng manah.

32. "Dhuh sinuwun menggah ing sajatosipun, nggenipun lumajar, punika ngemu wigati, kang supados adamel cuwaning lawan.

33. Mengsahipun darapon wirang dinulu, de katemben wikan, tangkeping arebut tangkis, ger gumuyu sadaya kang sami myarsa.

34. Duk puniku radyan umiyat sang ayu, sang putri kang mu-

dha, nulya nolih ambisiki, maring Pamandana ngraosi sang retna.

35. Dene wuwuh respati ing warnanipun, ri wusing mangkana, radyan wangsul imbal liring, lan sang putri kang peparab dyah Sutawan.

36. Kang pinanduk ing liringira sang bagus, mengo angujiwat, rahadyan kandhuhan brangti, gya kasaru wedaling kang segah gantyan.

37. Miwah dukur pisalin ganjaran prabu, pinaringken radyan, angandika sri bupati: "Kulup iku dadia ganjaranira.

38. Rehning unggul nggonira tandhingan kulup, mula tampanana, kalawan renaning ati, sesuk maneh becik agawe kalangan.

39. Lan bocahmu para mantri ywa na kantun, padha angiringa, radyan tur sembah gya pamit, lengser saking ngarsa nata saha wadya.

40. Tansah tinut ing ulat dening sang prabu, estri sakadhatyan, samya kasmaran ningali, kari mangu kaya age tumutura.

41. Tindakipun rahadyan wus tan kadulu, sri nata gya jengkar, kondur malebeng jro puri, duk samana surya wus tunggang ancala.

42. Kocap wau dupi praptaning Jongbiru, rahadyan Wijaya, tan arsa lajeng umanjing, mring pakuwon akandheg lenggah ing jaba.

43. Neng sor kayu kang nedheng rone ngrembuyung, ijo amardapa, rahadyan lenggah siniwi, dipun seba para kadeyane pepak.

44. Kongsi nutug sadalu lenggah sang bagus, datanpa ngandika, Ken Sora weruh ing wadi, yen sang anom dahat anawung sungkawa.

45. Gya mangimur mrih lejare gustinipun, sinamun paguywan,

wawarta duk ana mantri, ran Sagara Winotan nguni pinedhang.

46. Meh kajlungup dhawah saking kudanipun, Banyakkapuk lawan, Kapetengan suka myarsi, dene ana mantri kinarya dolanan.

47. Ngandika rum winor ing esem sang bagus: "Ah si Kapetengan, lan si Banyakkapuk nguni, teka padha tan wruh tangkepe wong Daha.

48. Nora milu nonton wekasan tan weruh, padha kapitunan, sesuk dhawuhe sang aji, para mantri winangun maneh tandhingan.

49. Marmanipun sira karo kudu maju, padha metonana, sun dadekken senapati, atandhingan kalawan mantri ing Daha.

50. Kagyat njumpul sarwi ndengengek angadhuh, sira Kapetengan, lan Banyakkapuk duk myarsi, dhawuhipun rahadyan ingkang mangkana.

51. Semu sengung asantak denira matur: "O gusti kawula, kakalih bilih piniji, dados senapati mangsah mring kalangan.

52. Yekti kawus mengsahipun kapalayu, mundure taha, kasompokpapan malencing, bebasane kados wong angen maesa.

53. Dereng tempuh lagya kinetheg wus methuk, atangkis sanjata, dedamel tan wonten kari, saking dening kasmaran tangkep ing aprang.

XV. RADEN WIJAYA KANDHUHAN BRANGTA DHATENG SANG PUTRI INGKANG ANEM

ASMARADANA

1. Mireng ture mantri kalih, rahadyan asemu suka, kadeyan

sareng guyune, Mahisapawagal ngucap: "Ah upama keboa, mesthi migunakke sungu, tan kenora banjur godag.

2. Nging solahe wong Kadhiri, iku kaya dene gajah, kang maksih baledug kae, gedhe tanpa barang-barang, yekti tan dadi bahya", Sora anyambungi wuwus: "Iku nyenyampahi sira.
3. Aku iki nyumurupi, pajege ingkang sanjata, brambang kadebog padhane, empuk alunyu kewala, tanpa eri warata, mesem ngandika sang bagus: "Ujare wong loro pisan.
4. Iku jatine tan sigih, durung kaliwat sadina, teka wis bisa nyaleweng, angapusi marang kanca, nanging panjalukingwang, lamun tan polih ing laku, ingsun dahat kawirangan.
5. Marma rasaning tyas mami, yektine kalangkung samar, kadi remek kanyatane, samana para kadeyan, cep tan ana nyabawa, sami anglociteng kalbu, wruh sasmitaning rahadyan.
6. Ra Wiro matur wotsari: "Gusti kawula tumingal, wonten taranggana abyor, kasenenan ing purnama, ya ta wau Ken Sora, wruh ing wadi marek ngayun, mangrapu kang tyas duhkita.
7. Mendheg saha awotsari: "Adhuh dewa panembahan, ywa manggung nahen wirangrong, mugi nunten binerata, wau ulun umiyat, wanodya ayu pinunjul, cahya gumebyar lir lintang.
8. Kaparek ing sri bupati, embane kalih neng ngarsi, pun Sodrakara sisihe, pun Madraka boten lepat, tiyang kalih punika, kekasihipun sang ayu, rayi tuwan kang katriwal.
9. Ingkang anis saking nagri, inggih kang karya asmara, punapa punika raden, kang dados buneking manah, pun patik jarwanana, aywa pijer nandhang wuyung, wiyoga tanpa wasana.
10. Rahadyan ngandika ririh: "Ujare wong loro ika, mung

nyepeti mata bae, ingsun mau ndulu wulan, saistha karainan, banget memengin maringsun, amigena weh asmara.

11. Tansah ambebawur pikir, katongtons saparipolah," Ken Pamandana ature, "Dhuh gusti pangraos kula, sawastu yen punika, rayi paduka sang ayu, mila mangke atur kula.

12. Panggalih paduka gusti, mugi sampun kasangsaya, pun Sodrakara tan wande, dhateng lamun tinimbalan", legeg tyase rahadyan, Ken Sora gya mekul suku, matur sarwi nenggak waspa:

13. "Dhuh gusti sembahan mami, mugi dipun santosakna, panggalih ywa gung wirage, ewed pakeweding lampah, mugi den engetana, lawan malih aturipun, Wiraraja duk samana.

14. Kedah paduka engeti, beka lamun tinilara, badhe tan sae dadose", ya ta sareng amiyarsa, mring atur kang kadyeka, rahadyan temah wetu luh, anyathet jroning wardaya.

15. Ken Sora rinakgul nuli, radyan saksana den emban, binekta manjing daleme, sapraptaning pasarean, lajeng dhawah rahadyan, asare tan mawi santun, kadeyan kemit sadaya.

XVI. RETNA SUTAWAN GANDRUNG ASMARA DHATENG RADEN WIJAYA

16. Sigeg gantya kang winarni, wau kusumaning pura, kang kari aneng kadhaton, sadalu tanpantuk nendra, tansah dennya anggagas, linali lali kadulu, rinasa saya karasa.

17. Ketang amung sang pinekik, kang dadya telenging nala, kalulun kelu driyane, sang retna arawat waspa, wau para pawongan, duk mulat ing gustinipun, sadaya bela karuna.

18. Wruh semunira sang putri, kalamun nandhang wiyoga, kasmaran dhateng rahaden, nalika samya dhaharan, katon nawung sungkawa, wilising sarira nglayung, tan arsa nanggapi dhahar.

19. Baya ubayane sami, dene angusut busana, sepi tan mawi papaes, ana pawongan tur sembah: "Gusti nadyan mangkana, wonten bingahe tyas ulun, samangke rumaos gesang.

20. Wonten kang badhe memulih, mring nagari Singasekar", sang retna ngres myarsa ture, katetangi laraning tyas, dening warta kang nyata, nyipta badhe tuk pitulung, katekan pangajapira.

21. Ken Sodrakara wotsari, matur marang sang kusuma: "Mangke gusti mrih saene, paduka kedah anglawan, dhateng rakanta benjang, ngaturna sembah pukulun, mangka pamberating cipta.

22. Darapon tan walangati, nyirnakken ing tidha-tidha, dimen lega panggalihe, raka paduka rahadyan, ya ta sang lir kusuma, netra mbarebel wetu luh, midhanget ture Madraka.

23. Dangu datan arsa angling, wusana angusapwaspa, alon seret andikane: "Heh Madraka karsaningwang, tan na lyan kang kacipta, mung gustinira sang bagus, kapan bisane kapanggya.

24. Banjur padha mukti sari, sineba neng janaantara, ywa gung cintraka mangkene, dene lamun tan katekan, luwung aja kadawa, pinulunga raganingsun, suka lila ngemasana.

25. Masa boronga wak mami, wau ta sang retnaning dyah, kebak jujul ngenangene, sakala niba kantaka, sumendhe neng sesaka, pawongan nangis gumuruh, angrubung sang kawlas arsa

26. Kocapa sang prameswari, Sri Kirana kang neng pura, kagyat angrungu sambate, para pawongan karuna, enggal miyos tumedhak, maring nggyan karubung-rubung, kapanggih nulya sinundhang.

27. Sinambut dipun tangisi, sinarekaken saksana, Sri Kirana dhawuh age, munggut toyarsa kinarya, nyuryani kang kantaka, ya ta sinotyan sang ayu, gya nglilir enget wentehan.

28. Swedane dipun usapi, mring prameswari Kirana, sarwi alon andikane: "Adhuh teka amemelas, lara temen mas mirah, mara nini den agupuh, sira wecaa maring wang.

29. Paran kang dadya prihatin, dene nemahi mangkana, Ken Sodrakara ature: "Gusti kanjeng prameswara, putranta sang lir retna, tan saking gerah puniku, yekti saking nggennya lapa.

30. Kala rumiyin sang putri, sanget dennya puja brata, kongsi lami antarane, dungkap kawandasa dina, mung kirang tigang dina, anyegah dhahar lan nginum, prasasat datanpa mendra .

31. Punika purwane gusti, Sri Kirana tebah jaja, arum wijiling sabdane: "Adhuh nini putraningwang, teka banget milara, marang raganta wong ayu, paran kang dadi sedyanta.

32. Emanen warnanta nini, lan rusaking raganira, sapa kaya sira angger, ayumu tanpa sisihan, aja sira sungkawa, sirnakna runtaging kalbu, mundhak akarya ruhara.

33. Yen koningan sri bupati, manawa ndadekke duka, muga marenana angger, ywa kadarung kadrawasan, kang liningan tur sembah, tumungkul ing lenggahipun, lir wong kapegatan tresna.

MEGATRUH

1. Tan winarna samana wus wanci dalu, enjinge dhawuh sang aji, mring punggawa amemangun, nata tetandhingan malih, kadi kang sampun kalakon.

2. Saben dina tandhingan suduk sinuduk, para wira para mantri, karya sukane sang prabu, tan wonten malih pinuji, mung wegige sang wira nom.

3. Dyan Wijaya wasis pangulahing pupuh, bangkit angadu prajurit, marma luntur sih sang prabu, kascaryan mulat sang pekik, tekeng kadeyane golong.

4. Datan kasor lan mantri Daha sadarum, dahat pamule nar-

pati, rahadyan graiteng kalbu, lamun kaprecayeng aji, wus datan winalang atos.

5. Saya langkung nor raga met sihing ratu, prayitna sru ngati-ati, dene geng piandelipun, tan kewran lampah mrih sandi, sinidikareng pasemon.

6. Wus kacakup ciptaning wong sapraja gung, sadaya samya jrih asih, anggusti panganggepipun, ing lair praptaning batin, gatgadeng tyas sang wira nom.

7. Matah wadya ingkang badhe dipun utus, mring Sumenep mundhi tulis, jroning surat wus kasebut, kahananireng Kadhiri, dadining rembug mung borong.

8. Pasrah maring Wiraraja nut satuduh, ya ta sampun lumastari, utusanira sang bagus, datan winarna ing margi, wuwusen malih sang anom.

9. Dyan Wijaya enjinge dahat nahen kung, marma tan miyos tinangkil, mempen neng dalem mamangun, manganggit pepethan nguni, kang kocap aneng lelakon.

10. Caritane dewi Sita putrinipun, prabu Janaka Matili, duk tinawan neng pura gung, kadhatone sang yaksa ji, Ngalengka langkung prihatos.

11. Sri Rahwana sru kasmaran mring sang ayu, nging tan pinadhan ing kapti, marma gung den aru biru, supaya luntura kang sih, sang putri mung tansah wangkot.

12. Ketang dera ambelani maring kakung, patrem pinusthi tanpa wis, ginambar neng kertas mungguh, rema-remane angrawit, remu-remu lamun tinon.

13. Lir tinatrap tanpa kuciwa ing wangun, karya wulanguning ati, pra kadeyan samya umyung, mangalembana sesanti, muji wegige sang anom.

14. Sira Sora mesem sarwi alon muwus: "Iku wong lanang utami, luwih rosa patutipun, dene sirah kang cinangking", Ken Medhang nyauri alon:

15. "Pepantese kaya sira watek digung, sesongaran den kare-

mi, tan duwe wirang salugut, dene kinelikan estri, mesem karenan sang anom.

16. Ger gumuyu sadaya kang sami ngrungu, Ken Sora nggarjiteng galih, nulya matur mring sang bagus: "Dhuh dewa samangke pundi, ingkang kedah winiraos.

17. Kakungipun ngayam alas nusup-nusup, lelana njajah wanadri, met sraya mrih pejahipun, satru Rahwana kang sakti, wasana saged kalakon.

XVII. SANG RETNA SUTAWAN UTUSAN NGATURAKEN PRASETYANIPUN DHATENG RAKA RADEN WIJAYA

18. Duk punika kasaru ing praptanipun, Sodrakara tanpa kanthi, anulya wau dinangu, mring Ken Pamandana aris: Heh nini lajua gupoh.

19. Lah mrenea aja wedi sira bacut", radyan mesem aningali, Ken Sodraka ngaras suku, ture sarwi marbes mili: "Dhuh gusti sembahaningong.

20. Lir supena raosipun manah ulun, kados pejah gesang malih, wruh paduka sang binagus, lenggah siniwakeng dasih, yektyasih mring risang sinom.

21. Sowan amba wonten ing ngarsa pukulun, ingutus rinta sang dewi, ngaturaken sembahipun, myang sanget onenging galih, ri ratri tansah katongton.

22. Kang den ajap tan lyan amung sang binagus, mila praptamba mariki, sesiliban nyolong laku", Ken Sodraka ture ngenting, ngaturken solah sang sinom.

23. Nalikane linebetaken kadhatun, sri nata kadaut brangti, kasmaran dhateng sang ayu, nanging garwane sang aji, punika kang tan rumojong.

24. Tur pepenget ywa kongsi kabanjur-banjur, sabab kalamun sang aji, kadereng meksa sang ayu, tan wande anganyut pati, marma sareh sang akatong.

25. Ri paduka tan pegat dennya manekung, atarak brata wus lami, supe dhahar lawan nginum, puwara sang prameswari, langkung welase ing batos.

26. Gya ingaken putra tan siwah lir sunu, saking dennya nanggulangi, dhateng karsane sang prabu, de mangke sri narapati, gerah anandhang wirangrong.

27. Saya santer ri paduka kusuma yu, tan towang saari ratri, puja bratane sinungku, langkung dening mati ragi, kang kaesthi jroning batos.

28. Mung setyaning krama ywa ginggang salugut, sanadyan praptaning pati, lestaria tumuruntun, makaten rinta sang dewi, prapteng mangke dereng pedhot.

29. Ya ta kendel Ken Sodrakara turipun, rahadyan legeg tan pangling, karerantan myarsa atur, trenyuh kadi den lolosi, sarira lesu lir lumpoh.

30. Dyan Wijaya sakala anuli ambruk, Ken Pamandana njagani, radyan sendhenan ing bau, anglocita jroning galih: "Adhuh atma jiwaningong.

31. Sih setyanta yayi marang raganingsun, den kohi subrata pati, paran ta ing dadinipun, saking sumpek ing panggalih, kasupen muwun sang anom.

32. Pra kadeyan bingung sami bela muwun, umadeg suraning galih, Misapawagal duk wau, lir ngamuk-ngamuka nuli, mangrurah maring kadhaton.

33. Sira Sora asru nanggulangi kewuh, rahadyan kalangkung runtik, yayah enggala prang pupuh, amrawasa mungsuh sekti, Ken Sora nembah turnya lon :

34. "Sampun sampun gusti kabarang bendu, engeta dhateng weweling, ture Wirarajeng dangu, lamun tan makaten gusti, tan wun lebur tanpa dados.

35. Luhung mangke gusti paringa kekintun, dhumateng rayi sang dewi, singsim myang wastra winalun, kalawan dipun kantheni, pustaka panglipur lamong.

36. Katampekna mring Sodakara pukulun, rahadyan sampun nuruti, anulya ngandika arum: "Lah ta Sodrakara iki, kang dadi wangsulaningong,

37. Autrena dhewe marang ing gustimu, saka nggoningsun tresna sih, nadyan sapala kekintun, dadia pamberat king-king, mangka prasetyaning batos.

38. Wusnya meling mring Sodrakara sang bagus, nulya ganjar busana di, Ken Sodraka nembah mundur, pamit gya budhal tumuli, kang tinilar sru wirangrong.

39. Sigra miyos rahadyan manglipur wuyung, meng-ameng tepining warih, Ken Pamandana tut pungkur, andherek lan lare alit, samya angampil pirantos,

40. Jala miwah jemparing dinulu patut, warnanira pekik pekik, Wirajatha namanipun, Rudita ingkang satunggil, sigegen wau sang anom.

XVIII. RADEN WIJAYA NYUWUN PAMIT DHATENG SANG NATA ING DAHA PANGKAT DHATENG MAJAPAIT

SRINATA

1. Ya ta kocapa samana, wanci lingsiring hyang rawi, kusuma retna Sutawan, lagya wungu dennya guling, wus ingaturan uning, kemengan tyasira lesu, sang dyah merem saksana, sarwi nyungkemi geguling, rema wudhar kadi mendhung ngemu warsa.

2. Sinome lir endracapa, yeku kaluwung ngawengi, rengurengunireng ulat, kadya kilat asesiring, pamulu wenes wingit, sawang gegana tanpa truh, sumilak anarawang, karya cingak kang ningali, de sang retna santun warna sanalika.

3. Apindha rawat asmara, mar maras kanggeg tan angling, dahat gegetun ing manah, Ken Sodrakara marpeki, ature mamalad sih: "Dhuh gusti kawula sampun, panggih raka paduka, kang lagya nawung wiyadi, kadyangganing bremara ngrengih mangarang.

4. Mulat panjrahing puspita, mbrengengeng sanget dennya mrih, wewangine kanang puspa, marma lajeng amemeling, sagah angrebat gusti, mring paduka sampun tamtu, sang retna duk miyarsa, atur mangkana sru gonjing, sangsaya ngres arongeh denira lenggah.

5. Sarwi angusapi soca, kang balud alindri-lindri, angelus sesinomira, alon ngandika sang putri: "Kang dadi karep mami, Heh Sodraka dene iku, peparing jro ulesan, dudu iku kang linuwih, cecitrane kang nenangi pikir ingwang.

6. Wit iku mangka upama, gambare kahanan mami, lawan gustinireng kana, wau ta dereng dumugi, andikane sang putri, kasaru caraka rawuh, saking sajroning pura, tusane sri supadni, kinen ndangu kahanane sang kusuma.

7. Wit nalika kapidhara, sri dayita tan udani, kapambeng pinuju gerah, marma tan rawuh tetuwi, mesem rahaden putri: "Lah sira dipara maju, kaya-kaya wak ingwang, samengko wus rada aring, krasa suda kapenak antaranira.

8. Banget onenging tyas ingwang, angadhep ing ibu sori", saksana wau busana, angusut tan patya asri, rema tan den serati, malah wuwuh manisipun, ingiring pra pawongan, ginarubyug ing raryalit, tindakira sang putri wus prapteng pura.

9. Sinigeg genti kocapa, ingkang lelangen ing warih, rahadyan kang amet mina, antuk kathah wus ingambil, anulya den wadhahi, binekta mring ler Jongbiru, saha sampun ingolah, pra kadeyan ngumpul sami, dhedharan neng ngriku rame, swaranya.

10. Eca dennya sami nadhah, rahadyan ugi njenengi, langkung sukanireng driya, antuk panglipur sang pekik, lan sawusing anangkil, gya anggenu welingipun, dipati Wiraraja, derarsa nyuwun wana Trik, binabada kinarya tegil myang sawah,

11. Ya ta nunten linampahan, sri narendra nayogyani, carakane Wiraraja, winangsulan sri bupati, sarta sampun ngidini,

lah ingriku wiwitipun, sakeh tiyang Madura, samya mbabadi wana Trik, gya kinarya tetrukan tinegal sawah.

12. Kocap duk sami ababad, wonten sajuga sujanmi, katelarak dennya babad, dleweran kringete mijil, wusana amrangguli, wit maja ing ngarsanipun, sarehning dahat lapa, gya ngunduh wohe sawiji, tan darana pinecah terus tinadhah.

13. Raose pait kalintang, tur maja iku ngendemi, kang nadhah amutah-mutah, marmenggal binuwang tebih, wiwit samana sami, mastani babadan wau, Majapait katelah, run tumurun prapteng wuri, tan winarna lamine denira babad.

14. Sampun dados padhusunan, tinata traping pepanti, pepethan calon nagara, dinulu kalangkung asri, kabul ingkang pakarti, Wiraraja wruh ing semu, jangkane kaleksanan, ndalidir kang sami prapti, wong Madura aboyong marang tetrukan.

15. De welinge Wiraraja, radyan kinen nyuwun pamit, mentar mring babadan anyar, ugi linakyan tumuli, samana wanci enjing, miyos siniwi sang prabu, pepak punggaweng praja, para wira para mantri, para rangga sadaya sami sewaka.

16. Andher lir samodra bena, Mundharang rekyana patih, aneng ngarsa lenggahira, tan dangu gegering jawi, janma piyak sumingkir, mendhak samya rebat ngayun, wruh praptane rahadyan, upacarane njajari, pra kadeyan adulur kadi gandarwa.

17. Sapraptaning pawatangan, gya mandhap saking turanggi, ingawe dera sang nata, madyan marek manganjali, sawusing tata linggih, angandika sang aprabu: "Kaki Harsa Wijaya, kadingaren sun tingali, sowanira kaya kaya ana karya.

18. Katara pasemonira, tuhu lamun mambu ati," mesem tumungkul rahadyan sang nata ngandika malih, "Samengko aja linggih, aneng pojok wetan kulup, arsa keh kang su-

mewa", sang nata nulya anolih, mring Winotan tinanggapan kang sasmita.

19. Mesem matur sarwi nembah, "Dhuh rahadyan kadi pundi, paduka yen ulun sawang, teka lir sureming rawi, dene masemu wingit, lah punapa ta sang bagus, rena wonten ngaldaka, miwah ing rerawa sungil," dyan Wijaya mesem masemu nggarjita.

20. Suka sri nata duk myarsa, saha angandika aris: "He kulup arya Wijaya, nalika ingsun atampi, pisungsungira wingi, awujud menjangan wutuh, dahat entyarseng driya, apa pamburune kaki, lawan sona de wutuh sakojur pisan.

21. Tan ana tatu gegaman", rahadyan matur wotsari: "Sinuhun angsal kawula, mung samben lawan jemparing, nalika saking warih, mentas anjala pukulun, reh teles punang jala, arsa den pepe mrih garing, apuwara wonten sangsam saweg nedha.

22. Tandya wau linepasan, ing jemparing angenani, sangsam pejah kapisanan, kendel ature sang pekik, nggarjita sri bupati, sakala aparing dhawuh, dhateng patih Mundharang: "He Mundharang karsa mami, sira karo Parung sami mbebedhaga.

23. Marang ing alas larangan, sinambi njala ing warih, lawan anggawaa panah, sun pasrah ing sira kaki", dyan Wijaya wot sari: "Sandika anut sadhawuh", Ken Sora wruh ing cipta, umatur mring sri bupati: "Dhuh pukulun patikbra atadhah duka.

24. Menggah karsa padukendra, karya kalangenan anggrit, buron wana miwah toya, kedah mirantos rumiyin, sampun anguciwani, de putra paduka prabu, mirsani saenira", Sora gya matur sang pekik: "Lah paduka gusti anyuwuna lilah.

25. Nyuwun pamit sri narendra, tetanen mring Majapait, anglempakaken pandaya, tuwin dhedhawuha gusti, Wiraraja

tumuli, kinen asamekta rajut, muwah ingkang panggritan, amilihana turanggi, tuwin sona sawontenipun binekta.

26. Matur Mahisa Pawagal: "Sasampune wana bersih, lagya ginereg ing wadya, mesem wau sri bupati, sarwi ngandika aris, "Mungguh aturira kulup, sireku arsa lunga, tetanen mring Majapait, sun lilani muga nemua raharja.

27. Yen wis rampung karyanira, gelis abalia kaki, nagara ywa katon sonya, mesakna ing para mantri, tan ana den sanjani, yen sira suwe tan wangsul, yekti oneng sapraja, lawan kekasihta kaki, si Winotan sayekti banget sungkawa.

28. Umatur kang sinung sabda: "Paduka ywa wancak galih, sinuhun mugi den eca, kawula tan nedya lami, ulun wangsul tumuli, bilih sampun mangsa lahru, terang tan wonten jawah, marma mangke sri bupati, ulun pamit saha bidhal benjang-enjang.

29. Umanggut sri naradipa, lajeng aluwearan sami, radyan kondur masanggrahan, anjujug ing tepas wangi, sumungkem ing geguling, kelingan kang gawe linglung, linali saya nglela, rinasa saya ngenani, de dinohan marang sang musthikeng jagad.

30. Sumingep tan panon ing rat, geger kadeyan pra sami, kelut abela karuna, saksana Ken Sora angling, marang jaka kekalih, "Heh yayi sakaihipun, Wirajata Rudita, padha pradandana sami, lan den age sira lungaa mring praja.

31. Yen sira bisa kapanggya, lan Sodrakara tumuli, ajaken milu ing sira, poma den kongsi kapanggih, kang kinon ndan lumaris, tan winarna aneng ngenu, kocapa kang neng pura, Sutawan sang retna dewi, wus miyarsa lamun raka dyan Wijaya.

32. Ingidenan pamitira, sang nata sampun njurungi, duk samana sang kusuma, ingadhep lawan kekasih, Ken Sodraka tan tebih, sarwi matur melas ayun: "Adhuh gusti rakanta, teka mung weh lara brangti, boten tulus sihe mring kang rogasmara.

33. Nguni aywa maring Daha, dahat dennya manas ati, mikatoni solahira, tega temen anglungani, sang putri anambungi, sarwi angusapi eluh: "Yen ujare wong menak, saka anggone mekani, nadyan cidra lan ngedohi padunungan.

34. Ananging lana kang ujar, saka dennyarsa netepi, prasetyane kang kawedhar, tan bakal akarya kingkin, mring kang tinilar wuri, dene ingsun iki lamun, lara prapteng antaka, yekti tan mandheg tumolih, luwih begja ilanging sakeh sungkawa.

35. Ken Sodrakara tur sembah, ngusapi waspa dres mijil: "Dhuh gusti mugi engeta, aywa kadaut ing brangti, sigegen sang suputri, nulya ngaturken kekintun, katur raka rahadyan, saksana ginawa mijil, Ken Sodraka lakune adhedhemitan.

36. Tan ana janma uninga, wusana prapta ing jawi, panggih lan Jaka Rudita, myang Wirajata neng margi, mesem utusan kalih, alon denira amuwus, lah begja kemayangan, dene ngong bisa kapanggih, lawan sira neng kene kapasang yogya.

37. Nggonku ngenteni sakenjing, wurhanira ana kardi, payo milua maring wang", Ken Sodraka mesem angling: "Muliha sira kalih, matura marang gustimu, yen aku arsa marak, ingutus sang retna dewi", gegancangan kalihe bali cangkelak.

38. Lingsir kilem wancinira, duk tekeng Karang wong kalih, myat janma samya siyaga, ngalempakaken turanggi, sakatha den momoti, maksih sarean sang bagus, dhatenge Ken Sodraka, pinapag Ken Sora angling: "Lah ta nini sira banjura kewala.

39. Ngadhep ngarsane rahadyan, lagya sarean saiki, laju Ken Sodraka marak, rahadyan dupi udani, ilang rentenging galih, gya lenggah sarwi nabda rum: "Heh Sodraka bagea, baya ta sira tinuding, mring gustimu paran wartane ing kana.

40. Banget marase tyasingwang, aturna prasetya mami, tan nedya cidreng ubaya, de ingsun ngelihi bumi, saking tan nyipta lyaning, anggadhuh sang musthikeng rum, ujaringsun sapisan, sun tetepi lair batin, marma aywa dinalih tan tuhu cipta.

41. Yen ingsun aweta gesang, yekti ambaleni bakti, tur mustaka mring sang nata, lah ta aja walang ati, matura mring sang dewi, den jurungna sedyaningsun, mengko andum raharja", kanggeg Ken Sodraka myarsi, ngaras pada ngaturaken kang kintunan.

42. Miwah nyaket jro wardaya, mring andikane sang pekik, dennyarsa atur mustaka, punika minangka pamit, ngaturaken pepuji, sambada kang kinayun, Ken Sodraka mit nembah, linilan medal ing jawi, gung sinawang lampahe marang rahadyan.

43. Sapungkure Ken Sodraka, Ken Sora mesem sarya ngling: "Kaya weruh ing sasmita, teka ulate wong iki, katon semune wening, rahadyan ngandika arum. "Baya kang aneng pura, wus ngartika jroning ati, dene iki kekirim dodot cecitran.

44. Pepethane karya ebat, para kadean umeksi, sadaya sami kasmaran, puwara suka memuji, radyan tansah angliling, katongton warna sang ayu, cumithak gegawangan, masemu waspa tanpa wis, asiduwa mandeng naliti seratan.

45. Mangkana andikanira: "Wong iki tuhu linuwih, sukanya nganggit carita, winangun lelakon nguni, yeku kang dadya tamsil, Singalanggala sang prabu, binathik tunjung mekar, ing sela wulung angrawit, dhuh dhuh adhuh nyata ratuning kusuma".

46. Kelut kalulun kalunta, tyase rantas rontang-ranting, kataman ing reh asmara, rahadyan pepet kang galih, kaduk duka kepati, Ken Pamandana wruh semu, marek angembeng waspa, dalah kadeyan pra sami, asesambat ature amelas arsa:

47. "Dhuh dewa pepundhen amba, sampun kadurus prihatin, engeta kalamun titah, yekti tan bebadhe malih, kantun darma nglampahi, winayang mring suksmana gung, dhuh dhuh gusti engeta, ingkarsa kang wus pinasthi, temah nistha pugut raning janmotama.

48. Kalamun tan kasembadan, dedalan kaesi-esi, ngeseman dhateng buwana, saksana radyan anglilir, ngusap socane kalih, tanggap Ken Sora mangayun, atur tirta pasuryan, wuwing asuryan apeg pekik, nulya lenggah menggah-menggah andikanya:

49. Heh heh wruhanira padha, mungguh rasaning tyas yekti, kaya ta wurung wurunga, nggoningsun arsa lumaris, angur matiyeng ngriki, sumanggem nyanggakken umur, neng ngarsane sri nata, ngamuk ing kadhaton nuli, lamun mati nemu swarga luwih mulya.

50. Tur ta maksih tinungkulan, dening sang resmining puri, Mahisawagal wotsekar, "Kalamun makaten gusti, mangga ngamuk mring puri, mokal tan kuwawi mungsuh, sanadyan sirna gempang, ulun tan nggrantes nglampahi, sru kampita kepyan tyase Pamandana.

51. Dene ature Pawagal, muntab manahe sumengit, arsa mijil mungkasi prang, mangkrak krura yun ngemasi, tan polih amemenging, Ken Sora manambung wuwus nguwus-uwus tanpa was, mantheleng sabdane wengis: "E e sira Pawagal nyata prawira.

52. Nanging wadhag ruwag ruwag, tanpa nganggo akal budi, pikire binuwang dalan, jamake tetaren dhisik, ngendi nggonmu ngulati, lelirune sang binagus, yen wis prapta ing tiwas", Pawagal tanpa nauri, ngrumasani kadudon ing aturira.

53. Wau ta Ken Pamandana, ngrangkul padane sang pekik, sesambate melas arsa, "Dhuh gusti paduka mangkin, sampun kabuwur runtik, engeta sandining laku, aywa mangung kaselan, rubeda kang mbedhandhoni, angesthia wewelinge Wiraraja.

54. Yen nduluri cipta sasar, tan wun papa kang pinanggih, pati kang boten utama, tan pantes linakyan gusti, tangeh manggiha yukti, tiwas tuwas tanpa tutur, luhung lajeng nggaliha, rerantaman kang wuw dadi, dedalaning darajat lir maskumambang.

XIX. BIDHALAN DHATENG MAJAPAIT

MASKUMAMBANG

1. Kathah ture Pamandana mring sang pekik, radyan tan ngandika, puwara dhawah aguling, ing dalu tan kawarnaa.
2. Enjingira sadaya sampun rumanti, kuda pinalanan, kalangenan sona peksi, momotan miwah rembatan.
3. Ngrumiyini lampahe dulur anggili, radyan lajeng bidhal, nitih kuda den songsongi, kalangkung asri winulat.
4. Pra kadeyan ugi sami nitih wajik, sakeh wong Madura, sami neng wuri angiring, saweneh mawa gegaman.
5. Sampun medal saking sajawining kikis, karang padhusunan, sadangunireng lumaris, dumugi manguntur sela.
6. Kathahing wong ningali jejel apipit, radyan sigra medhak, sarwi anyangking camethi, ingiring para kadeyan.
7. Tindakipun amacan luwe mantesi, ngarsa jinajaran, upacara amepeki, kuda ngapit kering kanan.
8. Sona catur rinante lumampah ngarsi, awor lan kukila, gawok kang sami ningali, bayane aneng rembatan.
9. Warna-warna rerasane pra ningali, myat renggan tulyendah, kadi tan samaning janmi, ana kang ngucap mangkana:
10. "Tobat-tobat endah temen tan na nyami, nadyan upacara, sri nata yen nuju mijil, iya nora kaya ika.
11. Apa baya radyan iku kang mangka wit, musthikaning titah, murti-murtining linuwih, tur warna tan ana memba.

12. Rame umung ucape wong turut margi, getun jroning nala, lir kelangan sesotya di, di-adining nagri Daha.

13. Tan wruh ingkang dadya darunaning ngalih, lengser saking Daha, lumirig mring Majapait, tan wus wuwusen samana.

14. Duk pangkate ing masa merta nyarengi, ya masa rendhengan, aderes dhawahing riris, gumrujug kadi sinuntak.

15. Margi-margi warata kaleban warih, lunyune kaliwat, jeblоge amakewuhi, mring kang anggereg padhatya.

16. Surem-surem sorote hyang bagaspati, thathite liweran, gludhug gumaleger muni, grag greg horeging bantala.

17. Wukir-wukir tinon lir angemu riris, trena taru lata, abingar merdawa wilis, lir roga antuk usada.

18. Ya tau wau lamine dennya lumaris, antuk sapta dina, sapta wengi nulya prapti, ing Majapait tetrukan.

19. Gya anjujug pakuwon lor kang mungkasi, ingriku katingal, tilasing babadan resik, angajengaken narmada.

20. Saking kidul tempur lan kali kang saking, kilen gumarajag, swarane ngres-ngresi ati, kedhunge jero nalaga.

21. Toya wening kadi toyaning jaladri, peparange rangap, selane pipit mandhelis, pring petung ngeyubi jurang.

22. Arantunan ombake agung nampeki, lah ing kono dadya, papane angaring-aring, palwa jukung tanpa sela.

23. Mudhik milir baitane wong agrami, genti lunga teka, wong dagang saka lyan nagri, lumintu janma Madura.

24. Kacarita radyan lan kadeyan sami, mungging pasanggrahan, kang rinengga pinalisir, toya gung ngubengi wisma.

25. Tinon asri cara-carane angrawit, mantri myang punggawa, pakuwone dadya tawing, mangka wat-uwat pikuwat.

26. Pasawahan myang tegal gumlar wus dadi, tanemane pepak, pala kirna warni-warni, godhonge ledhung ngrembaka.

27. Datan kari sagung ingkang puspita di, pucang lan tirisan, pisang tumaruna lagi, lan ana sekar minulya.

28. Pepethetan saking Cempa wite nguni, binatur ing karang, ya ing kono nggyane nangkil, palenggahane rahadyan.

29. Wijil pindho ingriku dipun wastani, ya ta duk samana, Ken Sora matur wotsari: "Dhuh gusti rehning samangkya.

30. Sampun prapteng titi mangsanipun tangi, sedheng putusana, radyan gya dhedhawuh maring, Kupuk lan Mahisa Wagal.

31. "Lah ta sira padha sun duta wong kalih, enggal lumakua, marang Sumenep nagari, ketemua Wiraraja.

32. Weha weruh samengko ingsun wus prapti, neng babadan anyar, dene yen uwis pinanggih, sira banjur atulaka.

33. Wit kadereng karsaningsun mamrep jurit, mangrabaseng Daha, paran rembuge dipati, sun banget mangarsa-arsa.

34. Kang ingagnya kalihe tur sembah mijil, samapta ing lampah, gya budhal caraka kalih, neng marga akedhandhangan.

XX. SOWANIPUN RANGGALAWE DHATENG MAJAPAIT ANDHEREKAKEN SANG PUTRI

DHANDHANGGULA

1. Tan kinocap wau kang lumaris, Majapait ingkang winursita, rinten dalu dulur bae, datan kendhat lumintu, ingkang prapta saanak rabi, janma saking lyan praja, ngungsi adedunung, nulya sami tegal sawah, manggen karang padhusunan laku tani, dhatengan tan petungan.

2. Kathah ingkang rupane abecik, sinung pernah wus mapan sadaya, tan kurang sandhang pangane, ya ta enjing winuwus, radyan lenggah neng Wijilkalih, ingadhep pra kadeyan, myang mantri supenuh, rahadyan nulya utusan, animbali wong anyar kang nembe prapti, tan dangu katingalan.

3. Ana cacah sawidak sujanmi, den irid mring duta marek ngarsa, sadaya atur sembahe, samya sila mabukuh, pinilihan kang becik-becik, kang bekti marang nata, ambeke rahayu, sami kinula wisudha, pinapangkat angenomi para mantri, miturut kahanannya.

4. Duk samana Sora mesem angling, "Pundi punika kang winisudha, menggah pambatange mangke, mirid jenggerengipun, miwah sawang sawunging jamni, inggih luhung punika, ageng badanipun, sarta santosa akiyal, jaja welar dinulu teka ngajrihi, radyan dupi miyarsa.

5. Turing Sora mesem sarya nolih, Pamandana gumuyu angucap, "Pantes awake ngarepek, sugih umukan saguh, wus katara ulah malencing, mantri sareng guyunya, karasa ing semu, ya ta radyan wus parentah, amilihi janma kangwarnane becik, kang pantes pinitaya.

6. Tan Winarna denira milihi, sasampune nglempak gya pinernah, den dunungken dhewe-dhewe, rahadyan nuli kondur, pra kadeyan kari ing jawi, nutugken suka-suka, sang Sora memuruk, maring wongira sadaya, esuk sore winulang susilastuti, kocapa ing Madura.

9. Wiraraja sampun nyudhiyani, palwa calon titihan sang retna, tumut ngajawi badhene, yeku putri kang sepuh, ingkang aneng Sumenep kari, dene Mahisa Wagal, sampune papangguh, matur sarehing dinuta, mring dipati anulya tinulak bali, lampahe tan kinocap.

10. Ya ta wonten sutaning dipati, kang dedunung neng Tunjung pernahnya, Madura kang sisih kilen, kinen ndherek sang ayu, dadya wakilipun sudarmi, ngaturken mring rahadyan, wau ta wus rampung, saupakertining lampah, tandya budhal cinendhak samana prapti, kandheg neng Wirasaba.

11. Aneng ngriku mandhape sang putri, pinethuk lan raka dyan Wijaya, anulya sareng kondure, Ken Pinatih tan kantun, sampun prapta ing dalem puri, radyan lenggah sineba, kang

sumewa penuh, para mantri aneng ngarsa, Pamandana dhinawuhan mring sang pekik, 'Heh sira Pamandana.

12. Umatura marang yayi dewi, pernahena wong sajroning pura, ing Salu kulon enggone, bibi Pinatih patut, sisih elor kang para cethi, miwah pawonganira," kang sinabdan mundur, andhawuhaken timbalan, gantya kocap Mahisa Wagal wus prapti, dinangu mring rahadyan:

13. Paran lakunira ingsun piji, temu lan dipati Wiraraja," kang dinangu tur sembahe: "Dhuh gusti ulun sampun, panggih Wiraraja dipati, andhawuhken timbalan, sandika turipun, lajeng nggennya tata-tata, badhe sowanira dhateng Majapait, ngadhep ngarsa paduka.

14. Ing sapengker ulun anututi, nungka lampah de sadaya rembag, kang katur paduka raden, sampun kamot sadarum, wewelinge sang adipati, binekta ing sutanya, kang sowan sang bagus, nggarjita kang ingaturan, gya ngandika: "Lah samengko ana ngendi, ingsun arsa uninga".

15. Mesa Wagal umatur wotsari: "Warnanipun bagus tur utama, manggen neng praja pantese, samangke taksih kantun, wonten Wirasaba ngentosi, Banyak Kapuk rowangnya," radyan sigra nuduh, mring Wirasanta kalawan Kapalsoka kalihe kinen nimbali, sandika nuli bidhal.

16. Aneng marga lampahe kapanggih, lawan sira ingkang tinimbalan, mandhap saking kuda age, sawuse sami tundhuk, ndhawuhaken timbalan gusti, nuli sareng lumampah, kathah wong ndedulu, adulur samarga-marga, tan pantara wus prapta Wijil ping kalih, Banyakkapuk lampahnya.

17. Ngrumiyini matur mring sang pekik, lamun sutanipun Wiraraja, sampun kerid pisowane, tandya kinen lumebu, sapraptaning ngarsa sang pekik, ingawe mrih celaka, marek awotsantun, sarwi alon aturira: "Adhuh gusti sowan kawula tinuding, mring abdinta pun bapa.

18. Ngaturaken tur-ature gusti, pakintun kang saking nagri Tatar, dene pun bapa sowane, ngentosi angsul-angsul, ra-

jeng Tatar dipun aturi, rawuhipun ngajawa, mangrabaseng pupuh, anggempura pureng Daha, ingapusan kinen grebata sang putri, ginadhang dadya garwa.

19. Sawusing tur-ature tinampi, suteng Wiraraja matur nembah: "Tuwin pun bapa welinge, jeng paduka pukulun, den aturi santoseng galih, ywa kasesa ing lampah, mindhak karya wurung, dening lajeng kawadaka, marma dipun aturi nyimpen kang tertib, lulusing pangupaya.

20. Ingkang ingaturan masmu tangis, sru kapranan mring weling mangkana, tuhu luwih pamawase, jog tumurun sang bagus, sarwi ngrangkul sabdane ririh, "Banget lega tyasingwang, yayi satekamu, bebasan lir taru lata, manggih agring siniram ing toya riris, puwara njrah mardapa.

21. Mokal datan ngidhepa sun yayi, marang ujare bapa kang nyata, tansah ingsun gatekake, marma panjalukingsun, sira yayi milua mami, neng kene nulungana, welasa maringsun", kang sinabdan matur nembah: "Dhuh pepundhen kawula ngaturken pati, lamun tan sideng lampah.

22. Yekti ulun datan nedya mulih, lan pun bapa boten dangu prapta, ambekta wadya balane, sikep kaprabon pupuh, seka kapti lebureng jurit, radyan mangke nggarjita, enggar tyas wadya gung, sareng dinangu wastanya, suteng Wiraraja mung sumenggang gusti, mesem radyan ngandika:

23. "Sira yayi mengko sun arani, pantes ajenenga Ranggaweang, uga karan Ranggalawe, marmane sira iku, sun parabi mangkono yayi, sun wenangken misesa, sarehira manut", sigegen kang wawan sabda, nulya miyos rahadyan mring jawi kori, anginum suka-suka.

24. Tan pantara katungka praptaning, rerembatan saking Wirasaba, Ken Pinatih bebektane, ingkang katur sang ayu, lampahira selur anggili, ya ta kang andrawina, lingsir kilen rampung, para mantri gya luwaran, sira Ranggalawe den pondokken nuli, neng wismane sang Sora.

25. Dalah sawongira den pranteni, tan kuciwa sugata warata,

kocapa wau enjinge, pra mantri sampun ngumpul, radyan miyos lenggah siniwi, Ranggalawe Ken Sora, myang pra mantri sepuh, anggunem tingkahing aprang, wus agolong sayuk saiyek ing kapti, nulya atata-tata.

26. Sanjata lan wahana rinakit, pinariksa sakeh wadyabala, tiniti mrih sampurnane, miwah tebaning laku, jurang-jurang kali myang wukir, kuwu-kuwu lan marga, kang anjog sesiluk, pinrayitnan pinapinta, wineruhan winarah amrih pakolih, suminggah ing durgama.

27. Ranggalawe matur ing sang pekik, aken mantuk mring punggawanira, amboyongi turanggane, dene ta asalipun, saking Bima pened kinardi, tumpakaning kadeyan, muwah mantri mungguh, kajawi mendhet turangga, ugi kinen amendhet kaprabon jurit, gong beri tetabuhan.

28. Radyan dahat renaning panggalih: "Iya yayi apa sarehira, ingsun pasrah ing becike," wus geleng ingkang rembug, nulya medal sagunging mantri, mring manguntur drawina, mangkana winuwus, tan pegat sadina-dina, wong Madura kang prapta ing Majapait, sikep gegamaning prang.

29. Sangsayarja kutha Majapait, wewah-wewah wewangunan anyar, pasanggrahan supenuh ber, saking rerigenipun, Ranggalawe tuhu linuwih, Ken Pinatih kocapa, tansah mlebu metu, leladen tan na kuciwa, nulya wonten utusane sri bupati, prapta ing Majalengka.

30. Mantri Sagara Winotan nami, ngemban dhawuh kinen amriksaa, paran mangke wusanane, samayane sang bagus, duk samana apajar sasi, duta sinung pondhokan, jawi kitha sampun, enjing nulya pinanggihan, aneng bale panjang denira ngurmati, bojana dhahar suka.

31. Radyan aneng ngriku anjenengi, eca para mantri samya nadhah, katungka wau dhatenge, momotan ing parau, ingkang saking Madura mudhik, dulur lampah neng toya, rame sri dinulu, kathah solah tan winarna, wong baita baut kulina ing warih, tan kewran ulah satang.

32. Mantri Winotan suka ningali, dene baita amomot kuda, ingkang mangka pamburune, mesem nabda sang bagus: "Inggih kakang sun bekta benjing, jaring kalawan sona, yen wus mranti laku, saking ngriki ingsun budhal, sang Winotan umatur saha wotsari: "Dhuh raden kaparenga.

33. Ulun badhe kapengin ningali, kados punapa tangkeping solah, tiyang Madura yektose, Ranggalawe duk ngrungu, gya sumambung esmu nyampahi: "Lah punapa bedanya, nagri lawan dhusun, menggahing wong nitih kuda, mung gumantung dhateng ingkang anitihi, ing benjing tingalana.

34. Yeh wus prapta nagareng Kadhiri", langkung kagyat Sagara Winotan, asru wijiling wuwuse: "I babo sapa iku, mantri anyar ngucap nyenyengit", radyan nolih Ken Sora, tanggap Sora gupuh, Ranggalawe dhinawuhan, "Lah ta kaki balanira konen nuli, ngandhapena kang kuda.

35. Parakena maring natar aglis, Ranggalawe angadeg saksana, sarwi amingkis kampuhe, tyase kabranang nepsu, lali lamun neng ngarsa gusti, mesem Sora duk mulat, alon dennya tutur, maring Sagara Winotan: "Nggih punika mantri anyar ingkang nami, Ranggalawe asalnya.

36. Saking dhusun Tanjung cupet budi, tan wruh tatakramaning nagara, Ranggalawe lon delinge: "Lah mangke paman sampun, karya sumpek mindhak baribin, benjang tempuking karya, yekti badhe weruh, radyan ngalem jro wardaya, nulya dhateng kuda pepilihan sami, pitulikur cacahnya.

37. Gya binage maring rangga mantri, miwah para buyut kawaratan, kang samya badhe andherek, mring Daha ambeburu, ya tau wau Winotan amit, radyan dhawuh bubaran, sah saking ingriku, sami anitih turangga, anggarubyug tindake raden mring puri, kanthi sukaning manah.

XXI. WIRARAJA SOWAN DHATENG MAJAPAIT LAJENG REMBAGAN BAB PAMUKULING PRANG

KINANTHI

1. Mangke ganti kang winuwus, sang Wiraraja dipati, sasampuning asiyaga, sakapraboning ajurit, sanguning kang wadyabala, dinuga penuh nyekapi,
2. Nuli budhal lampahipun, mangidul nurut benawi, radyan kalane miyarsa, yen Wiraraja ngajawi, gya methuk mring Wirasaba, neng ngriku denira panggih.
3. Kinurmatan lir tetamu, binujakrama angenting, wusing pinisuka sira, binekta ring Majapait, sarawuhira ing pura, wong agung agunem pikir.
4. Prakara dadining laku, Wiraraja awotsari, matur mring raden Wijaya: "Kauningana sang pekik, kawula sampun nyundaka, dhateng ing Tatar nagari.
5. Dene kang kawula tuduh, yayi mantri Wanengpati, saha sampun ulun wekas, ature mring Tatar aji, lamun sagah mbedhah Daha, putri Singasari kalih.
6. Kang kaojat warnanipun, tan wonten ingkang tumandhing, tuhu kalengkaning jagad, kinarya ganjaran benjing, mila mangke prayoganya, sami asemayan gusti.
7. Radyan angandika arum: "Bapa sun srahken bab iki, ingsun mung manut ing sira. Ken Sora nggarjiteng ati, tatanya mring Wiraraja: "Lah ta kakang adipati,
8. Kapan ta sidaning laku, yen saka panemu mami, ywa kongsi kari ing lampah, lawan suruhan ing benjing," sumaur sang Wiraraja: "Mungguh pamikirku yayi.
9. Gegamane aprang pupuh, iku tinata karihin, Ranggalawe tur prayoga, ing benjang sidaning kardi, pinaliha punang bala, kang metu elor sapalih,

10. Langkung saelering dhusun, Linggasana sru pakolih, dalan gung lajeng andungkap, saking kidul Singasari, yeku dhusun Sidabawa, neng Lawor anurut kali.

11. Ing nguni dedalanipun, patih Mundharang duk prapti, aneng ngriku gya pethukan, tandya sami eka kapti, ki dipati Wiraraja, umatur mring radyan pekik,

12. "Dhuh gusti ing aturipun, pun Ranggalawe puniki, langkung dening prayoganya, kawula sanget njurungi, rahadyan aris ngandika, "Bapa sun uga nyondhongi.

13. Benjang angkating wadya gung, ingkang mangka senapati, sira bapa lumakua, mangalor sawadya mami, ngiras ngirus niti priksa, wong Tatar kang arsa prapti.

14. Lan miliha kanthi besuk, Jalawastra aja tebih, apa maneh Wirasanta, Surasampana ywa lari, Rara Sindura milua, kang kidul iku wong kalih, si Kapal Asoka iku, lan Caritangsa ngrewangi, dene si Jaka Pidikan, rangga Parijatha benjing, dadia pangalap marga, sandika kang para mantri,

15. Angetokaken sadhawuh, ya ta gya bubaran mijil, masanggrahan tata-tata, Wiraraja sampun panggih, lan Ken Pinatih garwanya, mijil saking jroning puri.

16. Angiring pawonganipun, mbekta dhaharan di adi, mawarna-warna mirasa, yeku segahe sang putri, nulya sami abujana, kembul dhahar lan pra mantri.

17. Suka dhedhaharan nutug, ndungkap suruping hyang rawi, nulya bubar sesowangan, lamine datan winarni, wus prapteng samayanira, prajurit ngumpul miranti.

18. Gya budhalan elur selur, yen dalu nginep ing margi, anjog ing Patani desa, aneng ngriku tata baris, gegaman agung santosa, radyan sru muntab ing galih.

19. Ingkang lor mangke lumintu, wong Madura ambarisi, tinindhihan Wiraraja, ya ta wus katur sang aji, kalamun Patani desa, rinurah mungsuh kang prapti.

20. Wadyabalane sang bagus, nedya mangrabaseng puri, bi-

nantu sang Wiraraja, dahat kampita narpati, nulya miyos siniwaka, neng bale bang amiranti.

21. Jejel para mantri ngayun, gegaman sampun sumaji, ngalun-alun tanpa sela, kulon kidul kadi banjir, tan pegat ndilir kang prapta, prajurit sikep ing jurit.

22. Ki patih Mundharang gupuh, matur maring sri bupati, "Dhuh gusti jeng susuhunan, ulun cumadhong karsa ji, sarehning mangke wus nyata, tetiyang ing Majapait.

23. Angrampas Patani dhusun, nedya mangrurah nagari, sang nata tanpa ngandika, esmu kemengan ing galih, Mahisa Rubuh tur sembah: "Panduginipun pun patik.

24. Mengsah punika sang prabu, wonten kang ngojok-ojoki, binabangun mrih runtika, putra paduka sang pekik, pramila lajeng mangu prang. awit kalanipun nguni.

25. Putra paduka puniku, sampun sakeca kang galih, sih setya dhateng paduka, myang dereng antawis lami, dhatengipun pun Winotan, mariksa ing Majapait.

26. Winotan sareng angrungu, ujar pameleh nambung ling: "He Mahisa Rubuh sira, lah aja kakehan pikir, yen wani sira suduka, mengko metonana jurit.

27. Misa Rubuh nabda asru, "He Winotan sira iki, kalingane ngrasa wirang, purengen ingkang sinung ling, sareng dennya narik katga, geger mantri kang sumiwi.

28. Nuli ngandika sang prabu: "Aja padha na pradongdi, lan aja dinawa-dawa, tanpa gawe ngreribedi, kabeh pepesthening janma, nora kena den selaki.

29. Nedhenge imbalan wuwus, munya kalantaka atri, gumaludhug bebendrongan, kadi manengker wiyati, saking ler sabawanira, kasaru pacalang prapti.

30. Saking kuda jog tumurun, marek byantara narpati, tur sembah apegat-pegat: "Dhuh gusti sri narapati, patik bra atur uninga, wonten mengsah geng ndhatengi.

31. Saking Tatar kang jinujug, ing muwara angebeki, aselur

tanpa petungan, kebekan sakehing kali, kadi laron lagya medal, saking lengipun anggili.

32. Saalokipun kang mungsuh, suruhanipun putra ji, radyan Wijaya kalawan, pun Wiraraja dipati, de nateng Tatar punika, Taru Laksmana bebisik.

33. Sarwi anitih parau, giyota kathah kang ngiring, tinon lir ardi pawaka, ting karethap mbalerengi, layaripun lelungsiran, bandera nglela kaeksi.

34. Kang wadya ewon tumurun, sangkep dedameling jurit, tameng towok miwah kantar, jemparing sanjata api, kakanjar pangajengira, asarukan rante sami.

35. Mandhi kakandha lelayu, tabeh-tabehan tan kari, ingriku lajeng tumandang, angrusak dhusun paminggir, tiyang Tuban sirna gempang, tan wonten kang mangga pulih.

36. Salang tunjang binabujung, de lampah kawulah gusti, nusup-nusup tan nut marga, anydhat-nyidhat anilib", telas aturing pacalang, gegetun sri narapati.

37. Sakala tyas sru margiyuh, pinupus pepesthen prapti, sri Jayakatong ngandika: "Lah apa rinasa malih, sayekti wus tanpa karya, lah payo papagen aglis.

38. Heh Mundharang karsaningsun, lah bagenen laku iki, dadia catur golongan, bage-bagean ing kardi, ing kidul Panglet tindhihnya, baris lor ingkang nindhihi.

39. Misantaka bowong iku, dene wetan kang nindhihi, mantri Sagara Winotan, Rangga Janur dadya kanthi, ganepe tinindhih sira, terang dhawuhe sang aji.

XXII. TEMPUHING PRANGIPUN WADYA ING DAHA KALIYAN MAJAPAIT

40. Prajurit budhal gumuruh, sangkep gegamaning jurit, tinon lir wukir lumampah, karang wahana turanggi, rone lalayu daludag, alwah lakuning prajurit.

41. Anjognya gurnita umung, swareng tabuhan melingi, sri

nata nitih dipangga, mulat bala glar ing ngarsi, wahana jejel atusan, dhedhet lebu mawor angin.

42. Prajurit kang saking kidul, tempuk papagan neng margi, lan dedamel Wilatikta, yatna sang kembar kekalih, Kapalsoka nata bala, rumanti rakiting baris.

43. Rangga Parijatha gupuh, samana wus ngalap margi, lawan Jejaka Pidikan, myang Wiro ingkang ngrewangi, saksana acampuh yuda, rame swaraning gong beri.

44. Surake mawantu-wantu, winantu unining bedhil, kadi ruging kang parwata, rajeng Madura nulungi, anggeregaken sanjata, ya ta kapapag neng margi.

45. Lan Winotan barisipun, rangga Janur kang nindhihi, campuh rame leng-ulengan, prajurit asilih ungkih, kang saking lor sri narendra, barise ingkang nindhihi.

46. Wira Bowong lajeng nempuh, anelabung saking kering, baris Tatar kathetheran, tan dangu nuli pepulih, tan anggop abebedhilan, sedhenging prang selang tangkis.

47. Ya ta kawuwusa wau, sang Gajah Pagon wus mijil, saking patirahanira, lan Ngirid pun Macan Kuping, cumundhuk ngarsa rahadyan, ature kaworan tangis:

48. Dhuh gusti kawulanipun, kang wus pejah manggih urip, raosing manah kawula, sareng mireng swareng bedhil, tuwin surak magenturan, bendhe mungel amelingi.

49. Lir ginugah manah ulun, roganing raga wus pulih, mangke kasidaning sedya, angangkas-angkas naur sih, tan lyan ngaturaken pejah, dadosa tetawur jurit.

50. Kasok tyasira sang bagus, adangu tatanpa angling, satemah angemu waspa, ketang duk kinepung nguni, sigegen tempuhing aprang, tan ana nedya ngunduri.

XXIII. PRAJURIT ING DAHA KLEBET ING GELAR

DURMA

1. Mangkya patih Mundharang kang kinakalang, kinepung pinalipir, sira Caritangsa, Singa Nuwuk Andaka, api-api anggingsiri, leres tangkisnya, muntap baris Kadhiri.
2. Kadya alun mangelun mungsuh mrih sirna, Mundharang mamrep ngungkih, ngalojok prangira, tan wruh cidraning lawan, Ken Pangelet saking kering, mangsah mangrunjah, kinebyak mungsuh konthit.
3. Wira Wiro Singa Nuwuk Parijatha, Drawalika pepulih, pareng pangamuknya, lawan patih Mundharang, alelumbungan ing jurit, Andaka pejah, dinuk saking turanggi.
4. Singa Nuwuk Parungsari amerjaya, pejah pun kembar kalih, pun Kapal Asoka, kalawan Caritangsa, karone atawan kanin, wong Wilatikta, gumulung rebut ngarsi.
5. Gajah Pagon muntap krodha mamrep mangsah, peteng madyaning jurit, lebu ngampak-ampak, singa katrajang bubar, Buta Wilis mapag jurit, tan dangu pejah, sang wilalungan kanin.
6. Ngolang-ngaling Gajah Pagon asru meta, manengah den kembuli, pinarbutan kathah, sinerang pinarjaya, rinampog dhawah ngemasi, surak wurahan, rame riwut ing jurit.
7. Kanigara pejah dening Pamandana, tumenggung Parung Sari, pejah dening Medhang, pinedhang tibeng lemah, Pangelet sampun ngemasi, neng luhur kuda, pinanah dening Nambi.
8. Banyak Kapuk pejah dening Drawalika, Kapetengan dinuk mring, kya patih Mundharang, tiba kantep neng kisma, ananging datan ngemasi, Mahisa Wagal, lan Misa Rubuh tandhing.
9. Tanpa rungwan swaraningkang tetabuhan, Ken Sora den

ancari, tinumbak tan pasah, dening patih Mundharang, Drawalika angembuli, Ken Sora panggah, tinumbakan tan titis.

10. Demang Drawalika kagyat tiba klumah, sinuduk dening Dhangdi, saking wurinira, dadya wau Ken Sora, atangi mangancap maring, patih Mundharang, giris lumayu nggendring.

11. Kebo Teki samana nulya amalang, kena tinekek mati, bubar baris Daha, kadaut undurira, palarasan langkung giris, ya ta kocapa, wadya Madura jurit.

12. Tan pepulih wadya kaseser meh buyar, Ranggalawyasmu runtik, atakon ing bala: "Sapa kang nindhihana, baris mungsuh ngarep iki," aturing wadya: "Ingkang dadya tetindhih.

13. Mantri wira Winotan bangkit nggegalak, kang pinayungan putih, saupacaranya, pangarep para rangga, sami wahana turanggi", sang Ranggawenang, gya mangsah nitih wajik.

14. Kudanira Andhawesi sinung aran, meles aules manggis, teweke ingayat, prajurit ing Madura, gambira sura ing jurit, nembang tengara, kendhang beri tinitir.

15. Wanengpati Saraduta Jalawastra, dadya pangarep baris, wus setyan si netyan, aja na mundur ing prang, tandange yayah dhedhali, arebat mangsan, ngiwa nengen memati.

16. Rame bereg binereg serang sinerang, Ranggapala ngemasi, dening Wirasanta, Ranggasemi palastra, Jalawastra kang mateni, kaseser yuda, wong Daha akeh mati.

17. Ranggamayang Ranggajanur tetulung prang, tandange mobat-mabit, wong Madura giras, wau Ken Saraduta, pinatyan ing Wanengpati brana tan jahat, umung tabuhan muni.

18. Leng ulengan campuh rok ruket kang aprang, tan anggop swareng bedhil, saking bisanira, Jalawastra met papan,

kasreg prajurit Kadhiri, pinegat pegat, Ranggalawe mrepeki.

19. Keh katunjang tinujah ing kudanira, kang aran Andhawesi, binrakot sinepak, wong Daha gundam-gundam kagum-kagum niba tangi, mantri Winotan, kemengan dennya jurit.

20. Nuli malik sakatha Lawe amapag, Winotan mesem angling: "Kalingane sira, Ranggalawe diksura, ujarmu biyen nyidrani", ingkang liningan, dahat kabranang runtik.

21. Amet cidra sigra ngadeg saking kuda, malumpat mring padhati, asurak gurnita, sirna mantri ing Daha, Sumbi pinatenan dening, Rara Sindura, Rangga Bethe akanin.

22. Dening Tunjung Tutur tandhinge ayuda, Ranggajanur pinatin, dening Wiraraja, wau Sura Sampana, amejahi Ranggasunthi, sisaning pejah, giris lumayu ngisis.

23. Wong Madura surake lir gunung bentar, ya ta nulya kapanggih, lan wong Wilatikta, pethuk neng pojok marga, masih enak sami jurit, punggaweng Daha, ngungsi mundharang patih.

24. Dadya ngumpul kang baris elor kang lagya, nedheng ramya ajurit, neng madyaning sawah, sawah kaleban erah, kaserot wadyeng Kadhiri, mantri pangarsa, iyeg sami pepulih.

25. Bango Dholog ro Bowongmyang Panji Sekar; sirarjuna Pepilis, Misa Pati lawan, Kebo Mayung umangsah, arame ukih ingukih, kathah kasurnan, pepejah tanpa wilis.

26. Meh kagiwang wong Tatar keles ing kuda, dening dharat pra sami, ngungsi mring muara, kyana patih ing Tatar, kekalih taruna pekik, Taru Janaka, kalawan Jana Pati.

27. Kalihira nulya mangsah ngadilaga, neng sakatha respati, sarwi pinayungan, apayung kertas jenar, angembat jemparing kalih, tinut mantrinya, angebyuk angembuli.

28. Binarung ing sanjata munya sarengan, wadyeng Daha kalin-

dhih, rusak barisira, para mantri duk mulat, atandang sareng pepulih, wahana kuda, nunjang mungsuh mrih kongkih.

29. Sang Arjuna pepilis lan Misantaka, sami keneng jemparing, mundur tawan brana, tandha mantri keh pejah, sri Jayakatong duk uning, langkung bramatya, wungu runtiking galih.

30. Gatgada njog mungging rengganing kang rata, lir panggroning raseksi, dhawuh maring wadya, kiwa tengen ngebyuka, gumuruh swaraning beri, bendhe sauran, gurnita surak anjrit.

31. Tetindhihing Daha awahana kuda, leksan manujah wani, gut-guten ing aprang, kadi anggempur jagad, singa kang katrajang gusis, mawur sarsaran, wadyeng Tatar katitih.

32. Prabu Jayakatong ngideg saking liman, Jangkung Ngilo ngampingi, patih Tatar mapag, sira Taru Janaka, kalawan sang Jana Pati, sami prayitna, anglepasi jemparing.

33. Saya sura sang nata rinebut ing prang, aneng luhuring esthi, amolahken liman, Jana Pati meh kena, tinelale angoncati, anjog ing lemah, Taru Janaka kari.

34. Ginadhing ing gajah pejah kapisanan, Jana Pati pepulih, gya angalang dhadhap, sri Jayakatong mulat, dahat krodhane mawerdi, Mahisantaka, lan Arjuna Pepilis.

35. Pareng mangsah mangrubut mengsah mbeksura, Jana Pati sor titih, pejah madyeng laga, wuwuh ramening surak, wus katur marang sang aji, Taru Laksana, pejaking patih kalih.

XXIV. PRABU JAYAKATONG PRANG KALIYAN NATA ING TATAR, KAJODHI

36. Duk miyarsa nateng Tatar sruning duka, yayah parwata api, anggesengna mengsah, wus ngrasuk kaprabon prang, sa-

ha gandhewa cinangking, sara pradipta, sinongsongan jong kuning.

37. Ginarubyug ing wadya lir ladhu mara, marang madyaning jurit, wus ayun-ayunan, nateng Tatar lan Daha, sri Jayakatong nudingi, saking matengga, awengis wedharing ling:

38. "Sira Tatar tan wruh tatakrameng raja, karem ing laku juti, ambeg nistha dama, gelah-gelahing jagad, dene sira ngreregoni, nggoningsun aprang, lawan sanak pribadi.

39. Teka sira kadhungsangan mamrih pejah", rajeng Tatar nauri, "Heh sang nateng Daha, luput kang sira ucap, darmaning satriya luwih, kang ingsun tulad. nyapu regeding bumi.

40. Rahayuning jagad kang tansah sun reksa, mangka sira sang aji, kalok nusantara, karem karya ruhara, laku cidra tan wruh becik, tetep durmala, leletheking nerpati.

41. Sanget merang sri Jayakatong miyarsa, ngangsahken kanang esthi, sri Taru Laksana, yatna nglepasken astra, jemparing kadya garimis, mukaning liman, kacundhuk ing jemparing.

42. Wak warata cercep kebak ing warastra, ngempret karasa sakit, ngolang ngaling meta, wuru riwut tandangnya, kang kapidak tumpes tapis, prajurit Tatar, tan anggop anjemparing.

43. Tan pantara pejah ambruk kang dipangga, sri Jayakatong nuli, dharat yudanira, tempuh sami prawira, lan Taru Laksana aji, tan na kasoran, nyandhak curiga kalih.

44. Kasaliring sri Jayakatong yudanya, jaja sinuduk keni, dening rajeng Tatar, dhawah gumuling kisma, sumahab wadya ngebyuki, rinante sigra, sinikep wus kajodhi.

45. Dhadhal larut prajurit Daha lumajar, Jangkung Ngilo anggendring, nora tolih wuntat, sira patih Mandharang, kacandhak dipun pejahi, dening Ken Sora, nungkul sisaning pati.

46. Prabu Jayakatong nulya kinunjara, Wiraraja dipati, ingkang pinasrahan, ya ta radyan Wijaya, wanci lingsiring hyang rawi, malebeng pura, pra kenya nata weni.

XXV. LEMBUSORA KALIYAN RANGGALAWE NGAMUK UTUSANIPUN NATENG TATAR

SINOM

1. Duk samana kapiyarsa, wong pura pating jalerit, tangis gumuruh swaranya, rahadyan sampun pinanggih, lawan rayi sang putri, anulya winawa metu, tinihtihken dirada, sira Ken Sodra tan kari, asisihan lawan sira Ken Madraka.
2. Sarati Ken Panandana, sang Wiraraja dipati, umatur dhateng rahadyan: "Prayoginipun sang pekik, rayi paduka mangkin, den bidhalena rumuhun, mindhak ngribeti lampah, ywa dangu-dangu neng ngriki, dene tiyang Tatar ulun kang angrembag.
3. Awit yen ngrumiyinana, dhateng Wilatikta gusti, tamtu badhe ewet aya, anggenipun angrembagi, sabab anyumerepi, satingkahing gelar samun, radyan datan lenggana, nulya ginelak lumaris, gegancangan tindak anitih dirada.
4. Sadalu lumampah ngetan, dumugi ing Majapait, enjinge gya rerembagan, sang Wiraraja dipati, kalawan para mantri: "Heh yayi sadayinipun, paran rembag andika, yen pun Tatar nanggih janji", para mantri kaweken tan ana ngucap.
5. Mangkana wau Ken Sora, mesem alon anauri: "Lah apa maneh den ucap, kalamun radyan marengi, becike den timbali, yen wis prapta iku besuk, sun amuke si Tatar, masa dadak mindho kardi, langkung rena radyan mring ature Sora.
6. Binumbonan aturira, Ranggalawe nayogyani, mulapakt mantri sadaya, saha nedya atohpati, kasaru ingkang prap-

ti, mantri kalih bagus-bagus, dutaning nateng Tatar, Sudarsana awewangi, satunggile anama pun Suryanasa.

7. Ingiring prajuritira, kalih atus winitawis, sangkep sagegamaning prang, mundhi nawaleng nerpati, ya ta wus den panggihi, mring Sora lan kalihipun, Ranggalawe samana, kang serat tinampan aglis, surasaning layang kang nagih ganjaran.

8. Rehning mangke nagri Daha, bedhah kasoran ing jurit, ratune wus pinanjara, sri Jayakatong kajodhi, anyuwun sang suputri, tamating pamaosipun, Ranggalawe wacana: "Heh sira utusan kalih, den saranta sampun kasesa ing lampah.

9. Ken Sora nambungi sabda, "Andika sinten wewangi, kalihe sawarni putra, busana ro mawi ciri", kang tinanyan nauri: "Sudrasana nama ulun, Jana Pati pun bapa, de kanca amba puniki, Suryanata suteng patih Tarujana.

10. Inggih ingkang sami pejah, kasambut madyaning jurit, nglampahi ayahan nata, mesem Ken Sora sarwyangling: "Leres turira sami, pantes pinercayen ratu, nanging nadyan mangkana, andika duta kekalih, dipun sabar sampun kasesa ing manah.

11. Mesakaken sang kusuma, awit manawi mirsani, dedamel langkung jrih maras, kanji kalanipun nguni, duk nagri Singasari, kinepang dedamel pupuh, dening prajurit Daha, tan wande benjang sang putri, yen den iring prajurit sikep gegaman.

12. Aneng madyaning narmada, milalu lena ing warih, sinten kang badhe kecalan, mila mrih basukeng kardi, becik sinangkan aris, Ranggalawe nambung wuwus, "Prayogine ing lampah, andika wangsul tumuli, samektaa pawongan methuk sang retna.

13. Mangka panglipuring driya, de tiyange jaler sami, aja na sikep gegaman, ngiringna gamelan muni, ngampil pacareng putri, yekti tan sangsayeng laku, utusan ro nggarjita, gya amit medal ing jawi, tan winarna lampahe aneng dedalan.

14. Wus matur ing ratunira, sri Tatar rena nampeni, tandya ngumpulken pawongan, tigang atus kirang luwih, saupacara ngrawit, binarung ing gangsa umyung, myang prajurit lancaran, tan mawa gegaman siji, wusnya rakit sang nata anuli jengkar.

15. Ngrumiyini kondurira, marang ing Tatar nagari, ucapen malih utusan, ingkang dhateng Majapait, sami dipun dhawuhi, anganti neng bale agung, dene wong wadonira, sang Wiraraja dipati, kang angreksa pinernah mungging pondhokan.

16. Ya ta kang neng bale panjang, sinegah mawarni-warni, tan ana ingkang weweka, eca tyase sami bukti, wau kang sampun mranti, wong kalih sumedya ngamuk, Ken Sora Ranggawenang, mring bale panjang mrepeki, wadya tatar ingamuk lawan curiga.

17. Kedek keles kasulayah, pejah atusan myang kanin, kang kari aminta gesang, tinawan nulya ingirid, mring palabuhan sami, angusungi braneng prau, binakteng Majalengka, adulur selur samargi, sigeg gantya kocapa kang kinunjara.

18. Sri Jayakatong sru merang, muksa umesat tumuli, anyipta wukir polaman ing galuh telenging galih, nangka sarana mulih, ngulihi alam kang luhung, sabedhahireng Daha, rereged gusis sirna nting, katrinira pinudya wong sanagara.

19. Sira Sora Ranggawenang, myang Wiraraja dipati, katiga tameng upaya, kawawa mangsulken ing sih, wewales maring gusti, tuhu prawireng prang putus, tatas sandining gelar, tan wus wuwusen ing tulis, jejarahan tan pegat sadina-dina.

20. Ingusungan saking Daha, binekta mring Majapait, mas sesotya wastra arta, tuwin boyongan pawestri, sampun dinum waradin, suka tyase kang wadya gung, de sakehing tawanan, kang neng Wiraraja ugi, wus ingirid katur sang retna mring pura.

21. Binage-bage warata, kawratan wong sajro puri, Ken Pinatih kang mranata, dene kalih sang suputri, samya endah ing warni, sawastu ratuning ayu, lir gambar wewangunan, ingkang sepuh awewangi, Darajingga kang anom dyan Darapethak.

22. Kumpul lawan garwanira, sri Siwah Budha kang wus nis, tan ana sulayeng karsa, mangkana sang adipati, Wiraraja sah saking, Madura nulya kekuwu, neng Tuban sinung nama, arya Adikara mangkin, lan kang putra Ranggalawe dadya kempal.

23. Netepi ubayanira, rahadyan jumeneng aji, ingestrenan catur dwija, samya jumurung basuki, jumenenging nerpati, pinuja mantra mrih tulus, juluk Panji Wijaya, baudhendha nyakrawati, linulutan ing wadya anggung kasmaran.

XXVI. RANGGALAWE NAGIH PRAJANGJI DHATENG PRABU MAJAPAIT

ASMARADANA

1. Kocapa ing Majapait, enjang wanci bangbang wetan, punggawa wus pepak andher, sadaya sami sumewa, bupati manca praja, sowan datan ana kantun, tan dangu sri naranata.

2. Miyos saking kenya puri, ginarebeg pra biyada, kang endah-endah warnane, samya ngampil upacara tangeh yen den ucapna, kaluhuraning sang prabu, ratu agung binathara.

3. Cinendhak sri narapati, wus lenggah dhampar kancana, lir Hyang Asmara citrane, lengleng kang sami tumingal, ya ta kang caket ngarsa, sang Nambi warangka prabu, kalawan pun mantri Sora.

4. Alon ngandika sang aji: "Heh Nambi teka wus lawas, tan seba si Ranggalawe, baya lagi ewuh apa, patih Nambi tur sembah: "Dhuh gusti kanjeng Sinuhun, mbokmenawi taksih sayah."

5. Manggut wau sri bupati, kasaru ing praptanira, adipati Ranggalawe, sumembah mangaras pada, tumungkul dennya lenggah, suka ngandika sang prabu: "Padha rahayu praptanta.

6. Yayi bareng sira prapti, kaya wong anemu begja, lir wareg tan mangan ngombe, bungah tan nganggo sandhangan, mangkono upamanya, saka legane tyasingsun, atetemu lawan sira.

7. Banget nggon sun ngarsi-arsi, de sira tan nuli seba," umatur ken Ranggalawe: "Dhuh gusti sri naranata, yekti kalamun beda, kang tampi kekucah prabu, jinunjung pangkat papatya.

8. Lan kang tansah ngarsi-arsi, ganjaran tanpa wusana", kagyat sang nata galihe, duk myarsa ujar kadyeka, ngandika jro wardaya: "E e teka mambu semu, si adhi ture maring wang."

9. "Heh weruha sira yayi, sajumenengingsun nata, mengku Majapait kiye, kaya kaya wus warata, kabeh padha sun ganjar, sapa ta kang durung antuk, netepi ubayaningwang."

10. Ranggalawe awotsari: "Leres dhawuh padukendra, nanging pun patik jatine, dereng marem tampi kucah, kadi mangke punika, kawula peksa nyenyuwun, lir nguni ubayeng nata.

11. Angandika sri bupati, "Yayi mungguh karepira, wus sun galih sajatine, mung ngenteni masa kala, nora wurung kalakyan, sun paringken ganjaranmu, lan ganjarane si bapa.

12. Ranggalawe matur malih: "Punapa lelabetira, de Nambi sinengkakake, dadya warangkane nata, baya tan wonten janma, mangka yen pepantesipun, tan liyan kajawi Sora.

13. Apes-apese pun patik, nagari masa saea, kalamun pun Ranggalawe, kalawan mantri pun Sora, boten sami ingangkat, dadya warangkaning ratu, tamtu mung retu pinanggya.

14. Makaten tur amba gusti, ken Sora nambungi sabda: "Ah

pagene sira Lawe, ujarmu teka mangkana, de sira nganti lawas, boya sowan ngarsa prabu, tan kurang penget manira".

15. Sagung ingkang sami nangkil, siji datan ana ngucap, asru kemengan pikire, sang nata nulya wacana: "Heh yayi den saranta, sapa kang misesa mbesuk, sayekti ya amung sira."

16. Kang sinabdanawotsari: "Pukulun patik bathara, dahat tan suka jatose, yen pun Nambi mengku praja, nguni kadi punapa, trajangipun karya kusut, ina ing guna prabawa.

17. Nistha dadya warangka ji, dhuh gusti mugi engeta, sinten kang nanggulang kewoh, tan wonten ingkang kaconggah, kajawine pun bapa, teka mangke rebat unggul, sareng praja sampun tata.

18. Apa dene sira Nambi, ambeg murka ngangsa-angsa, tan wirang ngrebut kamukten, tetep mudha dama sira, wong mangkono yen nyata, padha prawireng prang pupuh, lah payo ametonana.

19. Wong jirih lumaku luwih, mara bedhatmu wetokna, awan bengi esuk sore, aja sira ngenak-enak, kari anemu wirya, sangganen dhisik bobotku, arok bandawala pejah.

20. Ken Nambi wirang tan sipi, jaja bang mawinga-winga, nanging sinantoseng tyase, enget aneng ngarsa nata, nor raga lungguhira, Kebo Anabrang duk ngrungu, wadana bang lir sinecang.

21. Dene ana kumawani, patrap dudu etrapira, ana ngarsaning ratune, meh tan kena sinayutan, pangudasmareng nata: "Heh yayi paran karepmu, salawase yen sewaka.

22. Tan ana turira yayi, mengko teka nambung lampah, baya ta uwis pesthine, sapa bisa amurungna, yen wus karsaning suksma, sakala dhedhet matedhuh, sedhih wong sapaningkilan.

23. Sri Brahma raja nulya ngling: "Dhuh kaki dipati Tuban, sira ywa mikir mangkono, paran kasidaning lampah, emanen asesanak, reh padha suwiteng ratu, den sareh pangarahira.

24. Para mantri keh njurungi, mring dhawuhe sang brahmana, mbeguguk sang Ranggalawe, tansah sru manguman-uman, Nambi cinamah-camah, Kebo Nabrang wengi muwus, "Heh Lawe kumenthus sira."

25. Lamun wani sira nuli, muliha njupuk gegaman, kerigen sanakmu kabeh, aja kakehan wicara, umuk lanang-lananga, sun anteni padha tangguh, tanggon prang aja ngucira.

26. Sang dipati Tuban aglis, mundur saking pasewakan, tanpa pamitan sang katong, sarwi nampel wentisira, sugal atilar swara: "Katuwone sang aprabu, weh wirang mring raganingwang.

27. Ngilangken labet tan becik, milala wong tanpa guna, si Nambi iku padhane, wadung putung tinatambal, ing sesotya kang mulya," gya mijil lampah sineru, kocapa sri naranata.

28. Adangu tan kena angling, giyuh sadaleming driya, de ana salah kadaden, wusana alon ngandika: "Heh Sora karsaningwang, yen si Nambi ingsun lungsur, lungguhe den gentenana.

29. Si Ranggalawe mengkoni, nguwasanana sapraja, paran rembugmu becike, Sora matur awotsekar, "Dhuh gusti sri narendra, mugi ywa narka mring ulun, miwah mantri Majalengka.

30. Sadaya ajrih ing pati, boten ta lamun mangkana, yen maksih pun Nambi wae, kalawan pun Kebo Nabrang, katigane pun Sora, yekti rumeksa sang prabu, tan ulap anyingkirena.

31. Rereged kliliping nagri, kang mbangkang karsa narendra, kadi ta pun Ranggalawe, wong angkara murang tata, ngrusakken kaluhuran, alancang pangucapipun, tan pantes neng ngarsa nata.

32. Kalamun pun patik aji, katempelana tyas murka, alega den sirnakake, ngandika sri naranata: "Iku yekti tan ketang, kang dadi panggalihingsun, mung pisahe sanak darma.

33. Tan lepat saking sang aji, ginalih pedah punapa, tumungkul pra mantri kabeh, sami tan ana kumecap, ya ta Nambi turira: "Kalamun pamanggih ulun, prayogi dipun jagia.

34. Pun Ranggalawe puniki, sampun ngantos tinaragal, Kebo Nabrang alon ture: "Kawula mangayubagya, kados Nambi punika, den anti paran ing laku, ing ngriki ajagajaga.

35. Njagani sawanci-wanci, dhatenge prajurit Tuban, sampun nguciwani tembe, sadaya kang asewaka, para mantri lan demang, rangga ngabehi wotsantun, njurungi ture Anabrang.

36. Suka wau sri bupati, miyarsa atur mangkana, gya dhawuh bubaran kabeh, srinata angenya pura, wadya asowangsowang, sadaya wus sami mantuk, mamangun yuda kenaka.

XXVII. RANGGALAWE DAMEL RISAKING WEWANGUNAN PRAJA

PANGKUR

1. Ucapen dipati Tuban, saundure saking ngarsa nrepati, akarya gegering wadu sami tanya tinanya, ingkang dadi darunaning runtikipun, de krura lir gajah meta, saweneh ana mangsuli.

2. Sang dipati arsa ngrurah, jroning pura nedya binosah-basih, marmane bale bang ambruk, sakane pinerangan, wewangunan rinusaka tan ana kantun, adhedheg gegamanira, kebekan samargi-margi.

3. Pekaranganing ki patya, wus kinepung mbethethet sru pinipit, pra mantri tan ana muwus, ya ta wau Ken Sora, mesem angling: "Pagene si Nambi iku, teka ering semunira, ya aku kang tadhah pati.

4. Mangka piwales sih nata, Kebo Nabrang bendu yayah sini-

pi, sigra denira acancut, kumudu tumandanga, nging pinenggak maring Pamandana gupuh, sarwi sinabdan mangkana: "Aja sira nggege kaki.

5. Iba dukane sang nata, yen peranga caket kalawan puri, yekti keh pakewuhipunsabab lamun tan kongang, ora wurung angungsi jroning kadhatun, marma becik binudia, prayogane den lakoni.

6. Sumambung Singa Sardula: "Yen karepku Sora mapaga dhingin, paripihen Lawe iku, darapon ngedohana, aja aneng segaran dimene laju, nyedhakana pawatangan, gampang rinebut ing jurit.

7. Wirabumi Jaranwahan, angrojongi sarta sareng dennya ngling: "Lawan yen pinrep ing pupuh, kapenak papanira, Lembu Sora umangsah sarwi amuwus: "Ah ah kebangeten padha, teka weh ribeting ati.

8. Mahisawagal angucap: "E Pangrupak lan Sadobaya kalih, sira karo kudu melu, padha anjenengana, memanuki lakune si Sora iku, yen ana duduning lampah, bisa padha ameruhi.

9. Sira kapracayeng nata, Ken Pangrupak gumuyu sarwi angling, "Lah begja temen awakku, dene pinindha wira, lah ta payo Tanjeg Areneng den gupuh, padha lumaku marana, Ken Sadobaya nambungi:

10. Katuwone si Pangrupak, teka ndadak warni-warni nanggupi, lawan Ranggalawe mungsuh, tan wus kang sesembranan, ya ta katon sang Ranggalawe duk ngremuk, ngrerusak kang wewangunan, sadaya binosah basih.

11. Kagyat tyasira duk mulat, sapraptaning sang Sora marepeki, ngalokro dahat alesu, curigane sinalah, panabdane: "Lah paman Sora ywa tanggung, nuli patenana ingwang, banget wirang ngong dumadi.

12. Sora mulat pulanannya, nora tega sabab sihe ngluwihi, puwara Sora kapiluh, sarwi mojar mangkana: "Heh anakku aja sira andalurung, apa ta nora rumasa, mring pamule sri bupati.

13. Tur ingaken sanak darma, sinung pangawasa ngambah jro puri, wus nora na sigan-sigun", Ranggalawe angucap: "Iya paman mulane ngong nglalu lampus, rehning wus anemu suka, ya kudu duka pinanggih.

14. Matiyeng daganing nata, nora nggrantes lila terusing batin." "Ah ah yen mangkono kulup, becik sira muliha, weha weruh maring kakang prakaramu, dadi nadyan tekeng pejah, tan sasar wus den rungkebi."

15. "Iya paman yen tan tega, amateni sira kalawan mami, ngong mulih sira akantun, den enak atinira, puluh-puluh yen wis pesthining lakonku, pati urip mung sumarah, ajur luluh ngong andhemi.

16. Sang Sora tan bangkit ngucap, ketang welasira marang ing siwi, si Pangrupak mungup-mungup, saking padoning lawang, kadengangan ing Ranggalawe cineluk: "He wulucumbuning nata, tekanira aneng ngriki.

17. Baya kinen matenana, lah mrenea patenana wak mami, kang sinengan sru kumepyur, gumeter miris maras, Tanjeg Reneng nyanthulani asru muwus: "Pagene sira pangrupak, teka tan arsa nauri."

18. "Mbok wakil kowe bae ta, aku ora bisa muni nyauri, Tanjeg Reneng nulya muwus : "Dhuh ki dipati Tuban, ngong tuturi ndika ywa kaliru surup, sajatine jengandika, kinasihan sri bupati.

19. Mesem dipati ing Tuban, sarwi kesah lampahe lumastari, anilar sesumbaripun: "Heh heh wong Wilatikta, sira padha ngati-atia ing besuk, tadhahana yudaningwang, mula ing rina lan wengi.

20. Ywa dhompo pamatekira, japa mantra myang aji wijayanti, becikana gegamanmu, wingwrin kang sami myarsa, ana ngucap: "Dhuh dhuh paran dadinipun, nora enak kang pinanggya, katuwone sira Nambi.

21. Heh batur dipun prayitna, sapa baya ingkang kelar nandhahi, si Ranggalawe puniku, gajah geng upamanya, aneng

alas diumbar temahan ngamuk, abangga budi sarosa, tan wurung ambilaeni.

22. Wau ta dipati Tuban, lampahira wus sah saking nagari, kang kamargan kekes mirud, kuneng sagung punggawa, jroning kutha gya nembang tengara umyung, adandan sikep gegaman, horeg praptaning paminggir.

23. Saiyeg arsa angepang, kutha Tuban ingkang dipun ambengi, arya Sidi milu nglurug, kalawan sira Tosan, Kidangglathik Cicakmuringang tan kantun, wonten malih kanthinira, anama Kalabangcuring.

24. Ingiring sakeh sanjata, sira wau rakyana patih Nambi, gegaman jejel aselur, ngebeki ing dedalan, kocap desa lorong praja keh rinayud, den irup dipati Tuban, wonge ting bilulung ngungsi.

25. Saweneh ana milu prang, kang tan ngidhep sami dipun pateni, jinarah rayah kinukup, geger ingkang kamargan, sapraptaning Tuban sang dipati tundhuk, kalawan sudarmanira, arya Dikara duk meksi.

26. Lamun mangke putranirakaton beneh solah bawane salin, nora kadi sabanipun, kumesar maras ing tyas, narka mampang lampah andaga mring ratu, kang dinuk liring gya mendhak, mring yayah nulya wotsari.

27. Pinekul lungayanira, myang sinabdan: "Paran wartane kaki, nggonira seba sang prabu, teka amung sadhela, sira tamtu sinuba-suba atuwuk ature kaworan wirang: "Bapa punika tan sisip.

28. Sanget pamule sang nata, anging ulun datan idhep pinuji, jroning cipta pamanipun, pandam dahat aminta, mrih padheming sasangka kadarpeng lengguk, kumropoking tyas kapetang, dene ta pun sato Nambi.

29. Mangke kinula wisudha, mengku praja mangka pramukyeng mantri, sakalangkung wirang ulun, aluwung tadhah pejah, weta gesang dadya paguywan tan wurung", duk myarsa atur mangkana, dangu datan bisa angling.

30. Arya Dikara kemengan, sihing putra tresna mring sri bupati, dadya keron tyas kapiluh, seret wijiling sabda: "Dhuh anakku aja sira grusa-grusu, peperen ardaning manah, lipuren prangana kaki.

31. Yen tan nut tindak utama, temah sasar cidreng sanak tur gusti, cidra ing parikrama dur, cidra marang sasama, wong mangkono patine dadya uler lur, nistha papa kang pinanggya, ruwaten rentengmu kaki".

32. Kang winarah tanpa ngucap, amung wirangira kandhas ing ati, tan nedya mingket sarambut, netepi ujar pisan, para mantri kang sewaka tan asegu, dhedhep tidhem tiningalan, sayenggar tyas sang dipati.

33. Nyana maleceng ubaya, dadya sumbar-sumbar sajroning ati, "Heh heh mantri saanamu, padha malika tingal, nora ulap lah padha rebuten aku, masa mundura sacengkang, iki terahing prajurit."

34. Sira Ranggalawe wenang, ngawe mantri mangka manggaleng jurit, si Gagarang aranipun, Tambakwisthi kalihnya, mantri pura iku kang padha amilu, para kuwu lurah desa, miwah para mantri Tubin.

35. Ki demang Wirapramoda, lan tumenggung nama Wiyoranggarit, Gelapangampar tinuduh, Ngabehi Prabangsara, Jagarupa Tamenggita malihipun, Wirasastra Napakbaya, Sawungindra Sulam tuwin.

36. Ki demang Wiraprakara, rangga Suranggana rangga Dhadhali, Jaranpikatan sumambung, gya rangga Sapujagad, Kanuruhan Baratkatiga tumenggung, myang tumenggung Puspalaya, Gerehkasapta tan kari.

37. Wulungrat Langlangbuwana, wusing ngumpul mendheg samya tur bekti, Ranggalawe wuwusipun: "He he mantri sadaya, payo padha bebarengan soroh amuk, bareng urip bareng pejah", sadaya ingkang tinari.

38. Samya umatur sandika, nedya labuh bareng sabaya pati, Ranggalawe geng tyasipun, nulya aken siyaga, amepaka

gegamanireng prang pupuh, mantri siyagang ngayuda, abeleg sanjata prapti.

XXVIII. CAMPUHIPUN WADYA MAJAPAIT KALIYAN WADYA ING TUBAN

39. Ri ratri adadar-dadar, tanpa towang andrawina menuhi, gong beri tinitir umung, horeg nagareng Tuban, tan kawarna prajurit ing Majalangu, tempuh prang wetaning toya, neng Tambakberas kapanggih,

40. Dadya campuh dreg-udregan, wadya Tuban lan wadyane sang Nambi, ukel okol lan mapeluk, ana tumbak-tinumbak, kathah longe prajurit ing Majalangu, gya ngadeg aneng sakatha, sirarekyana patih Nambi.

41. Atuduh bala mring mangsah, sira Wahan atandhing lawan Sidi, kasoran Wahan prangipun, kya patih tetulung prang, Wahan tangi angancap Sidi sinuduk, titis pejah kapisanan, kancane mantri nulungi,

42. Kathah kang abela pejah, weneh nungkul lumaku den gesangi, ana kang banjur lumayu, angungsi maring Tuban, sinurakan swarane lir wukir guntur, wus katur sang adipatya, pejahe sang arya Sidi.

43. Sapih kang abandayuda, duk samana wus wayah tunggang ardi, prajurit ing Majalangu, nulya mangilen nabrang, sagegaman muntap gambira ing semu, cipta ngremak nagri Tuban, surake mawanti-wanti.

44. Binarung ing tetabuhan, swara umung gurnita nggegeteri, suruping arka wus rawuh, nganciki nagri Tuban, gya kekuwu wuwusen ing enjingipun, mantri Tuban wus samapta, mapag srinataning jurit.

XXIX. PATIH NAMBI KAPLAJENG

SINOM

1. Ucapen kiya dipatya, dahat dennya ngarih-arih, mring gar-

wane karo pisan, dyah Mertaraga pituwin, sira dyah Tirtawati, kalihe samya yu ayu, lir kembar citranira, tur sami bekti ing laki, kawlas arsa de arsa tinilar priya.

2. Tan winarna solahira, sang kakung pamit ing estri, sampun angrasuk busana, ki dipati tuhu sigit, sigra medal ing jawi, pinapag surak gumuruh, gong beri bebarengan, bendhene munya tinitir, tanpa rungwan kadi roging kang parbata.

3. Wusnya lenggah sang dipatya, ingadhep sagunging mantri, micara caraning yuda, mateng dennya gunem pikir, sira kya patih Nambi, kang kumasura kumlungkung, miwah sawadyanira, arsa kinepung tumuli, mring wong Tuban mrih rupek katebaning prang.

4. Jaranpikat mangka muka, kalawan si Tambakwisthi, Wiyaganggrit myang Dhadhalya, Si Sirah ingkang nenggani. Suranggana mantesi, Wiraksara rowangipun, Sawungindra lan Sulam, Kanuruhan datan kari, kanemira sira si Gerehkasapta.

5. Ingkang memayungi kanan, Wulungrat lan Tamenggati, tumenggung Puspalaya, Baratkatiga nyukupi, kang mangka siyung kering, demang Wirapramodeku, Prabangsara Gelapngampar, demang Prahara ngganepi, kang neng wuntat sira arya Sapujagad.

6. Kalawan ki Napakbaya, ki Jagarudita tuwin, katiga Langlangbuwana, ing angga sang adipati, sampun wangsit winangsit, dennyarsa manukup mungsuh, ya ta ing praptanira, martuwane sang dipati, yeku kyageng Palandhongan gita-gita.

7. Gegetun sarwi wewarah, mrih wurunge mangun jurit, nanging sabar tanpa karya, kyageng gya wangsul tumuli, kararantan ing galih, samargamarga rawat luh, wau sang adipatya, wus budhal kebut lumaris, gegancangan sadaya tan tolih wuntat.

8. Neng marga sampun kapapag, lawan prajurite Nambi, atempuh along linongan, tan ana kang ngucap ajrih, rame de-

nira jurit, pepati asungsun timbun, mantri kathah kang pejah, wong Tuban anujah wani, dangu-dangu wong Majapait kasoran.

9. Nambi kesisan ing wadya, undure masemu miris, linud dening wadya Tuban, kang kacandhak den pateni, sigeg kang pinalecit, kocapa wau sang prabu, lenggah siniweng wadya, pepak kang sami anangkil, resi aji bujangga lan mantri wredha.

10. Pamandana myang Pawagal, Singasardula Apanji, ing wuri para satriya, Lembusora aneng ngarsi, Kebo Nabrang njajari, jejel kanan kering sambung, Setankobar lan Modang, Dumungterung Gagakmohi, Banyakwidhe Kalagumarang lan ngasag.

11. Bandhotan lan Atatsekar, Mayangmekar den sisihi, Kanuruhan Padelegan, Kebo Lelateng nyambungi, Jawisarancang nangkil, ngabehi demang supenuh, mblabar tekeng bale bang kadi robing jalanidi, umob gebal prayitna saha warastra.

12. Ngandika sri naranata: Heh Sora paran kang warti, sinambi ing lakunira, Lembu Sora atur bakti, "Gusti pamireng patik, arya Sidi prapteng lampus, tuwin Klabangmuringang, kapikut pun Kidangwesi, Tambakosi punika ingkang merjaya.

13. Majeng mangilen anyabrang, wadya paduka narpati, manawi lajeng prangira, wonten ing Tuban samangkin, panginten amba gusti, wit dangu antawisipun", manggut jeng sri bupatya, kasaru gegering jawi, karenggosan Angsaterik praptanira.

14. Sarwi ngirid wong kabranan, gya kinen mriksa tumuli, kang kataton dodot pethak, winingkis pupune kalih, atuntunan lumaris, kanggeg sang nata andulu, Angsaterik samana, dinangu ing sri bupati, marek ngarsa matur sarwi awotsekar:

15. "Dhuh gusti tur pejah gesang, ina kawula dadyabdi, de

maksih tresna ing gesang, tan ngetang kucah nerpati, kanggeg sri narapati, angartika jroning kalbu: "Baya kasor prangira, puwara ngandika ririh: "Kaya apa polahe kang padha aprang."

16. Angsaterik aturira, miwiti malah mekasi, sasolahireng ngayuda, sadaya tan wonten cicir, sor mantri Majapait, miwah Nambi kengseripun, linud dipati Tuban, sang nata masemu runtik, dene Nambi kaplayu binujung mengsah.

XXX. SANG NATA DHAWUH NGEMPALAKEN WADYABALA INGKANG SAMI KAPLAJENG

17. Nulya dhawuh sri narendra, arsa anjenengi jurit, Ken Sora matur wotsekar: "Punapa rinembag malih, ulun sadaya sami, anganti dhawuh sang prabu, mangke sampun siyaga", Kebo Anabrang ngrojongi, asesumbar nedya angiles wong Tuban.

18. Sang nata mesem asuka, gya dhawuh rerempon jurit, sandika asmu gambira, para mantri Majapait, dene jinurung gusti, Singasardula gya matur; mengkul pada sri nata: "Dhuh gusti sri narapati, mugi-mugi paduka sampun kagean.

19. Kedah mrih ecaning lampah, tinata traping pakarti, memulih tyasing punggawa, ywa kongsi ngucireng westhi, Pamandana anyambungi, anembah matur sang prabu: "Gusti sri naradipa, prang dalu tan mikantuki, sampun kathah gusti katatalanira.

20. Pejahe pun Brajadenta, inggih cinidra ing wengi", manggut karenan sang nata, dadya angutus ing mantri, pun Kalangerak kanthi, Setan Kobar kancanipun, kalawaan Butangasag, juru prakosa tan kari, kinen mangkat ngumpulna para punggawa.

21. Miwah pra mantri sadaya, kang sami kasoran jurit, tuwin kang sami keplajar, aniti priksa ananing, tata gelaring jurit, sapira boboting mungsuh, wus ginanjar busana, myang kuda titihan jurit, ingiringken gegaman watara dhomas.

22. Jengkar wau sri bupatya, prasidaning nglurug benjing, bubar kang sami sumewa, sanega saeka kapti, dandan kaprabon jurit, gong beri tinembung umyung, mangun suka ndrawina, sakuwu-kuwu melingi, anggupita tingkahing wong andon yuda.

XXXI. SANG NATA DHAWUH AMBUDHALAKEN PRAJURIT

23. Wuwusen ing enjangira, tengara sampun tinitir, gurnita teteg sauran, horeg punang tandha mantri, dulur sanjata mijil, beleg lir ilining ladhu, papan papan kebekan, bentet ingkang margi-margi, tanpa sela wadya samapteng ngayuda.

24. Para wirandher neng ngarsa, sira Sora Ranggawani, Anabrang Gagaksarkara, Mayangmekar datan kari, sampun sami miranti, sawiyosira sang prabu, mabusana sarwa bra, retna muncar anelahi, ingiringken saupacareng karatyan.

25. Nulya dhawuh abodholan, budhal nglurug para mantri, tan tumut Kebo Pawagal, karia tunggu nagari, Pamandana ngrowangi, pinalih lampahing wadu, brahmana lan satriya, bujangga rumekseng puri, Kanuruhan Padelegan tengga praja.

26. Ingkang lumampah ing ngarsa, Jagawastra anindhihi, sami wahana turangga, lir jamur anjrah ing siti, Jagabela nyambungi, aselur tinon kadya lur, swara rug magoraya, sakeh para wira mantri, sawadyane gegolongan urut tata.

27. Tan lingen rengganing lampah, sri bupati nitih isthi, arane sang Isabraja, pinalanansarwa rukmi, lir hyang Kesawamurti, ingkang neng wuri sang prabu, mantri kalih gegala, Sardula lan Wirabumi, nitih rata aceciri dwaja kresna.

28. Prapteng tegal Wirakrama, mantri ingkang dadya telik, matur maring sri narendra, lamun sagunging pra mantri,

kang kaplajeng angungsi, dhateng ing dhusun ngadhusun, mangke sampun ngalempak, de kang sami nandhang kanin, ingusungan binekta mantuk mring praja.

29. Wadya ing Tuban sadhiya, sagelar sapapan jurit, wonten sakidul nagara, mesem wau sri bupati, nulya dhawuh mring mantri, Jagawastra kinen ngragum, anata gelaring prang, sandika kang den dhawuhi, andum karya ambarisi mungsuhira.

30. Tengara munya sauran, binarung surak mawanti, kagyat prajurit ing Tuban, kanggeg lampahe neng margi, cangkelak wangsul malih, Wanakrama kang kinayun, kandheg sang adipatya, Gagarangan Tambakwesthi, samya matur yen mungsuhe wus satata.

31. Aglar kulon kidul wetan, nggabag gegaman miranti, kebekan tan wonten sela, mesem wau ki dipati, sarwi ngandika aris: "Sanadyan wong Majalangu, kadi gunung pawaka, nanging nora wurung miris, yen wis weruh marang kaluwihaningwang.

32. Lah kulumpukna aja pencar, den rampak sakeh prajurit, aja na kurang prayitna, yumangguh sang Tambakwesthi, enjing anempuh wani, Banyakwidhe barisipun, nulya campuh ayuda, rame rok asilih ungkih, long linongan tan anggop arebut sura.

33. Baratkatiga umangsah, Ulabandhot tan ngembari, Baratkatiga kasoran, Gagarangan anulungi, Bandhotan angemasi, sinuduk jajane butul, niba saking turangga, tinigas murdane aglis, surak umung kadi rubuhing acala.

34. Setan kobar krodha muntab, kathah dennya memejahi, gya pinapag Ken Garangan, tan ana angucap ajrih, tan dangu wus ngemasi, Gagarangan sor prangipun, Gerehkasapta mangsah, Setankobar kasaliring, salangira terus gigir keneng tumbak.

35. Banyakwidhe tetulung prang, Pramoda ingkang nadhahi, sor titih wong Majalengka, pangawat kiwa wus gingsir, lumayu sami ngungsi, Brajasela awas ndulu, jaja bang winga-

winga, kadi buta anon daging, ngangah-angah lir angemah mengsah Tuban.

36. Mantri kang baris ing wetan, tumandang pareng ngebyuki, Banyakmodang pepulih prang, Gerehkasapta atandhing, lan Kalangerak jurit, perang aneng jroning banyu, Gerehkasapta pejah, arya Sapurat medali, nulya campuh prang rame lan Kalangerak.

37. Angembuli buta ngasag, rebut rok ruket meh silib, genti sor titihing aprang, payudan abanjir getih, pati-pati nggagapi, Kanuruhan ngamuk punggung, lir bantheng tawan brana, Banyakmodang nanggulangi, Kidangglathik angembuli Kanuruhan.

38. Wus pejah kena tinumbak, Banyakmodang ambanyaki, sinuduk ing Kanuruhan, Juruprakosa nulungi, teka mrajaya titis, Kanuruhan pejahipun, dan Ken Brajasela prang, lan Prabangsara ngemasi, temah larut wong Tuban samya keplajar.

39. Tinututan sinurakan, den lud sagunging jemparing, pepati tanpa wilangan, demang ulungbwana runtik, myat laruding wadya lit, saking kuda jog tumurun, cek nyendhal watangira, prakosa tuhu ngajrihi, miwah sira tumenggung Wiyagranggora.

40. Samya ngamuk derah pejah, asru ngucap mrih nenangi, maring prajurit ing Tuban: "Heh heh sira para mantri, lan sakehing prajurit, aja na giris lumayu, den tetep tyasmu padha, idhepna pamalesing sih, sihing gusti kurup urupana pejah.

41. Benjing yen unggul ing yuda, kasorna wong Majapait, sira kabeh nemu wirya, ngong ugung kena memilih, desa kang becik-becik, dadia ganjaran besuk, gambira tyasing bala, sadaya sami pepulih, swara umung munya kang tabuh-tabuhan.

42. Bangun malih kang ayuda, acampuh bedhil binedhil, saweneh tumbak-tinumbak, asuduk-sinuduk genti, kathah

longe kang mati, kaseser wong Majalangu, ngungsi sri naranata, Brajasela prange kontit, mangkin muntab punang sanjata ing Tuban.

43. Horeg ing wuri praptanya, sang dipati anindhihi, sarwi nitih kudanira, Nilaambara kang nami, jamus ulesing wajik, tuhu tan kuciweng semu, saking lor ngirid wadya, kadi aluning jaladri, kagegeran barise wong Majalengka.

44. Kulon wetan palarasan, ya ta wau sri bupati, aneng saluhuring liman, mirsa playuning prajurit, sar-saran giris miris, jaja bang malatu-latu, kalangkung dukanira, ananging dupi udani, mring dipati ketang tresnaning sesanak.

45. Eman yen tumekeng pejah, dadya mangu tyas sang aji, ya tenggal sang Sora prapta, matur sarwi awotsari: "Pukulun sri bupati, dipun prayitna ing kewuh, mangke pun Lawe prapta, mrepek redyambek pati, keparenga patikbra napag yudanya.

46. Manggut sang nata karenan, Ken Sora gya nata baris, tetindhih pinatah-patah, Kebo Nyabrang wus piniji, ing wetan nbebarepi, Gagaksarkara nggyanipun, ing kulon barisira, Mayangmekar lor kang baris, sanjata bra kadya nahendrakusuma.

47. Ingunggar manahing wadya, sinebaran warah jati, utamanireng punggawa, mangka pamales sih gusti, gambira tyase sami, wus tempuh rame prangipun, peteng lebu limengan, pepati tumpang atindhih, ing payudan dadakan banjir ludira.

48. Ki demang Wirapramoda, Jagawastra kang mejahi, de wau si Butangasag, Ulungrat ingkang mejahi, Sapigumarang tuwin, Kebo Lalalteng linampus, dening Wiyagranggora, Wiyaanggora ngemasi, dening Ula Dumung datan nandhang brana.

49. Keneng mandining kang wisa, Sawungindra gya nandangi, Uladumung patinira, Gagaksarkara ajurit, lan Ulungrat silyokih, Ulungrat tan dangu lampus, Ranggalawe manengah,

saya rame kang ajurit, nora ketang mungsuh sanak lawan kadang.

50. Ken Sora gut-guten mangsah, nudingi ki adipati: "Heh Lawe pagene sira, wani nempuh sri bupati, becik sira lumaris, mangetana sira iku, Ranggalawe nggraita, manegtan anuli bali, tempuh lawan Kebo Nabrang tandhing yuda.

51. Ken Mayangsekar memalang, ngalangi sang adipati, ki tumenggung Puspalaya, teka nglayani ing jurit, pinrang baune kering, kontal saking kudanipun, nulya males anumbak, kalihe bareng ngemasi, pecattandha Terung anjog saking kuda.

52. Ngalangi ki adipatya, Gelapngampar anandhingi, kena sinuduk jajanya, kantaka gumuling siti, Baratkatiga runtik, pepulih amatang asru, nulya gebang ginebang, putung watang genti keris, Ranggajalak amanah saking iringan.

53. Keneng tenggeg kapisanan, Baratkatiga ngemasi, Langlangbuwana palastra, Atatkembang kang mejahi, Kebo Nabrang mbek pati, pangamuke saya ngiwung, pinarbutan ing kathah, tan mendha mangowak-awik, ngiwa nengen memati mungsuhe dhadhal.

54. Mangke wus ayun-ayunan, lan Ranggalawe dipati, Kebo Nabrang yen sinawang, kadi sri Rahwana aji, sang Lawe lir Sumantri, samya prawira prang tutug, dangu tan na kasoran, Nilaambara nututi, kinalihan Kebo Nabrang karepotan.

XXXII. PEJAHIPUN RANGGALAWE SARENG KALIYAN KEBO ANABRANG

55. Nulya doh dennya umpetan, neng pinggir lahar anganti, ki dipati angupaya, prajurit ingobrak-abrik, singa katrajang gusis, wangke mbalasah tan ketang, dangu-dangu katingal, ki Kebo Nabrang neng warih, asilulup sarwi nyawuk-nyawuk toya.

56. Kinarya akurah waja, ki dipati amrepeki, linumpatken kudanira, kudane pinrang ngemasi, anjog sang adipati, acampuh neng jroning banyu, sor titih sang dipatya, murdane tinigas nuli, rahnya muncar abang ngebaki narmada.

57. Atri gumuruh kang surak, kadya sundhul ing wiyati, awor prabawa ruhara, sira sang Sora gya prapti, esmu wirang duk uning, Kebo Nabrang dennya nyakup, ngundha-undha murdanya, pulunane sang dipati, sarwi ngagar-agarken curiganira.

58. Ana tinon kadya lintah, gumremet anurut wuri, jatine uruh awor rah, sang Sora asru dennya ngling: "Heh heh sira tingali, putih-putih apa iku, aneng walikatira, baya lintah angremeti, Kebo Nabrang saking kageting tyasira.

59. Pinerang walikatira, dening kerise pribadi, sakala anuli pejah, sapih kang sami ajurit, wong Tuban bubar ngungsi, ucapen wau sang prabu, wus ngaturan uninga, pejahe sang adipati, Ranggalawe bareng lan Kebo Anabrang.

60. Legeg dangu tan ngandika, gya tumedhak saking esthi, Lembu Sora praptanira, angrangkul pada nerpati, matur saha wor tangis: "Dhuh gusti pepundhen ulun, mangke abdi paduka, para wira para mantri, kathah longe pejah ngasmara dilaga.

61. Sangsayemeng sri narendra, matrenyuh karaseng galih, kumembeng waspa duk mulat, ing bala kang sami prapti, sadaya nandhang kanin, warna-warna solahipun, ana kang tukup jaja, saweneh nutupi gigir, pating slenggruk tangise kawelas arsa.

62. Myang ana kungkum ing toya, sangsara amijet kanin, akathah lamun ingucap, wancinya wus tunggang ardi, wadya kang sami prapti, saya kathahe lur-selur, para mantri punggawa, pepak marek sri bupati, lah ing ngriku samya andhandhang sarkara.

XXXIII. BOJONIPUN RANGGALAWE KALIH PISAN SAMI BELA PEJAH

DHANDHANGGULA

1. Sigra dhawuh wau sri bupati, angumpulken sagung sasawa, para mantri sadayane, kang lena madyeng pupuh, ri wusira ndhawuhken malih, layone sang dipatya, rinukti kang patut, ya ta sampun linaksan, sigeg ganti kocapa kang samya kingkin, horeg sabumi Tuban.
2. Juru pangalasan tur udani, marang sira arya Adikara, lamun kang putra pejahe, bareng wadyabala gung, para mantri tan ana kari, sami sirneng palagan, tyasira syuh rempu, garwa kalih kang tinilar, dahat dennya kantaka agentigenti, swareng tangis gumerah.
3. Ya ta sampun pahyas garwa kalih, nedya bela pejahireng raka, lenggah neng madyaning made, pinajang sri dinulu, upacaranira rumanti, miwah sang estri wredha, wus lenggah neng ngriku, anjajari sang yun muksa, amemarah suraseng sastra darmadi, ingadhep pra pawongan.
4. Kyageng Palandhongan nulya prapti, sakaliyan sarwi asamapta, kang dadi ubarampene, wong arsa bela kakung, sang dyah kalih tandya nungkemi, manuswa padeng rama, miwah padeng ibu, pinekul lungayanira, anglud karuna pra sami, karya angres ing driya.
5. Arya adikara prapta nyapih, mring kang samya nandang kawlas arsa, ngrerapu memulih tyase, mangkana wuwusipun: "Dipun sami narimeng pasthi, yayi mugi engeta, lelakon rumuhun, sang nata yekti kengetan, duk kapesan rinusak nateng Kadhiri, ngungsine mring Madura.
6. Tuwin kathah atur-atur mami, myang sandining lampah dadya arja, tan lyan pun raka tuduhe, kasembadan sang prabu, amengkoni sanuswa Jawi, kyageng ing Palandhongan, jejer duk angrungu, sarwi angusapi waspa: "He kiraka kalamun makaten yekti, saene sinambungan.

7. Luhung sami met misil pakolih, mrih lunture panggalih sang nata, wayah andika samangke, Kudajampyani iku, den sebakna ngarsaning aji, sang arya Adikara, alon sauripun: "Heh yayi luwih utama, benjang kula pribadi ingkang angirid, dhateng ing Majalengka.

8. Telas sabdanira risang kalih, nulya dhawuh anabuh gamelan, pinisuka dyah kalihe, kang sami setyeng kakung, upacaranira mepeki, sadalu sukan-sukan, warnanen wus esuk, adandan sigra lumampah, nitih rata ginubah-gubah angrawit, sang arya Adikara.

9. Ngater lampah nganthi putra kalih, kyageng Palandhongan atut wuntat, kocapa malih enjange, kang kari aneng dhusun, Wanakrama sagung prajurit, mantri ing Majalengka, taksih sami kumpul, duk wau sri naranata, siniwaka ingadhep sagunging mantri, alon andikanira:

10. Heh ta Sora paran kang wewadi, de rabine yayi Ranggawenang, tan mbelani ing patine, Sora nembah umatur, "Mangke maksih lumakweng margi, kasaru praptanira, saking ler kadulu, upacaranira sang dyah, putri kalih garwane sang adipati, neng tangganing padhatya.

11. Warnanira kalih amlas asih, karya trenyuh kang sami tumingal, ya ta wus tumedhak age, sang nata dupi ndulu, angandika sri narapati: "Heh Sora sapa ika, kang angater laku", Ken Sora matur wotsekar, "Inggih gusti pun arya Dikara tuwin, ki ageng Palandhongan.

12. Kang den emban sutalit puniki, Kudajampyani bilih tan lepat, tetilare Ranggalawe, sang nata wlas nabda rum, "Lah ta sora sira dhawuhi, banjura lakunira, den parek lan ingsun", dhawuh sampun linaksanan, wang kalih gya makidhupuh mangenjali, manguswa padeng nata.

13. Sarwi matur kalihe wor tangis: "Dhuh sinuwun pepundhen kawula, pejah gesang amba mangke, sumanggeng karsa prabu, saking dahat ina pun patik, de suta tan nut warah, mbalela ing ratu, sang nata angres miyarsa, kami wlasen aseret wijiling kang ling: "Lah bapa Wiraraja.

14. Wis wis aja sira ucap maning, kabeh iku pepesthening titah, prihatin wus tanpa gawe, sayekti begjaningsun, darbe sanak nora lestari, nanging tan jeneng pejah, amung nir kang kayun, tanpa wekas ing rerasan, duk puniku Singasardula wotsari, umatur mring sang nata.

15. "Kasinggihan dhawuh sri bupati, anetepi sakramaning praja, anut tamaning pamase, suka duka myang layu, atas saking karseng dewa di, Sora dyan winangsitan, de sira sang prabu, gya marani lon sabdanya: "Lah ta iku layone lakinta nini, wulung lelurubira.

16. Sang kaswasih samya marek ngarsi, ngraup padanira sri narendra, karo wus linilan lengser, prapteng daganing kakung, atur sembahmasemu tangis, lurube ingungkapan, katon warnanipun, kang lena karya asmara, garwa kalih genti-genti anungkemi, sarwi lara karuna.

17. Pasambate angierujit ati, kalihira ngasta dhuwung ligan, nulya sinungkeman age, ngandhap pranaja anrus, ambruk sareng awor lan laki, ya ta wus binresihan pinancaka murub, nulya linarung samodra, sirna kuwandane sampurna ing warih, bali maring kamuksan.

18. Winrusita mangke sri bupati, budhal kondur tuwin wadyabala, prapteng nagara arame, sampun manjing kadhatun, mundur mantuk kang para mantri, samya sewang-sewangan, cinendhak sang prabu, anutugi karsanira, sih sinihan lawan kang karya wiyadi, yeku dyah Darapethak.

19. Sang nata wus peputra sawiji, miyos priya pekik warnanira, Kala Gemet jejuluke, dene ta arinipun, radyan Kuda amerta nami, saking sang retna mudha, putra malih kakung, tan siwah lawan kang raka, warna bagus sinung peparab mantesi, Cakradara Kusuma.

20. Wimbuh karta arjaning nagari, sangsaya gung kotamaning praja, karsanya sang nata mangke, gantya jejulukipun, Sri Wijaya Rajasa aji, misuwur sabuwana, kalamun sang prabu, titise sang Narasinga, sinengkalan jumenenge narapati: rasa rupa dwi candra (= 1216).

21. Diwasaning putra sri bupati, ingkang nama radyan Cakradara, den jumenengken pamase, neng Kadhiri ngadhatun, lulus jenengireng nerpati, radyan Kuda Amerta, uga wus jinunjung, den jumenengaken nata, angrenggani aneng Koripan negari, lestari tan sangsaya.

22. Ya ta genti cinarita malih, kang neng Tuban arya Adikara, karantan-rantan manahe, nulya sowan sang prabu, marang Majalengka nyuwun sih, ganjaraning ubaya, sang nata wus mulung, bumi kidul wetan praja, tekeng Pasir dalah jurang lan wanadri, pinaringken sadaya.

23. Sasampune ganjaran tinampi, tanpopama sukaning wardaya, kocapa wau sutane, tilarane kang murud, ingkang aran Kuda Jampyani, wayah arya Dikara, neng Tuban samulur, anggenteni waris bapa, pinasrahan bumi ganjaran nerpati, tetep jeneng dipatya.


24. Amangsuli nagri Majapait, sira prabu Wijaya Rajasa, Winongwong ing jawatane, kaonang-onang kasub, tanpa sama samaning aji, nyakrawarti ing jagad, sadaya sumuyud, jrih asih sungkem susetya, tanah Jawa tan ana mbarenjul siji, ngidhep ing Majalengka.

25. Tan winarna praptanireng wangkid, puput panjenengan naranata, jro pura gumrah tangise, sapraja bela umyung, abusekan punggawa mantri, sampun atur uninga, putra kalihipun, rajeng Daha lan Koripan, sareng-sareng praptane ing Majapait, cinendhak kang carita.

26. Wusing layonira sri bupati, sinucenan gya pinaripurna, sacaraning ratu gedhe, kinurmatan kalangkung, sinarekken neng santa puri, pinengetan ing warsa, semu kalih atus, seket pitu (= 1251) petangira, Majapait kang gumantya narapati, Kala Gemet rahadyan.

27. Yeku putra kang sepuh pribadi, mangkya jejulukireng narendra, angemper-emper ramane, abebisik sang prabu, Sri Rajasa kerta nagari, tentrem sapraja arja, nging jumenengipun, tan karya mareming wadya, lir pinugut puput panggupiteng kawi, winantu gung pudyarja.

PERPUSTAKAAN
PUSAT PEMBINAAN DAN
PENGEMBANGAN BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN
DAN KEBUDAYAAN



bp PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

